Халикова М.Х., Езидова М.И.

2-чу КЛАССЕХЬ НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН ДАРСАШ

Методически гIо-Iамат

Хьехархошна гIоьнна

АО «ИПК «Грозненский рабочий» – 2023

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)
ХІ7

ХІ7
Халикова М.Х.
Уроки чеченской литературы во 2 классе. Методическое руководство к учебнику «Чеченская литература. 2 класс» / Халикова М.Х., Езидова М.И. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2023. – с.
ISBN 978-5-4314-0544-0

Методически куьйгалла «Нохчийн литература. 2 кл.» Іаматца болх бечу йуьхьанцарчу классийн хьехархошна лерина ду. Куьйгалли тІехь йалийна Іаматца йогІуш йолу урокашна лерина планаш.

Методически куьйгалла догІуш ду йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца.

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)

ISBN 978-5-4314-0544-0

© Халикова М.Х., Езидова М.И., 2023
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2023
Все права защищены

Лараме хьехархой!

Вайн куьйгалхочо, Россин Турпалхочо Кадыров Ахьмадан Рамзанан тІедилларца зорбане йевлла ФГОС-н лехамашца нисйина йолу литература йешаран керла Іаматаш.

Цунна тІетевжина, оха шун тидаме йуьллу йуьхьанцарчу классан ненан меттан дешаран дарсехь хьехаран методикин гІо-Іамат.

ГІо-Іамат лерина йу Бадаева А.С., Алева З. Л-А., Халикова А.Х. хІоттийнчу керлачу «Нохчийн литература. 2 класс» Іаматца болх бечу хьехархошна. Шуна карор ду литература йешарна леринчу урокан планаш. Программа кІиранах ши урок дІайахьарна лерина йу.

ХІокху методикин гІо-Іаматехь коьрта тидам тІебахийтина дешархойн нохчийн маттахь йешаран хьелаш кхиорна а, билгалбаьхначу авторийн керла говзарш йовзийтарна а, церан коьрта маьІна даста дешархой Іаморна а. Къаьсттина билгалдаккха лаьа, хІара методикин гІо-Іамат, Іаматехь болчу турпалхошца дІахьош хилар. Цаьрца шун аьтто хир бу берийн литературица долу гергарло чІагІдан а, керла говзарш йовзийта а.

Методикин гІо-Іамат шена чохь тайп-тайпана тІедахкарш а, дешархочун дог-ойла тІейерзоран Іалашонца ловзаран кепехь йазйина керла байташ а, къамел кхиорна тІехьажийна шардарш а, дешархойн самукъадерадолчу кепара хІиттийна СадаІаран минот.ашкахь пайда эца ловзарш а, говзар йоьшучу хенахь дешархойн аз а, йиш (ритм) а тойарна, рефлекси йан оьшу а ловзаран кепехь долу тайп-тайпана тІедахкарш а, карточкаш а долуш йу. ХІокху гІо-Іаматех гІо хир ду ловзаран кепехь урок дІайахьа а, дешаран хьелаш кхолла а, исбаьхьаллин литература йешарехь дешархойн тидам тІебахийта а.

Методикин гІо-Іаматехь оха шуна гойту, шара чохь бовза беза авторш а, церан кхолларалла а.

Цул сов, билгалбаьхна дешархоша бан беза кхоллараллин белхаш а, цаьрца йоьзна тайп-тайпана проекташ а.

Хьоме хьехархой! ХІокху методикин гІо-Іамато аьтто бийр бу аьлла хета тхуна, урокана кхачам боллуш кечам байта а, йийца лерина тема дешархошна кхетачу кепара йаста а.

ХІара гІо-Іамат шун беркатечу балхахь, вайн берашна нохчийн мотт, литература Іаморехь некъан накъост хилла дІахІуттур йу аьлла, дог тешна ду тхо.

Дарсан цIе: **ДЕМЕЕВ IАЛАВДИ. «НОХЧИЙЧОЬ»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Демеев Iалавдис йазйина «Нохчийчоь» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду шера а, нийса а йеша.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду, шайна хьалха хIоттийнчу дехаре хьаьжжина, дешаран декъехула билгалдан лерина рг къасто а, цуьнан мах хадо а.

Личностни: байт йешначул тIаьхьа дешархошна хуур ду шаьш йешначу исбаьхьаллин говзаран мах хадо а, цунах лаьцна шайна хетарг ала а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка.)

• **Ойла тIейерзор.**

Горгали вайна бекна
Йолалуш йу вайн урок, -
Вай го бина Iаш ма ду,
ГIовгIа ца йеш доьшуш ду.

• **Къамел шардар.**

ДУ – ДУ – ДУ – Арахь хаза Iалам ду,
ВУ – ВУ – ВУ – Дада мангал хьоккуш ву
ЧА – ЧА– ЧА – Кечбеш нанас мерза кхача,
ЗА – ЗА – ЗА – Дика доьшуш Iийр ду хаза.

– ДIайеша олхазарийн аьзнашца.

– ДIайеша меллаша.

– ДIайеша сиха.

Дарсан цIе а, Iалашонаш а йовзийтар.

– Бераш, Iаматан 7-гIа агIо схьа а йиллина, дIайеша хьовсий вай говзаран цIе?

– Мила ву-те и говзар вайна йазйинарг? (Берашка йоьшуьйту авторан цIе. – I. Демеев).

– ХIун Iалашо йолуш йоьшур йу хаьий шуна вай хIара байт? (Нийса а, шера а йеша Iамар).

• **Актуализаци.**

Хьехархо: ЛадогIа, вайн жимачу иллиалархочо Нохчийчоьнах лаьцна олучу иллига («Нохчийчоь» цIе йолу илли хозуьйту). Муьлха сурт хIутту шун ойланехь Нохчийчоьнах лаьцна? ХIун ойла кхоллало шун, цуьнга ладоьгIча? Ткъа хIинца вайн уьн тIехь йаздинарг деша хьовсий, вайн дарс стенах лаьцна хир ду ала. (дарсан цIе йоьшуьйту берашка).

– Нохчийчоь – иза хIун йу? (Вайн Даймохк, хьоме цIа, урам, школа, Iалам.)

Керла байтйовзийтар.

– Хьехархочо дIайоьшу байт.

– Дошамца болх (маса – сиха, чехка).

– Берашка йоьшуьйту байт.

– Берашца гIийлачу озаца йоьшу байт.

– Берашца чIогIачу озаца йоьшу байт.

• **СадаIаран минот.**

Лелий довла, эккхош гIовгIа,
СадаIа хан кхаьчна вайна.
Стигал довлу лами бу,
Цу тIе довла лууш ду,
(Шаьш лаьттачу меттехь когаш бетта.)
ГIур ду лекхчу стигла вай,
КIайчу мархийн лаца сай,
(Куьйгаш лекха хьалаойъу.)
Лелий довла, само йе,
Дика деша Iамаде!

• **Текстаца болх.**

– Вай йешна байт стенах лаьцна йу аьлла хета шуна? (Даймахках)

– Даймохк бохург хIун ду? ХIун дагадогIу шуна уггар хьалха, и дош хезча? (берийн жоьпаш)

– «Сингаттаман йоцуш дохк» бохучух муха кхета шу? (цхьа а сингаттам боцуш, маьрша, самукъане)

– «Сингаттаман дохк» бохург хIун ду? «Дохк» бохург хIун ду хаьий шуна? (дохк – иза оьрсийн маттахь «туман» ду. Ткъа и хилча арахь кхоьлина, сингаттаме хуьлу).

– Маца хуьлуш хуьлу дохк? И дош хIунда далийна аьлла хета шуна поэта? (дохк шийлачу хенахь хуьлу, къаьсттина ламанца йолчу меттехь)

• **Белхан тептарца болх бар.**

ТIедиллар: Даймехкан сурт дилла.

• **Дарсана жамI дар.**

– Стенах лаьцна дийци вай тахана?

– Нохчийчоьнах лаьцна хIун хии шуна?

– Нохчийчоь шун Даймохк буй?

• **ЦIера болх:**

– Дагахь Iамайе I. Демеевн «Нохчийчоь» цIе йолу байт.

• **Рефлекси.**

«Дог-ойланан кехаташ». (Берашна доькъу цIен а, можа а, Iаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъдалар; цIен кехат – дог ца дар; Iаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша)



Дарсан цIе: **АХМАДОВ МУСА. «ЖАЙНА»**

Дарсан Iалашо: Ахмадов Мусас йазйина «Жайна» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, Iамат, ручка? интерактиван у; книгех лаьцна суьрташ гайтар; тайп-тайпанчу Iаматийн гайтам хIоттор.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду байтех пайда а оьцуш, книгаш йеза а, йеша а; Даймохк, гIиллакх, доттагI бохучу дешнех нийса кхета.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду Даймохк, гIиллакх, доттагI бохучу дешнийн нийса маьIна дан.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка) цIера болх таллар).

• **Ойла тIейерзор.**

– Хьоме бераш, Даймохк бовза, цунах лаьцна байташ йеша, вайн дайн гIиллакхаш довза а, и шадерриг мичара деша мега вайна? (Iамата тIера). Нийса ду. Вай тахана дуьйцур ду Iаматех лаьцна, уьш йешаран пайда а гойтуш, уьш нийса лелайан а, цаьрца муха къинхетаме хила деза а. Ткъа, бераш, тахана вайн дарсехь аш шайна хьалха хIун Iалашо хIоттийна? (жайнаш дуккха а деша Iама, уьш нийса лело Iама)

– Бераш, ас шуна цхьа туьйра довзуьйтур ду, жайнех лаьцна. Шуна ладогIа лаьий? (хьехархочо доьшу «Уггар дика доттагI – жайна» цIе йолу туьйра).

– Бераш, хазахийтирий шуна ас дешна туьйра?

• **Керла дешнаш:**

Мужалт – обложка

Йуккъейуьллург – закладка

Терхи – полка

Стенах лаьцна дара и? (Книгех лаьцна дара) Муьлха турпалхой бевзи вайна? Шуна хазахетта меттиг муьлханиг йара оцу туьйранехь? (Дешархоша шайн жоьпаш ло). Шега деллачу хаттарна муха жоп делира ЧIирдига? (Ша мила ву а довзийтира цо, шен чохь ша книгаш гулйарх, шен чохь йолу книгаш стенах лаьцна йу ца хаьа шена, ша уьш муха лелайо а дийцира). Ткъа нийса лелайой ЧIирдига книгаш? (Ца йо). Муха лело йеза книгаш? (маьнги буха а ца тоьттуш, цIена лело йеза. Йеша йеза).

• **Актуализаци.**

– Бераш, жайна хIун бохург ду хаьий шуна? (иза Iамат йу) Ткъа хIинца вай йоьшур йу Ахмадов Мусас йазйина «Жайна»

цIе йолу байт. (дешархошка цхьацца бIогIамалг боьшуьйту, тIаьххьара дош шайга схьа олуьйту)

• **Дошамца болх бар.**

ХIинца цхьадолчу дешнашна тIехь болх бийр бу вай. (дошамца болх муха бо а довзуьйтуш, берашна цадевза дешнаш довзуьйту).

Жайна (ду) – Iамат.

БIов (йу) – ширачу заманахь тIулгех йеш хилла лекха гIишло (башня).

Кхаба (йу) – коча хIума (хи, шура, даьтта) чуйутту кхийра пхьегIа.

ХIилла (ду) – шен цхьана Iалашонна стаг Iехор.

Дингад (йу) – чехка, жима экха (ласка).

• **СадаIаран минот.**

– «Цициг а, дехкий а»

(Дешархойх цхьаъ – «Цициг-Дауд», кхиберш – «дехкий». «Цициг-Дауд» гонаш дохуш ву, ткъа «дехкий» йиш локхуш ду).

Гонаш доху Дауда,
Кхача лууш тхуна тIе,
БIаьргаш дIа а къовлий,
МIараш ара йохий,
Гонаш доху Дауда,
Хаза ду вайн «Цициг-Дауд»,
Лела иза йуург лоьхуш,
Дауд, Дауд, охьахаа,
Йуург йаккха дац-кха атта.

• **Текстаца болх.**

– Бераш, шуна хазахетий Iамат йоьшуш?

– Шуна уггар хазахета Iамат муьлха йу?

– ХIокху байта йуккъера турпалхой болуш киншка йешний аш?

– «Цаьрца новкъавала хила кийча ...» – оцу дешнех муха кхета шу?

Мича боьду некъ бу и боху автора?

– «Цхьа исбаьхьа тIаус догIу цига, Туьйранийн мохк болчу бераш дига» – и бохург хIун ду? Муха вуьгу киншкаша туьйранийн махка?

– «Хьан хьекъале хьехамча а хилла, Жайно дуьйцу нохчийн хаза гIиллакх» – цунах муха кхета шу? Муха дуьйцу жайно гIиллакх? ХIунда аьлла цунах хьехамча?

– Ткъа, бераш, «Доккхачу дуьнен чу жима неI» стенах олу аьлла хетта шуна? (Слайд) (Книгех олу). Нийса ду, иза Iамат йу. Ткъа шу муха кхета цунах?

• **Ловзарехь жайнаш дIанисдар.** (Берашна хьалха Iоккуш кегийна жайнаш хир ду, хьехархочо, ЧIирдигна уьш муха лело деза дIа а гойтуш, берашка ловзарехь жайнаш нисдойту).

• **Дарсана жамI дар. Дешархойн хаарийн мах хадор.**

Бераш, стенах лаьцна дийци вай тахана? (Книгех лаьцна дийци). ХIокхул тIаьхьа, аш муха лелор йу шайн книгаш? (цIена лелор йу, йеша а йоьшур йу).

• **ЦIера болх:**

1. Туьйра деша.

2. Белхан тептар тIерачу суьрташка хьовса. Хаттарна жоп а лой, и сурт басарде.

• **Рефлекси.**

«Жайна» дашах кластер хIоттор.



НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА

Дарсан цIе: **ДАГАРДАРШ. ЧЕХКААЛАРШ**

Дарсан Iалашо: Халкъан барта кхолларалла цIа долу берийн гергарло чIагIдар, дагардарш а, чехкааларш царна довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, кехатан стоьмаш.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: ша-шен кхиарехь йешаран мах лакхара хиларх кхетар; виллина йоьшуш хила везаш хилар болу лаам шегахь кхиор; дуьненах а, къоман историх а, культурех а болу кхетамаш кхиор.

Метапредметни: шена хьалха хIоттийнчу декхаре хьаьжжина, дешаран декъехула билгалдан леринарг къасто а, цуьнан маххадо а, и кхочушдархьама эвсаре некъ харжа а хаар.

Личностни: халкъан барта кхолларалла къомана оьшуш хиларх кхетар.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка) цIера болх таллар.

• **Ойла тIейерзор.**

Хьажал, жима доттагIа!
Кийча вуй хьо тахана?
Дуй-те хьоьгахь тептар, жайна?
Шаверг Iаш вуй-те вай нийса?
Лууш дуйла суна ги,
Даккха шайна тахна ... (бераша олу) пхиъ!

• **Къамел шардар.**

Цу – цу – цу, Цу – цу – цу – ас ма чIогIа дукха дуьйцу, На – на – на, На – на – на – Iуьйранна а, суьйранна, Аш – аш – аш, Аш – аш – аш – лекха лаьмнаш, зезагаш,За – за – за, За – за – за – Даймохк суна дукхабеза!

• Дарсан цIе а, Iалашонаш а йовзийтар.

Хьехархочо берашна шайна дезаш долу ловзарш дагадайта олу, шайх коьртаниг а къастош. ХIора нийсачу жоьпана берашна цхьацца кехатан стом лур бу. Ткъа берашна дагадогIур ду, шайх коьртаниг къаставеш, дагардан дезий. Иштта дагардаршца берашка схьаолуьйту дарсан цIе.

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош.

– Ткъа хIинца, сан дика доттагIий, вайна даханчу дарсехь ЧIирдиг цIе йолу дешархо вевзира. Цунна книгаш муха лело йеза а Iамийра вай. ХIинца, Дика а, Жайна а цIераш йолу дешархой цхьа хIума ца хууш лелаш ду боху. И шиъ хIун ца хууш ду хьовса лаьий шуна? (бераша жоьпаш ло) Царна нийса дерг Iамор дуй вай? (ду)

ТIаккха вай хIинца ЧIирдиг, Дика, Жайна цIераш йолу дешархой болчу хьошалгIа гIур ду. ЛадогIа, церан ишколехь горгали бу бекаш. (хьехархочо интерактиван уьн тIехь берашна бекаш горгали а болуш сурт а гойтуш, туьйра хозуьйту).

Бераш, шуна хаьий дагардарш? (берийн жоьпаш). Муьлханаш хаьа шуна? Ткъа хIара дагардарш девзий шуна? Интерактиван уьн тIехь дагардарш схьа а гойтуш, берашка дагар а дойтуш, самукъанечу ловзаршца, берашна йукъахь хаттаршна жоьпаш лур долу дешархой къастабо.

Суьйре, суьйре – садайна.
ГIала вахча, етт байна;
ТIам, тIам – ведаран тIам,
Хьо дIавала, капитан.

Лаьмнаш йуккъера стаг схьавели,
Цо шен киснара урс схьадаьккхи,
Тухур ду – тухур дац,
Тоьхча наха вуьтур дац.

Дум, дум бишшари,
Чахь-чирг индарби,

Ай-вай иннаказ–
БунчI!

Дум, дум, думбарий,
ЙогIуш хеза бумбари.
Лаций, йехка иза дIа,
Вадий, вала кIелхьара.

• **Аз нисдарехь болх бар.** (Берашка гIийлачу, тIаккха чIогIачу озаца доьшуьйту дагардарш.)

• **СадаIаран минот.**

ДегI хецадалийтар. (берашка, хьала гIовттийна, куьйгаш, корта меттах а доккхуш, доьшуьйту хIара дагардар.)

Дитт, дитт, лекха дитт.
Генаш луьста доккха дитт.
Лачкъий, вала дитта тIе,
Ас тохале хьайна нитт.

• **Чехкааларш довзийтар.**

Бераш, чехка къамел деш адамаш гиний шуна? Сиха олуш долу аларш, церан цIе муха йара? Чехкааларш ду. Хьовсий вай, вайга чехкааларш дешалой?

(Берашка чехкааларш доьшуьйту.)

Кхо къиг, кхо туьма, кхо кхокха.
Букъ кIайн къиг, мукъ буткъа урс.
Цеца чохь цу ца соцу.
Сан шар шуна, шун шура суна.
Чопа чоьлпи чохь, чоьлпа чорпи чохь.
Шина чиркхан ши шиша, шина шичин ши йиша.
Ча чу шершачохь со чу ца шерша, со чу шершачохь ча чу ца шерша.
Ши сай, ши шай, ши сом.
Лоьро лоьралла леладо.
Лор лазарх ларло, леррина лоьраллла леладо.

• **Дошамца болх бар. Керла дешнаш довзийтар.**

Дагардар (ду) – берийн ловзаршкахь олуш йолу байташ.

Горгали (бу) –йекаш йолу, горга аьчкан коьчал.

БIаьргаш дIахьаббар – бIаьргаш тIекъовлар.

Луьста – йух-йуххехь кхуьуш йолу (ораматаш).

Луьста хьун йу олу вай. Цунна дуьхьалара маьIна долу дош «нилха» боху дош ду.

Нилха– гена-генахь масала, нилха хьун – дитташ гена-генахь довлуш йолу хьун.

Бумбари (йу) – йоккха чхьаьвриг

Чардакх (ду) – тхевнан чоь. Хехо чохь Iаш волу, бIогIамаш тIехь дина долу жима цIа

Ритм нисйарехь болх бар. (Берашка меллаша, тIаккха сиха доьшуьйту чехкааларш.)

• Iамийнарг тIечIагIдар.

(Дешархошка, шайга йа дагардар, йа чехкаалар (шайга къастадойту) кхолла хьажа, олу).

– Белхан тептарца болх.

1. Iамат тIе а хьожуш, дагардаршна йукъара тIе ца тоьу дешнаш тIейазде.

Дитт, дитт, _____ дитт. (Лекха)
Генаш _____ доккха дитт. (Луьста)
Лачкъий, вала _____, (Дита тIе)
ас тохале хьайна _____. (Хьайна нитт)
Дум, дум, думбарий,
ЙогIуш хеза _____. (Бумбари)
Лаций, _____ иза дIа, (Йехка.)
Вадий, вала _____. (КIелхьара.)

2. Чехкааларш дIайаздеш, гIалаташ даьхна ЧIирдига. ДIанисде и гIалаташ.

1. Ча чу чершачохь шо чу ча шерша, шо цу

шершачохь ца чу ча шерша. (Ча чу шершачохь со чу ца шерша, со чу шершачохь ча чу ца шерша).

2. Ши шай, си чай, чи сом. (Ши сай, ши шай, ши сом.)

Цеча цохь чу ча соцу. (Цеца чохь цу ца соцу.)

• Дарсана жамI дар. Биначу белхан мах хадор.


• **ЦIера болх:**

– Чехкааларш деша.

– Белхан тептаран 2-гIа тIедиллар кхочушде.

• **Рефлекси.**

(Уьн тIехь лами а бой, берашка шаьш дарсехь дийцинчух кхетаран барам къастабойту, оцу лами тIе лакхахь, йа лахахь шайн цIераш а йазйойту).



Дарсан цIе: **ХIЕТАЛ-МЕТАЛШ**

Дарсан Iалашо: халкъан барта кхолларалла цIа долу берийн гергарло чIагIдар, хIетал-металш царна довзийтар, уьш деша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хуур ду хIетал-металш вайн барта хазнийн цхьа дакъа дуй.

Метапредметни: хIетал-металан, дагардаран чулацамах кхетар ду.

Личностни: дешархошна керла корматалла йевзар йу, иза карайерзо лаам кхоллалур бу.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка) цIера болх таллар.

• **Къамел шардар.**

МеттахIоттайе текст

Су____ ди___ деш___ лаьа
Дика дотта____ хи____ лаь.
ГIов____ йоцуш, тийна Iаш
Док___р ду ас тахна ___.
(Суна дика деша лаьа,
Дика доттагI хила лаьа.
ГIовгIа йоцуш, тийна Iаш,
Доккхур ас тахна пхиъ.)

• **Мотиваци йар.**

Бераш, ЧIирдиг а, цуьнан доттагIий Дика а, Маьл-Аьзни а ду боху вайга цхьа хIума дийца лууш. ЛадогIий вай цаьрга? (Берашна туьйра хозуьйту)

• **Актуализаци.**

– Хьехархочо кхетам ло хIетал-металх.
– Хьехархочо доьшу хIетал-металш.
– Дошамца болх.

Кар-кара оьцуш – цхьамма вукхуьнга кхачош,
Барта – къамелехь (йозанехь а доцуш),
Халкъ (ду) – дуккха а нах,
Девзиг (ду) – арахь хьокхуш болу серех бина нуй,
ЧIийш (ду) – дечиган кегийра дакъош,
Берашка доьшуьйту хIетал-металш.

• **СадаIаран минот.**

Цициг-мициг мича дахна?
*Дай чу дахна. (*БIаьргаш меттахдоху.)
До-мо мича бахна?
Iам чу бахна. (Корта куьйгашца схьалоцу.)
Iам-мам мича бахна?
Булано мелла. (Корта меллаша хьовзабо.)
Була-мула мича йахна?
Лам тIе йахна. (Куьйгаш хьаалаойъу.)
Лам-мам мича бахна?
Буьхьиго баьжна. (Меллаша когаш детта.)

Буьхьиг-муьхьиг мича йахна?
Барзо йиъна. (ПIелгаш меттахдоху.)
Борз-морз мича йахна?
Ткъа борз... деша йахна. (Охьаховшу.)

• **Йешаран говзалла кхиор.**

Дешархошка хIетал-металш доьшуьйту хаттаран кепехь. ГIийлачу озана тIера чIогIачу озане доьрзуш, иштта бIостане а йоьшуьйту берашка.

• **Іамийнарг тIечIагIдар.**

Бераш, шуна хаьий хIетал-металш? (Шайна хууш долу хIетал-металш вовшашка а долуьйтуш, ловзу).

– Дешархошка шайга хIетал-метал кхолла хьажа олу.

• **Дешархоша биначу белхан мах хадор.**

• **ЦIера болх:** хIетал-металш деша. Вовшашка дала цхьацца хIетал-метал кечде.

• **Рефлекси.**

«Зезаг – дика доьшург»

Бераша къастадо шайн дог-ойланах терра бос болу зезаган гIа. Цул тIаьхьа дерриг гIаш цхьаьна зезаг чохь гулдо.



Дарсан цIе: **КИЦАНАШ**

Дарсан Іалашо: дешархошна нохчийн халкъан кицанаш довзийтар, кицанийн маьIна даста Іамор.

Дарсан кеп: керланиг довзийтар.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Іамат, тайп-тайпана басарш, тIедахкарш тIехь долу кехаташ, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: кицанаш халкъан барта кхолларалли цхьа дакъа дуйла хуур ду, цхьадолу кицанаш дагахь а Iемар ду.

Метапредметни: шайн кхоллайелла ойла йовзийта хаар, биначу белхан маххадо хаар.

Личностни: адамийн леларехь нийса кица къасто а, уьш муха къаьсташ хуьлу а хаар.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка) цIера болх таллар.

• **Ойла тIейерзор.** (Уьн тIехь кицанаш а гойтуш, йоьшу хьехархочо хIара байт.)

Горгали вайна бекна,
Дарс хIинца-м йолаелла!
Кхечу махка вай гIур ду,
Цигахь ЧIирдиг вайна гур ву.
Хьажа ойла а йеш хIинца,
Муьлха мохк бу буьйцург ас?

• **Къамел шардар.**

Моза беъна хьошалгIа,
дохьуш вайна мерза моЗ
З - з -З! З -з - З!
Куьйга тIе а хиъна, деш бу иЗа
З - з -З! З -з - З!
Кхерабелла иза, баха генна хьийЗа
З - з -З! З -з - З!

• **Дарсан цIе а, Iалашонаш айовзийтар.**

– Интерактиван уьн тIехь кицанаш долу сурт а гойтуш, хьехархочо хотту) ХIун мохк бу аьлла хета шуна, тахана вайна гун берг? (кицанаш долу мохк бу).

– Вай тахана кицанаш долчу махка гIур ду. Цигахь шортта хьекъале кицанаш девзар ду вайна. Церан маьIна даста а Iемар ду.

• Актуализаци.

– Кица бохучу дашах бераш кхетор. (Кица – иза халкъан алар ду, хьекъал ду, кхетам бу. Адамийн леларе хьаьжжина дала-до наха кица). Бераш, хIинца дIагIой вай кицанаш долчу махка? Цигахь вайга хьоьжуш ЧIирдиг ма ву, шен хаза туьйра вайна кеч а дина. (Туьйра хозуьйту берашна).

– Бераш, ЧIирдига-м вайна кхин цхьаъ шен доттагIа ма йовзийти, хIун йара цуьнан цIе? (Маьлх-Аьзни). Муьлха кица эрна ца аьлла элира цо ЧIирдиге? (Дешар – серло, цадешар – бода). ЧIирдига а, Маьлх-Аьзнис а кхин муьлш бовзийтира вайна? (Дада а, баба а). Цара хIун дийцина хилла цаьрга? (Кицанаш: ХIума хаар – нахе ладегIар, Йаьсса хIума чIогIа йиэка, Дош доца – муш беха). Шуна дуьйций дадас а, бабас а кицанаш? (Бераша дуьйцу, шайна дадас а, бабас а дийцина кицанаш). Ткъа баккхийчу наха хIунда дуьйцу уьш? (Уьш хьекъале аларш долу дера).

• СадаIаран минот.

БIаьргаша вайн садаIа деза, (дешархоша бIаьргаш дIакъовлу)

Доккха са а даккха деза. (бIаьргаш къевлина а болуш, бераша доккха са доккху)

БIаьргаша го тоссур бу, кIаддаллар дIадер ма ду. (къевлинчара бIаьргаш схьа а боьллий, цаьрца го боккху)

ХIинца-м цара сан садоьIна, (бIаьргаш шуьйрра схьабоьллу, йуха дIакъовлу)

Гур ду хIинца-м дерриг царна! (самукъане дешархой белало)

• Iамийнарг тIечIагIдар.

(Дешархошна чекхдаккхаза кица тIаьхь долу кехат ло. Интерактиван уьн тIехь гойтуш кегийна кицанаш ду. Оцу кицанашна йукъара шайна нийса ду аьлла хета дакъа тIе а тухуш, дуьззина кица даладо дешархоша).

1-ра кехат

– ХIума хаар – …. (нахе ладогIар)

2-гIа кехат

– Да-нана цалеринарг, … (наха а ца лерина)

3-гІа кехат
– Шен гІалат тІе ца лоцучо, … (Цул доьхнарг долуьйтур ду)
4-гІа кехат
– Дас бохург дина кІант тоьлла ца гІахь а, … (эшна гІур вац)
5-гІа кехат
– Нанас йина яахІума… (уггар мерза хуьлу)
6-гІа кехат
– Ялсамани ненан … (когаш кІел ю)
7-гІа кехат
– Дешар-серло… (цадешар – бода).
• **Дешархоша биначу белхан мах хадор.**

• **ЦІера болх:**
Шишша кица дагахь Іамаде.
• **Рефлекси.** (Шайна хеташ долчу дешнашца алам чекхбаккхар.)
Суна тахана дарсехь девзи ...
Аса сайна кхин а Іамо деза ...
Суна дарсехь тахана хазахийтира ...
Дарсехь кхин а дика хир дара ...
Ас дицдийр дац ...

Дарсан цІе: **«БАБИН ЧІИРДИГ»** ***(туьйра)***
Дарсан Іалашо: дешархошна керла туьйра довзийтар. Шера, кхеташ йеша Іамор.
Дарсан кеп: керланиг Іамор.
Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.
Кхочушдан лору жамІаш:
Предметни: дешархошна Іемар ду туьйранан чулацамах нийса кхета; цуьнан маьІна даста а.
Метапредметни: дешархошна хуур ду туьйранан коьрта ойла йаста
Личностни: дешархошна хуур ду туьйранех пайда а оьцуш, дика а, вон а къасто.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (де дика дар, тахана, дешархойн дог-ойла муха йу, хаттар, дарсана кечам бар таллар, цIера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

«Дешнех ловзар»

Деша дешнаш меллаша, тIаккха деша сихха.

РОС – БОС – КОС

ЧЕК – РЕК – ШЕК

СОМ – КОМ – МОМ – ЛОМ – ШОМ

ДОШ – МОШ – РОШ – ПХЬОШ

Ткъа хIинца ловзарехь деша и дешнаш: хьалхара могIа – чIогIа, шолгIа могIа – гIийла, кхоалгIа – меллаша, боьалгIа – сихха.

• **Актуализаци.**

– Хьехархочун дош.

Бераш, ЧIирдиг вевзаш ма ву вайна-м, вуй? Даханчу дарсехь цо а, Маьлх-Аьзнис а дадий, кхин мила йовзийтира вайна? (баба). Нийса ду, шен баба йовзийтира. Тахана хьовсур ду вай, ЧIирдиган баба а, бабин ЧIирдиг а муха ду.

– Хьехархочо доьшу туьйра.

• **Текстаца болх.**

– Бабин ЧIирдиг муха кIант хилла дуьххьара?

– Бабас стенна сагатдора? ХIун дан дагадеара цунна?

– Моллас хIун хьехар дира Бабина?

– Хьуьнхахь муха тилвелира ЧIирдиг?

– Берзалойх муха кIелхьарвелира иза?

– ЦIа муха кхечира ЧIирдиг?

– Цул тIаьхьа хIун хийцам хилира ЧIирдиган дахарехь?

– Дешарца а, дечу гIуллакхца а мало йича хIун хуьлу аьлла хета шуна?

• **СадаIаран минот.**

ДIоооогахь хьоьжу сирла малх,

Маршалла хоьттуш вайга Iа.

(Малхана дуьхьала куьйгаш лестадо.)

Генахь хьоьжу лекха дитт,

Кхойкху вайга, лестош гIа.

(Дитте лакха хьала а хьовсий, куьйсаш хьалаойъу.)

Хьоькху вайна шийла мох.

(Куьйгашца корта схьа а лоций, дехьа-сехьа хьовзабо.)

Дика деша боху цо.

Сихха бераш охьаховша,

Дика доьшур ду вай хIинца.

Шера а, нийса а йешар кхиор.

– Берашка туьйра дешийтар.

(ГIийлачу озан тIера чIогIачу озан тIе а довлуш, туьйранан цхьацца кийсак йоьшуьйту берашка.)

• Дарсана жамI дар.

– Стенах лаьцна дийци вай тахана?

– Дешарца а, дечу гIуллакхца а мало йан мегар ду аьлла хетий шуна?

– Хазахийтин шуна туьйра?

– Аш йийр йуй мало дешарца а, дечу гIуллакхца а?

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– «Бабин ЧIирдиг» туьйра деша.

– Туьйра маьIне хьаьжжина дакъошка декъа. ХIора декъана цIе тилла.

• Рефлекси.

Дарс чекхдолуш шайн дог-ойла муха йу хьаьжжина, басарде хIокху суьртех цхьа сурт.



Дарсан цIе: «Зуьно дина хIилла» (туьйра).

Дарсан Iалашо: дешархошна халкъан барта кхолларалли керла туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду туьйранан чулацамах нийса кхета; цуьнан маьІна даста а.

Метапредметни: дешархошна девзар ду керла дешнаш, церан маьІна а, туьйранан коьрта ойла йаста а хуур ду.

Личностни: дешархошна хуур ду туьйранех пайда а оьцуш, дика а, вон а къасто.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (де дика дар, дешархойн дог-ойла муха йу хаттар, дарсана кечам бар таллар, цІера болх таллар).

• **Ойла тІейерзор.**

Туьйра, туьйра хилла боху.
ЧІирдиг доттагІашца ловзу,
Цара вайга маршал хоьтту,
Дика деша вайга боху.

Хьехархо: бераш, доьшур дуй вай дика?

• **Къамел шардар.**

– МеттахІоттайе текст

Су____ ди___ деш___ лаьа
Дика дотта____ хи____ лаьа.
ГІов____ йоцуш, тийна Іаш
Док___р ду ас тахна ___.

(Суна дика деша лаьа. Дика доттагІ хила лаьа. ГІовгІа йоцуш, тийна Іаш, Доккхур ду ас тахна пхиъ.)

• **Актуализаци.** (Хьехархочо хозуьйту туьйра.)

Хьехархо: Бераш, хазахийтирий шуна туьйра? Муьлха акхарой дара цу тІехь йуьйцуш? Царах уггаре а хІилла долуш йерг муьлха йу хьовсий вай? (Белхан тептарца болх бар.)

• Суьрташка а хьожуш, «Зуьно дина хІилла» туьйранан план хІоттайе.

Суьрташ:

Йоьхь къуьйсуш.

Зуй, цхьогаллий, борззий йийшина Іоьхкуш.
Берзан гІан.
Цхьогалан гІан.
Зу, чкъург хилла Іуьллуш.

• **СадаІаран миноташ.**

Гой шуна, полла тІемаш лестош,
Зезагаш бу дагардеш.
Куьйгаш-тІемаш ластаде цунна,
– Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ – (пІелгашца дагардо)
Зезагаш, ма хаза техка.
Дийнахь, кІирнах, бетта чохь, (куьйгаш тоха)
Йалх, ворхІ, бархІ, исс, итт, (пІелгашца дагардо)
Зезагийн тхи муьйлуш, (Когаш меттахдаха)
Полла боккха хир бу. (куьйгаш тоха)

• **Керла тема кхидІа а хьехар. Керла дешнаш довзийтар.**

• *Муха гІенаш дийцира барзой, цхьогалой? Хьуна хІун аьлла хета, боккъал гинерий барзаний, цхьогалний и гІенаш йа хІилла дан гІоьртира уьш?*

• *ХІокху кицанех туьйранца догІуш дерг къастаде.*

• *Ницкъ болчо цхьаъ эшийна, хьекъал долчо бІе эшийна.*

• *Собаро лам башийна.*

• *Тоха вахнарг кхетта веъна.*

• *Хазахийтирий хьуна туьйра? ХІун дара цу йуккъехь хьуна уггар хазделларг?*

• **ЦІера болх:** ГІалаташ а доцуш «Зуьно дина хІилла» туьйра деша.


• **Дешархоша биначу белхан мах хадор.**

• **Рефлекси.**

«Мила ву самукъане?»

Шайн дог-ойланца догІуш долу сурт къастаде.



Дарсан цIе: ГАЗА-ГУЬЗАЛГАШ (туьйра)

Дарсан Iалашо: дешархошна халкъан барта кхолларалли туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду туьйранан чулацамах кхета; цуьнан маьIна даста а.

Метапредметни: дешархошна девзар ду керла дешнаш, церан маьIна а.

Личностни: дешархошна керла хIума девзар ду, иза алсамдаккха лаам кхоллалур бу.

Дарс дIадахьар

Дешархошка маршалла хаттар

Де дика хуьлда, хьоме бераш!
Шу схьагуш ма хаза ду.
Вовше хьовсуш, самукъдолуш,
Болх вайн беркате хир бу.

• **Дарсана кечам бар таллар** (тептар, Iамат, ручка йуй хьажар).

• **ЦIера кечам таллар.**

• **Къамел шардар.**

«Дешнех ловзар»

Деша дешнаш меллаша, тIаккха деша сихха.
РОС – БОС – КОС
ЧЕК – РЕК – ШЕК
СОМ – КОМ – МОМ – ЛОМ – ШОМ
ДОШ – МОШ – РОШ – ПХЬОШ

Ткъа хIинца ловзарехь деша и дешнаш: хьалхара могIа – чIогIа, шолгIа могIа – гIийла, кхоалгIа – меллаша, доьалгIа – сихха.

• **Дарсан цIе а, Iалашонаш айовзийтар.**

– Бераш, нанас бохург дан дезий? Аш дой шайн нанас бохург? Вайн керлачу туьйранехь гезарий йу йуьйцуш, цара шайн нанас бохург до йа ца до хьовсий вай? (Берийн жоьпаш).

• **Актуализаци.**

– Хьехархочо доьшу туьйра.

– Дошамца болх.

Газа (йу) – маIаш йолу, цIахь кхобу хьайба йа хьуьнхахь деха экха (акха газа).

Буьхьиг (йу) – газанан кIорни.

Хьуьна йистехь – хьун кхачалучу меттехь.

Шовда (ду) – лаьттах бухдуьйлу хьоста, хи.

Болар (ду) – волаваларан кеп.

Йажа-кажа – рицкъ лахар.

Синпха (бу) – дегIан цIий лела коьрта пха (пульс).

Бай (бу) – буц йаьлла меттиг.

ГIорасиз – гIийла, эшна, ницкъбоцу.

– Берашка туьйра доьшуьйту.

• **Текстаца болх.**

– Туьйра хаза-м дара, дарий?

– Бераш, шуна хIун аьлла хета, хIун Iалашо йолуш йахна газа-гуьзалгаш хьуьна йисте? (шайна йуург йаа)

– Газа-гуьзалгаша шайн нанас бохург дирий? (ца дира)

– Мичахь гира вайна цара шайн нанас бохург ца деш? (нене собар а ца деш, уьш цхьацца цIа иха йоьлча)

– ХIун кхерам бара царна новкъахь? (меца борз йара)

– Буьхьигаш дIакхалла аьтто хIунда белира берзан? (уьш шайн нанас бохург а ца деш, цхьацца цIайахна дела)

– Муха Iехийра Нана-газано борз? Схьалаха текста тIехь и меттиг.

– Газано борз хIунда эшийра? Ницкъ бахьанехь туьйлира и йа хьекъал бахьанехь туьйлира?

– ХIун хьехар дира Нана-газано шен газа-гуьзалгашна?

• **СадаIаран миноташ.**

Ткъа хIинца цхьажимма садаIий вай? Со шун нана-Газа хир йу, ткъа шу сан бераш – гезарий.

Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ!
Кхийсалуш йу гезарий!
(Бераш шаьш лаьттачу меттехь жимма кхийсало.)
Хьалабаккха аьрру ког.
(Аьрру ког жимма хьала а ойъий 2–3 секундехь лаьтта.)
Цхьаъ, шиъ, кхоъ
ХIинца айъа аьтту ког.
Айде куьйгаш стигла,
Лаца марха цигара.
Корта лаций хьовза,
(Корта куьйгашца схьа а лоций, бераш хьовзу.)
ТIаккха охьаховша.
(Бераш шайн метте охьаховшу.)

ЧIогIа дика болх би аш, бераш. ХIинца кхидIа вайн туьйра дуьйцур ду вай.

• **Іамийнарг тIечIагIдар.**

– Шайн дагахь туьйра дьшуьйту берашка.

– Белхан тептаран 21-гIа тIедиллар кхочушде.

• **ЦIера болх:**

– Туьйра деша, чулацам схьабийца.

• **Дешархоша биначу белхан мах хадор.**

• **Рефлекси.**

«Дог-ойланан кехаташ». (Берашна доькъу цIен а, можа а, Іаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъадалар; цIен кехат – дог ца дар; Іаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша).



Дарсан цIе: **САМУКЪАНЕ АГIОНАШ. БЕРАША ОЛУ**

Дарсан Iалашо: дешархошна самукъане агIонаш йовзийтар. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а байт йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хуур ду байтан чулацам стенах лаьцна хир бу хаа; хезаш йеша, тIаьхь-тIаьхьа шайн дагахь йешарна тIе а бовлуш. Iемар ду шаьш йуха йоьшуш, хьалха даьхна гIалаташ ган, уьш нисдан.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду Iаматца болх бан, шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан а, йешначу байтан коьрта маьIна довза, цунах кхета.

Личностни: дешархошна Iемар ду бартан кхолларалле хь самукъане агIонаш йовза.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (де дика дар, тахана, дешархойн дог-ойла муха йу, хаттар, дарсана кечам бар таллар, цIера болх таллар).

• **Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.**

Сирла, сирла беттаса,
Лепаш дара сийсара.
Сахилира тIаккха,
Схьакхийтира малх а...

ДIайеша олхазарийн аьзнашца. ДIайеша меллаша. ДIайеша къастош.

• **Iалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Iаматан 35-гIа агIо. Муьлха байт йу цу тIехь йерг?

– Мила ву байтан автор? (Халкъ ду.) Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

Вайна тахана халкъан барта кхолларалера бераша олу самукъане агIонаш йевзар йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Iемар ду вай.

• **Керла тема хьехар.**

– Хьехархочун дош. Бераш, маса пIелг бу адаман? (Пхиъ) Церан цIераш хаьий шуна? (Нана-пIелг, Хьажо-пIелг, Йуккъера-пIелг, Маза-пIелг, ЦIаза-пIелг). Цкъа оцу пIелгийн дов даьлла хилла боху. И хIун дов ду хьовса лаьий шуна? (ПIелгийн дов туьйра дешийтар)

Дошамца болх бар.

• **СадаIаран минот.**

Сихо йейша, хьалагIовтта.
Куьйгаш лекха хьалаайъа.
Нийса дуй-те, хьовса уьш,
Кема санна хьовзадеш.
ТIаккха сиха охьахеца,
Охьаховша, деша деза.

• **Керла тема кхидIа а хьехар.**

– Бераш, шун цIахь дас а, нанас а муха хьосту шу? Ткъа вайн барта кхолларалле хь бер хьастаран кеп муха хилла хьовсий вай? (Хьехархочо бер хьостуш олу дешнаш доьшу)

– Берашка доьшуьйту туьйра, бер хьостуш олу дешнаш.

– ТIедиллар кхочушдар. (Белхан тептарца болх.)

• «Хаарш-Зер» цIе йолчу рубрикица болх.

1. Керла хIун девзи хьуна?

2. Хьуна девзий туьйранаш? Муха хилира хьан туьйранаш довзар?

3. Хазахетий хьуна туьйранаш? Хьуна уггар хазахета туьйра муьлха ду?

4. Шу кегий долуш дуьйцурий баккхийчара туьйранаш? Царах цхьа а дагадогIий хьуна?

5. Туьйранашкара муьлха турпалхо дукхавеза хьуна? ХIунда?

6. «Халкъан барта кхолларалла» бохучух муха кхета хьо?

7. Халкъан туьйранийн, кицанийн, хIетал-металийн автор мила ву?

8. Хьайна девзачу халкъан туьйранийн цIераш йаха.

9. Шайн ловзаршкахь аш леладой дагардарш, чехкаалари?

10. Дагахь Iамаде хьайна хазахета кицанаш, чехкааларш, хIетал-металш.

11. Хьайна дукхадезачу туьйранийн турпалхойн цIераш дIайазйе белхан тептар тIе.

ЦIера болх: пIелгийн цIераш дагахь Iамайе.

• **Дешархоша биначу белхан мах хадор.**

• **Рефлекси.**

(Шайна хеташ долчу дешнашца алам чекхбаккхар.)

• Суна тахана дарсехь девзи …

• Ас сайна кхин а Iамо деза …

• Суна дарсехь тахана хазахийтира …

• Дарсехь кхин а дика хир дара …

САН ДАЙМЕХКАН КОЬРТА ГIАЛА

Дарсан цIе: **МАКАЛОВ ШАМСУДДИ. «СОЬЛЖА-ГIАЛА»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Макалов Шамсуддис йазйина «Соьлжа-ГIала» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, глобус.

Кхечу предметца йолу уьйр: гонахара Iалам.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хаа деза байт нийса йеша а, байташ а, дийцарийн тексташ а къасто а.

Метапредметни: Iемар ду байтийн могIанашкахь дешнаш муха декаш ду хьажарна тидам тIебахийта.

Личностни: кхин а дика йевзар йу Соьлжа-ГIала а, цуьнан керла меттигаш а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Де дика дар, тахана, дешархойн дог-ойла муха йу, хаттар, дарсана кечам бар таллар, цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

«Чехкааларца болх».

«Чопа чоьлпи чохь, чоьлпа чорпи чохь».

1. Дешдакъошца деша чехкаалар.

2. Жимма сих а луш, деша чехкаалар.

3. Дуьйлалуш сиха, йешна довлуш болар лах а деш, деша чехкаалар.

4. Чехкаалар санна деша.

• **Мотивацехула актуализаци.**

Хьехархо: Хьоме бераш, хьовсал, хIун йу сан буьйнахь йерг? (Глобус йу.)

Хьехархо: Нийса ду. ХIун ган йиш йу вайна хIокху тIехь? (Тайп-тайпана хиш, вайн гIаланаш и. д. кх. а.)

Хьехархо: Нийса ду. Вайн мохк мичахь Iуьллуш бу хьовсий вай хIокху тIехь? (Беркашка глобус тIехь вайн мохк схьалохуьйту) ХIун йу вайн мехкан цIе? (Нохчийчоь.)

Хьехархо: ХIун ала мегар ду вай вайн махках лаьцна? (Цу чохь дуккха а гIаланаш а, йарташ а, хиш а ду, тайп-тайпана къаьмнаш а ду Iаш.)

Хьехархо: Ткъа шун йуй вайн махкахь уггар хазахета меттиг? (Бераша шайна хазахета меттигаш йуьйцу.)

Хьехархо: Дика ду, ткъа тахана дарсехь вай дуьйцур ду, вайн махкахь уггар а хазачух, вайн Республикан пачхье йолчу Соьлжа-ГIалех лаьцна. Цкъа уггар хьалха Макалов Ш. муха гойту хьовсий вай Соьлжа-ГIала?

– Макалов Шю «Соьлжа-ГIала» байт йоьшу хьехархочо.

– Дошамца болх. Бераш Макалов Ш. шен байта чохь вайна керла дешнаш деъна, уьш хIун дешнаш ду хьовсий вай? (Берийн жоьпаш.)

Беш – бошмаш (йу) – стоьмийн дитташ дийна меттиг.

Бинжолиг (ду) – бераш хехкалун гІирс.

Машар (бу) – бертахь дахар.

– Берашка йоьшуьйту байт.

• Керлачу хаарийн дуьххьара дІалацар.

– Бераш, шуна йевзий гІалин хаза меттигаш?

– Шу хиллий Соьлжа-ГІалахь?

– Вайн ГІала массарал цІена а, хаза а хилийта лаьий шуна?

– Дийцал, хІун дан деза иза иштта хилийта.

• СадаІаран миноташ.

БІаьргашна йеш йолу упражнени – шайн меттехь Іашшехь.

1. БІаьргаш дІакъовла. 10–15 секундехь садаІа. БІаьргаш схьабелла.

2. БІаьргаш меттахбахар:

– бІаргаш аьтту агІор а, хьала а хьовсабе,

– бІаьргаш аьрру агІор а, хьала а хьовсабе,

– бІаьргаш аьтту агІор а, охьа а хьовсабе,

– бІаьргаш аьрру агІор а, охьа а хьовсабе.

3–4-за карладакхха. БІаьргаш дІакъовла. 10–15 секундехь садаІа.

• Текстаца болх.

– Муха гайтина Соьлжа-ГІала поэта: самукъане, сирла, йа кхоьлина, буьрса?

– Муьлхачу суьрташца гайтина цо и? Байта йукъахь схьа а лахий, дІадеша и могІанаш.

– «Урамаш ду цІена, хаза» боху поэта. Цунах муха кхета хьо?

– ХІун дан деза хьайн урам, гІала цІена а, хаза а хилийта?

– «ТІеман лараш» бохург хІун ду? Муха хуьлу и лараш?

– «Машар» бохучу дашах муха кхета хьо?

– ХІунда оьшу машар?

• Іамийнарг тІечІагІдар.

Белхан тептаран 24–25 тІедахкарш кхочушде.

– Хьуна йевзаш хІун меттигаш йу Соьлжа-ГІалахь? ДІайазйе церан цІераш.

– ГІалахь хьайна хазахетачу меттигех лаций доцца йазде.

• Дарсана жамІ дар.

– Керла хІун девзи вайна?

– ХІун ойла кхоллалели шун хІара байт йоьшуш?

– Вайн гІала муха ларйийр йу аш?

• ЦІера болх:

– Дагахь Іамайе Макалов Ш. «Соьлжа-ГІала» цІе йолу байт.

– Соьлжа-ГІалин шайна хазахетачу меттиган сурт дилла.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

Дарс чекхдолуш, шайн дог-ойла муха йу хьаьжжина, басарде хІокху суьртех цхьа сурт.



Дарсан цІе: **ХАСАРОВ ШАІРАНИ. «СТИГАЛА-ГІАЛА»**

Дарсан Іалашо: дешархошна Хасаров ШаІранис йазйина «Стигала-гІала» цІе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у, жима буьрка, Соьлжа-ГІалин тайп-тайпана суьрташ.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна хуур ду байт нийса йеша, байташ а, дийцарийн тексташ а къасто а.

Метапредметни: Іемар ду байтийн могІанашкахь дешнаш муха декаш ду хьажарехь тидам тІебахийта.

Личностни: кхин а дика йевзар йу Соьлжа-ГІала, цуьнан керла меттигаш а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

ХIацIиг-бициг,
бицахь- цIулга,
ЦIахьма-цIулга,
Шахь-шедаг,
Лам-цIезаг,
ЦIелала-цIап.

1. Дешдакъошца деша.

2. Жимма сих а луш, деша дагардар.

3. Сиха деша хьовса.

• **Ловзарехь ойла тIейерзор.**

Хьехархо: Бераш, почтальон Печкин вевзий шуна? Иза вара жимма хьалха кхуза веана, цхьа кехаташ дитира цо шуьга дIало аьлла. (Хьехархочо берашна ло Соьлжа-ГIалин тайп-тайпана меттигаш тIехь йолу суьрташ.) Цунна хезначух тера ду шуна вайн гIала чIогIа хазахета аьлла. Шуьга оцу суьрташ тIехь йолу меттигаш йевзий хатта бохура цо. Йевзий шуна, хьовсал шайн-шайн суьрташ тIехь. (Бераша шайн жоьпаш ло.)

Суна хазахийти, шуна ГIала йевзаш а, иза йезаш а хилар. Ткъа хIинца шаьш дехаш долу ГIала (йурт) уггар а дика хьанна йевза а хьовсуш, ловзий вай?

Ловзар «Бийца хьо Iаш волу урам». Бераша, шайн гIанташ улле дIа а хIуьттий, шайн ураман цIе а йоккхуш, уллерачуьнга дIакхуссу буьрка.

• **Актуализаци.**

– Бераш, аш хIорамма шайн урамаш дийци, ткъа хIинца вайна Ш. Хасаровс йазйина вайна «СтигалгIала» цIе йолу байт йеший вай? Ма тамашийна цIе тиллина цо оцу байтана. Шуна хIун аьлла хета, стенах лаьцна хир йу и? ДIайеший вай иза?

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Берашка йоьшуьйту байт.

• СадаIаран миноташ.

Бертахь хьалагIовтта, бераш,

СадаIаран йу хIинца хенаш,

(Бераш хьалагIовтту, когаш белшашца а нисдой, хаьн тIе куьйгаш дохку.)

Тарлолаш шу хьозанех – хьовзош корта бIостанехь,

(Дешархоша аьтту а, аьрру а агIо корта хьовзабо.)

Тарлойша шу диттийн генах – ластадейша куьйгийн тIемаш,

(Бераша, когийн бохь тIе а хIуьттий, лакха куьйгаш а айдой, уьш лестадо.)

• Текстаца болх.

1. «Стигал-гIала» бохучу дашах муха кхета хьо?

2. Соьлжа-ГIала стенна воьдуш ву кIант? Керла хIун ги цунна цигахь?

3. Соьлжа-ГIалин муха сурт хIоттадо поэта?

4. Хьуна гиний стиглагIала?

5. Байтан тIаьххьарлерчу биъмогIанах муха кхета хьо? Цуьнан маьIнах лаций дийца.

6. Хьан самукъдолий Соьлжа-ГIалахь? ХIунда?

• IамийнаргтIечIагIдар.

– Тобанашца болх.

Ловзар «Хьанна йевза Соьлжа-ГIала»?

Чекхбаккха алам:

1. Тхан ГIалахь дуккха а (зезагаш) … ду.
2. Уьш чIогIа (хаза)… ду.
3. Тхан ГIала массарал (цIена) … йу.
4. Оха … (ларйо) тхайн ГIала.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– Байт дагахь Iамайе.

– Вайн гIалин хьайна хазахетачу меттигех лаций жима дийцар кечде.

• Рефлекси. (ХIора дешархочо шен тептар тIехь малх буьллу, дарс дIадолучу хенахь шайн йолу дог-ойла а гойтуш).

Дарсан цIе: **ЯШУРКАЕВ СУЛТАН. «СВЕТОФОР»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Яшуркаев Султана йазйина «Светофор» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар йу некъал дехьадовлуш лело йеза бакъонаш; светофор хIун йу, цуьнца муха гергарло лело деза.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду некъаца лардан дезаш долу хIума кхио, и карадерзо.

Личностни: дешархошна хуур ду некъаца лардан дезаш долу низам муха ду, светофорца некъ хадоран кеп ларйан а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Шабар-шибар деш,
Лаьтта Iежийн беш.
Зингат догIу дедда,
Зу йу тIаьхьайедда.
Ш-ш-Ш - лаьтта Iежийн дитт.
З-з-З - зингат догIу дедда.

• **Мотивацехула актуализаци.**

Бераш, шаьш деша догIуш некъал сехьадовла дезий шу? Хьан дуьйцур дара, некъал сехьа довлуш аш хIун до? Ткъа некъаца бертахь хила дезий вай?

ХIинца-м ларлур ду вай, бераш:
Iамор йу вай некъан бакъонаш!
Дега а, ненега а са ца гатдайта,
Машенахь берш пургIат Iайта.

Керла байт йешар.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

Тача (ду) – некъ, лар.

Морзах болучохь – некъаш къаьстачохь

Некъан жIара (йу) – биъ некъ къаьста меттиг.

– Берашка йоьшуьйту байт.

• Керлачу хаарийн дуьххьара дIалацар.

• Светофор мичахь хуьлу?

• ХIунда оьшу светофор?

• Муьлха беснаш хуьлу светофор тIехь?

• Цуьнан бакъонаш йевзий хьуна? Дийца царах лаций?

• СадаIаран миноташ.

Тидамца шу хьовса дуьхьала,
Светофор йу кхо бIаьрг бетташ.

Баьццара, цIен, можа бIаьрг – курсив?

Лур цо вайга нийса сацам.

ЦIен серло – массо саца тап-алий,

Можа серло – тIараш тоха,

Баьццара серло – шен меттехь когаш тоха.

Светофоран бу шен хаам,
Кхочуш бе аш цуьнан лаам!

• Iамийнарг тIечIагIдар.

Хьалхара ловзар: «Светофор йилла».

Берашка геометрин фигурех сфетофор йуьллуьйту. Гойту, маса геометрин фигура йу цунна йукъехь. Йовзуьйту церан цIераш.

ШолгIа ловзар: «ХIаъ – ХIан-хIа».

(Бераша массара а цхьана «хIаъ», йа «хIан-хIа» жоп лур ду хаттаршна.

– ГIалахь сиха лелий машенаш?

– Некъан бакъонаш йевзий хьуна?

– Светофорехь цIен бос бу лепаш, дехьа вала мегий некъах?

– Ткъа баьццара бос лепаш хилча мегий?

• ЦIера болх:


– Iамайе С. Яшуркаевн «Светофор» байт.

–Дагахь латтайе некъаца лело йеза бакъонаш.

• **Дешархоша биначу белхан мах хадор.**

• **Рефлекси.**

«Кхиаман лами.



ДАШО ГУЬЙРЕ

Дарсан цIе: **МАКАЛОВ ШАМСУДДИ. «ГУЬЙРЕ»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Макалов Шамсуддис йазйина «Гуьйре» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду гуьйренан коьрта билгалонаш йовза, гурахь хуьлу хийцамаш къасто а.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду байта тIехь дустарш муха гайтина ду а хьожуш, гуьйренах йолу шайн ойла нийса йовзийта.

Личностни: дешархошна хуур ду гурахь хуьлу хийцамаш кхечу хенах хийцамех къасто.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Деша, аз (г) къаста а деш.

Голаш хецна уьду Говраш,
Чехка хьийза Говран Голаш,
Гезарий йу деш ГІе-ГІе-ГІе.

• Мотивацехула актуализаци.

Хьехархо: ЭххІай! Ма дукха хан йаьлла-кх вай долчу вайн доттагІ ЧІирдиг ванза. Са ма гатделла сан-м цунна. Шун деллий, бераш? (Берийн жоьпаш).

Хьехархо: Мичахь ву аьлла хета шуна иза? Цхьа а доттагІий барий цуьнан?

(Дика а, Жайна а, Маьлх-Аьзни а).

Хьехархо: Уьш болчахь-м вац-те иза? Хьовсий вай? (Берийн жоьпаш).

(Интерактиван уьн тІехь гойту «Дашо гуьйре» цІе йолу жима туьйра).

Хьехархо: ЭхІ! Ма хазахийти-кх суна ЧІирдиг а, цуьнан доттагІий а гина. Шуна а хеттачух тера ду. (Берийн жоьпаш) Дика даима а бІараш дууш хуьлу ма бохура ЧІирдига, шуна дезий бІараш? (Берийн жоьпаш). Муьлхачу хенахь хуьлу бохура ЧІирдигас бІараш?

(Гуьйранна).

Хьехархо: Нийса ду. Ткъа гуьйре маца хуьлу хаьий шуна? Аьхке дІайаьлча хуьлу. Вай тахана хьовсур ду гуьйренан хан + иза хІун хан йу а, гуьйранна хІун хийцамаш хуьлу а.

• Керла байт йовзийтар. Макалов Ш. «Гуьйре».

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Берашка йоьшуьйту байт.

• Керлачу хаарийн дуьххьара дІалацар. Керлачу дешнех кхетор.

Берашка йоьшуьйту байт, интерактиван уьн тІехь цадевза дешнаш а гойтуш.

Хьехархо: Хазахийтирий шуна Ш. Макаловс йазйина байт? (Берийн жоьпаш). Гуьйранна дитташ муьлхачу басахь хуьлу хаьий шуна? (интерактиван уьн тІехь гойту гуьйренан дитташ). Берашца цхьаьна хьехархочо гуьйранна дитташ муха хуьлу дуьйцу. (Диттийн гІаш можа хуьлу, уьш охьаоьгу, мохо леста а

деш). Ткъа гезго маша буцуш гиний шуна? (интерактиван уьн тIехь гойту гезг а, маша а.) Берашца цхьаьна хьехархочо дуьйцу гезган маша муха хуьлу.

• СадаIаран миноташ.

Ма дукха вай болх бина,
БIаьргаш шун а гIелделла,
(бIаьргаш детта)
Арахьовса хIинца шу,
Малх ма лекха лаьтташ бу,
(бIаьргаш хьалахьовсабе)
Вай бIаьргаш дIакъовлур ду,
(куьйгашца баIьргаш дIакъовла)
Жимма са а доIур ду.

Белхан тептарца болх.

Макалов Шамсуддин «Гуьйре» байта тIе а хьожуш, хаттаршна жоп ло.

1. Гуьйранна гIаш муьлхачу басахь хуьлу?

_____

2. Iуьйре муха йогIу?

_____

3. Мархаш муха хуьлу?

_____

4. Гуьйре чекхйаьлча хIун мур кхочу?

_____

• Iамийнарг тIечIагIдар.

Нийса а, шера а йешарехь болх бар.


– Гуьйре тIекхочуш хIун дог-ойла хуьлу шун? (сингаттаме, гIайгIане).

– Ткъа гуьйренах лаьцна байт йоьшуш муьлхачу озаца йеша йеза? (гIийлачу, лахдинчу озаца).

ГIийлачу, лахдинчу озаца берашка байт йешийтар.

1. «Блуман кIайдарг» хIоттор

Хаттаршна жоьпаш кIайдаргна йукъа дIайазде.



1. Атта хаттар: Муха хуьлу гуьйре?

2. ДIанисдаран хаттар: Гуьйренан хиламашна йукъадогIий диттийн гIаш маждалар?

3. Интерпретационни хаттар: ХIунда хуьлу гурахь сингаттаме, амма беркате?

4. Кхоллараллин хаттар: ХIун хир дара гуьйре шеран хенаш йукъара дIайаьлча?

5. Мах хадоран хаттар: Шуна хIун аьлла хета, дика ду йа вон ду гуьйре хилар?

6. Практически хаттар: Аш а, шун гергарчара а хIун пайда бо гурахь? Хазахетий шуна гуьйренан денош?

• Дарсана жамI дар.

Хьехархо: Бераш, муьлха хан йара вай йийцинарг тахана? (берийн жоьпаш). Гуьйренан муьлха билгалонаш йевзи шуна тахана? (берийн жоьпаш). ДIабеша тIаьххьара могIа. Муьлха хан кхочур йу боху автора гуьйре дIайаьлча? (Берийн жоьпаш). Ткъа бабас шуна дуьйций туьйранаш? (Берийн жоьпаш).

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

Байт шера йеша. Хаттаршна жоьпаш а кечде.

• Рефлекси.

«Баркаллин кехат». (Берашна кегий кехаташ а лой, цаьрга цу тIехь шайна дарсехь гIо хиллачух лаьцна ши-кхо дош йаздойту).



Дарсан цIе: **СЕЙЛМУХАНОВ МУСА. «ДЕСА IАЛАМ»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Сейлмуханов Мусас йазйина «Деса Iалам» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цIена кехаташ.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: гуьйренан коьрта билгалонаш йовзар; Iалам лардан а, шен а, нехан а могашалла ларйан йезарх кхеташ хилар;

Метапредметни: байта тIехь дустарш муха гайтина ду а хьожуш, гуьйренах йолу шайн ойла нийса йовзийта хаар.

Личностни: ша йешначу исбаьхьаллин говзаран маххадо а, цунах лаьцна шена хетарг ала а, йешначу текстехь йолу синъоьзангаллин мехаллаш йовзийта а, уьш шегахь кхио а хуур ду.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.** (Уьнт Iехь дIайаздо шера алар.)

Гу-Гу-Гу – арахь вайна шеллуш йу,
Гуь-Гуь-Гуь – гIийла догIа догIуш ду,
Гуьй-Гуьй-Гуьй – Iалам можа гуш ма ду,
Ре-Ре-Ре – муьлха хан йу арахь гург?

• **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

– Бераш, уьн тIе хьовса, тIаьххьарчу шина могIанехь долу дешдакъош йуха а деший, уьш вовшахтаса хьажа. Муьлха дош кхолладели шун? (Гуьйре.) Стенах лаьцна хир ду аьлла хета шуна вай таханлера дарс?

– Гуьйре. Нийса боху.

– ХIун девзар ду, хIун Iемар ду вайна тахана?

• **Актуализаци.**

– Бераш, тахана гуьйре йолчу хьошалгIа доьлхуш ду вай. Вайгахь машен ца хилча, муха дIакхочур ду-те вай цига? Хьовсал, хIун йу шун стоьлаш тIехь Iохкурш? (ЦIена кехаташ а, бес-бесара къоламаш а.)

Вай некъан сурт дилла деза. ЦIена кехат схьа а эций, шайна хьалха охьадилла. Цу тIехь вай нийсса зилаш (линии) дахка деза. Схьаэца къоламаш, дилла нийсса ши зил.

– Хьовсийша, хIун хили вай? (Уьн тIехь дешархоша зилаш дехкина кехаташ схьагойту). Вай рельсаш йехкина. Муьлха машен йахало рельсаш тIехула? (ЦIерпошт.) Хьовсал, стенна тIехь гIур ду вай гуьйре йолчу хьошалгIа? (Уьн тIехь кхо сурт ду – машен, цIерпошт, кема. Берашка схьалохуьйту цIерпошт.)

– цIерпошт тIаьхь гIур ду. (Интерактиван уьн тIехь цIерпошт гойту, ткъа цу тIехь чкъургаш йац.)

– Хьовсал, дахалур дуй-те вай оцу цIерпошта тIехь? (Дац.)

– ХIунда? (Цу тIаьхь чкъургаш йац.)

– Соьгахь йу масийтта чкъург. Муьлханаш мегар йу-те цунна? (Интерактиван уьн тIехь гойту маситта геометрин фигура. Бераша го (круг) къасто беза.)

– Нийса ду, чкъургаш горга йу. (Интерактиван уьн тIехь бес-бесара гонаш (круги) гойту.)

– Гайта суна боккха цIен го, жима можа го, боккха можа го, жима цIен го.

– Дика ду. Ткъа цхьана хIуманна тидам бирий аш? Гонаш цIен а, можа а ма ду вай. Гуьйранна дукха хуьлу цIен а, можа а билгалонаш. Ткъа хIун хуьлу мажлуш а, цIен луш а? (Диттийн гIаш.) Мажделча хIун хуьлу царна? (Охьаоьгу.)

– Нийса ду, вайн цIерпошта тIе дIадоьлху вай. ДIадоьлхушшехь Сейлмуханов Мусас йазйина «Деса Iалам» цIе йолчу байте ла а доьгIна, йуха йоьший вай иза? (Хьехархочо ладугIуьйту М. Сейлмухановн «Деса Iалам» цIе йолчу байте, цул тIаьхьа берашка а йоьшуьйту.)

• СадаIаран миноташ.

Бераш, го а бой, ул-улле дIахIуьтту. – Вай хьуьнах кхаьчна. ЧIогIа мох баьлла (механ гIовгIа хозуьйту).

Мох бу хьоькхуш тхан йуьхь тIе. (БIаьргаш дIакъовлу.)

Генаш лестош дитто шен! (Куьйгаш лестадо.)

Мох, ахь жимма собарде, (Куьйгийн пIелгаш меттахдоху.)

Лекха дитташ доха ма де. (Буьхьигаш тІе а хІуьттий, куьйгаш *лекха хьалаойъу.)*

Текстаца болх.

Бераш, «Деса Іалам» цІе йолчу байта тІехь шуна ца девзаш дешнаш дарий? Довза лаьий шуна уьш?

• **Керла дешнаш довзийтар.** (Интерактиван уьн тІехь схьа а гойтуш.)

Дерз (ду) – кегийра догІа

Дохк (ду) – гонахара массо хІума хьулдеш, кІайн кІур санна, баьржа

Іаламан хилам

ЧІаж – чІожехь – догІучу хин тогІе.

Хеба – шелонах жимдала.

Дарц-дорцехь – чІогІа хьоькху мох.

• **Іаматца болх бар.**

– Бераш, «Даьсса Іалам» цІе хІунда тиллина хІокху байтана? Можа а, цІен а бос болуш хІун хуьлу элира вай? Ткъа маждела и гІаш мича доьлху? ХІунда хуьлу гуьйренан Іалам деса?

– «Дохк теба» бохучух муха кхета хьо? (интерактиван уьн тІехь гойту) Хьуна гиний дохк? Муха хуьлу и?

– «Дитташ хеба» бохург хІун ду? (Интерактиван уьн тІехь гойту.) ХІунда хеба аьлла хета хьуна уьш?

– «Шийла бІаьрхиш эгош лаьтта» бохучу могІанах муха кхета хьо? (Интерактиван уьн тІехь гойту.) ХІун бІаьрхиш ду цу тІехь дуьйцурш?

• **Іамийнарг тІечІагІдар. Белхан тептарца болх бар.**

– Гуьйренах сурт дилла, цунна хьайн цІе а тилла.

– Кехаташ тІера гуьйренан хиламашца догІу дешнаш къастаде.



• ЦIера болх:

– Байт дагахь Iамайе.

– Айхьа гуьйренах биначу тидамех лаций дийца.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

«ХIордкема»

– Муха дог-ойла йу шун дарс чекхдолуш? Шайн дог-ойланца догIучу хIордкеманна тIе байракх билла. Дарс дика хеттехь – сийна хIордкема, сингаттаме хеттехь – баьццара хIордкема, дарс дика ца хеттехь - Iаьржа хIордкема.



Дарсан цIе: **ТАПАЛАЕВА АМНАТ. «МАЛОНЧА»**

Дарсан Iалашо: керла туьйра довзийтар; нийса а, шера а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду, муьлххачу а садолчу хIуманца къинхетаме хилар вайн дикачу гIиллакхех цхьа дакъа дуй.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

«Дешнех ловзар»

Деша дешнаш меллаша, тIаккха деша сихха.

ДОК - БОК - СОК
БЕЛ - ШЕЛ - МЕЛ
ВЕР - ВОЬР - ВАР - ВОР - ВИР
СОМ - КОМ - РОМ - ЛОМ
МУК - НУК - ТУК - ТУК

Ткъа хIинца ловзарехь деша и дешнаш: хьалхара могIа - чIогIа, шолгIа могIа - гIийла, кхоалгIа - меллаша, боьалгIа - сихха.

• **Мотивацехула актуализаци.**

Хьехархо:

Моза Iийна мозийн бен чохь,
Моза хилла меца, холчохь.
Моза, моза, чехка лела,
Iаьнна кечам сихха бехьа.

Моза? Iаьнан кечам? И хIуманаш мичара дагадеа-те суна… бераш, шуна хIун аьлла хета, мозий а, Iаьнна бан беза кечам а – царна йукъахь хIун ду-те тера? (Мозий а ду Iаьнара довла дезаш, цара а бан беза Iаьнна кечам.)

Хьехархо: Нийса ду. Адамаш хилла а ца Iаш, массо чохь са мелдолу хIума йу Iаьнна кечам бан безаш. Ткъа тахана вай ладугIур ду, мозано Iаьнна кечам муха бинера дуьйцуш долчу туьйране.

– Хьехархочо доьшу «Малонча» цIе йолу туьйра.

– Дошамца болх.

– Берашка доьшуьйту туьйра.

• **СадаIаран миноташ.**

БIаьргаша вайн садаIа деза. (Дешархоша бIаьргаш дIакъовлу.)

Доккха са а даккха деза. (БІаьргаш къевлина а долуш, берша доккха са доккху.)

БІаьргаша го тосур бу, кІаддаллар дІадер ду. (Къевлинчуьра бІаьргаш схьа а боьллий, цаьрца го боккху.)

ХІинца-м цара сан садаьІна. (БІаьргаш шуьйрра схьабоьллу, йуха дІакъовлу.)

Гур ду хІинца-м дерриг царна! (Дешархой самукъане белало.)

• Керлачу хаарийн дуьххьара дІалацар. Текстаца болх.

– Бераш, Малонча цІе хІунда тиллина аьлла хета шуна оцу мозанан?

– Цуьнан амалца йогІуш йуй и?

– Малонча боцург кхин дийнаташ хІун кечам беш дара Іаьнна?

– Наха муха кечам бора?

– «Къинхьегамна тІера» бохучух муха кхета шу?

– «Дечу гІуллакхах къаьхкаш бара» бохург хІун ду?

• ЦІера болх:

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

(Шайна хеташ долчу дешнашца алам чекхбаккхар)

Суна тахана дарсехь девзи …

Аса сайна кхин а Іамо деза …

Суна дарсехь тахана хазахийтира …

Дарсехь кхин а дика хир дара …

Дарсан цІе: **БАТАЕВА ХЕДА. «ГУЬЙРЕ»**

Дарсан Іалашо: дешархошна Батаева Хедин «Гуьйре» цІе йолу керла байт йовзийтар. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а байт йеша Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хуур ду байтан чулацам стенах лаьцна бу. Iемар ду шаьш йуха йоьшуш хьалха даьхна гIалаташ ган, уьш нисдан.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду Iаматца болх бан, шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан, йешначу байтан коьрта маьIна довза, цунах кхета.

Личностни: дешархошна Iемар ду шайн амалехь Iаламца лело йеза мехала агIонаш нисйан.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.**

Гуьйре гуьйре, мокха гуьйре,
ТаьIина тIекхечи хьо.
Шийла Iуьйре, тийна Iуьйре,
Ойлане ахь даьхна тхо.

ДIайеша олхазарийн аьзнашца. ДIайеша меллаша. ДIайеша къастош.

• **Iалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Iаматан 51-гIа агIо. Муьлха байт йу цу тIехь йерг?

– Мила ву байтан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вайна тахана Батаева Хедин «Гуьйре» цIе йолу керла байт йевзар йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Iемар ду вай.

• **Керла тема хьехар.**

– Хьехархочун дош (дIайоьшу байт).

– Дошамца болх бар.

• **СадаIаран миноташ.**

Мила ву тхан цIа чохь Iаш?
Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ,

(Куьйгаш тоха.)

Мила ву тхан цIа чохь Iаш?

(Шаьш лаьттачохь когаш детта.)

Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ,

(Шаьш лаьттачохь меллаша кхийссало.)

Дада, нана, йиша, ваша,

Цициг, Дошлиг, ЧIирдиг,

(Шаьш лаьттачохь когаш детта.)

ДоттагIий сан шортта бу,

(Аьтту а, аьрру а агIор дегI саттадар.)

Бертахь дехаш тхо Iийр ду.

(Куьйгаш тоха.)

Керла тема кхидIа а хьехар.

– Байт нийса йешарехь болх бар.


Гуьйренах лаьцна байт йешча, дог-ойла муха хилира шун? (ГIайгIане, дог ца догIуш.)

– И тайпа байт йоьшуш муха аз хила деза вайн? (ГIийла, лахдина.)

– ТIедиллар кхочушдар. (Белхан тептар.)

• Дарсана жамI дар.

– «Гуьйре» дашах кластер хIоттайойту:



• ЦIера болх:

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

Цхьа фраза къастайе хьайна уллехь Iачу дешархочух лаций.

– Хьо дика дешархо ву!

– Со реза ву/йу ахь биначу балхана.

– Хьайна лиьча кхин а дика болх балур бара хьоьга.

Дарсан цIе: **АБУБАКАРОВА ПЕТIАМАТ. «ДЕШНЕХ ЛОВЗАР»**

Дарсан Iалашо: дешархой дешнех ловза, чаккхе нийса ала Iамор. Дошамах пайдаэца Iамор. Литературе безам кхоллар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цIена кехаташ.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду, байтан чаккхенаш нисйан а, дошамца болхбан а.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• Къамел шардар.

«Чехкааларца болх»

«Чопа чоьлпи чохь, чоьлпа чорпи чохь».

1. Дешдакъошца деша чехкаалар.

2. Жимма сих а луш деша чехкаалар.

3. Дуьйлалуш сиха, йешна довлуш болар лах а деш, деша чехкаалар.

4. Чехкаалар санна деша.

• Дарсан Іалашонех кхетор.

– Дешархой дешнех ловза Іамор.

– Чаккхенгахь хила деза дешнаш довзийтар.

• Текстаца болх.

(Берашка, нийса дешнаш схьа а лохуш, байт йешийтар.)

• СадаІаран минот.

«Со ловзу».

Суна буьркех ловзуш хазахета, (буьркех тухуш санна, когаш ластадо). Сиха вадар дукхадеза, (довдуш санна кеп йо). Кема хоьхкуш, ловзу со, (уьйгаш, кема хохкуш санна, лестадо). ДІахьабаргех ловзу со, (бІаьргаш куьйгашца дІакъовлу).

Бераш, тхоьца шу а ловза,

Са а даІий, охьаховша.

• Хаттаршца болх.

– Хьуна хиирий могІанийн чаккхенгахь хила деза дешнаш?

– Уьш нийса дуй хьажа, лахарчу дешнашца а дустий: куй, мІара, тІай, цІулла-сара, нуй, гІуй, кара, сай, чабакх-чІара, гуй, бай.

– ХІокху рифмех пайда а оьцуш, хьайгара могІанаш йаздан хьажа: нана – кхана, гуьйре – Іуьйре, хьуна – суна, туьрк – чуьрк. И могІанаш белхан тептар тІе дІайазде.

– Бераш, шу жоьпаш нийса дуй хьовсий вай?

– Нийса дарий шу жоьпаш?

– Мичахь ккуьу цІулла-сара?

– Адамна тоха мегий и сара?

– Хьехархочо цІулла-сара адамна тоха мегаш цахилар довзуьйту.

• Дарсана жамІ дар.

– Стенах лаьцна дийци вай тахана?

– Хазахийтин шуна байт?

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦІера болх:

– П. Абубакарован «Дешнех ловзар» байт шера йеша.

– Вайн тептар тIе дIайаздинчу дешнех пайда а оьцуш, цIахь болх бе.

• Рефлекси.

Дарс чекхйолуш, шайн дог-ойла муха йу хьаьжжина, басарде хIокху суьртех цхьа сурт.



ДЕША ЖУРНАЛ «СТЕЛАIАД»!

Дарсан цIе: **МАКАЛОВ ШАМСУДДИ. «СТЕЛАIАД»**

Дарсан Iалашо: Макаловн Шамсуддин кхолларалла а, цуьнан керла байт а йовзийтар. Iаламан хIонах хуург совдаккхар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: Iамат, ручка, тептар, «СтелаIад» журнал.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду стелаIад журнал хилар а, журналан а, стелаIадан а башхаллаш йовза а.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• Къамел шардар.

За – За – За – диттийн хаза … (заза)

Зу – Зу – Зу – кIохцалгш ира … (зу)

Ба – Ба – Ба – бешахь йолу мерза … (хьайба)
Ка – Ка – Ка – олхазарш а кертахь …. (Дека)

• Актуализаци.

(Хьехархочун дош.)

– Бераш, муьлха йаздархой бевза вайна?

– ЦIераш йаха хуур дарий шуна церан?

– ХIун говзарш йевза шуна цара йазйина?

– Бераш, Макалов Шамсудди вевзий шуна? Тахана вай цунах лаьцна дуьйцур ду. (Хьехархочо боцца хаам бо кхолларалле лаьцна (слайд).

– Цхьа а говзар йевзий шуна Макалов Ш. йазйина?

– Туьйранаш хьанна лерина йаздина цо?

– «СтелаIад» бохучу дашах кхетам ло (слайд).

• СадаIаран минот.

Бераш, кIадделлий шу?

ДогIа

Махо мархаш лоьхку, лоьхку,
Мархаш йоьлху, йоьлху,
ТIадамаш лаьтта Iена, Iена –
Мала хи, кIа, мала.
КIено, охьатаьIий,
Молу, молу, молу.
Мела догIа, ца соцуш,
ДогIу догIу, догIу.

(Бераша, куьйгаш хьалха охьа а дохуьйтий, байтан хьалхара могIа бешча, паргIат лестош, куьйгаш дегадо. Цул тIаьхьа, куьйгаш лесточуьра саца а деш, цкъа хьалха керан йукъ хьалайерзайо, тIаккха охьайерзайо.)

• Текстаца болх бар.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх бар.

– Берашка йоьшуьйту байт.

Белхан тептарца болх.

• Дарсана жамI дар.

– Муха хийти шуна вайн дарс?

– ХIун девзи шуна керла?
– СтелаIад журнал доьшур дуй аш?

• **ЦIера болх:**
– Ш. Макаловн кхолларалла йеша.
– «СтелаIад» цIе йолу байт дагахь Iамайе.
• **Рефлекси.**
Эмоциональни-мукъаман чаккхе. Берашна ши мукъам хозуьйту: сингаттаме а, самукъане а. Дешархоша шаьш къастабо, дарс чекхдолуш, шайн дог-ойланца богIу мукъам.

Дарсан цIе: **ТОЛСТОЙ ЛЕВ. ХIОРДА ЧУЬРА ХИ СТЕНГА ДОЬДУ**

Дарсан Iалашо: берашна хиш довзийтар. Дешархошна хIорд боху дош довзийтар, и стенах олу хаийтар. Даймехкан хиш довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цIена кехаташ.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду хIорд муха хуьлу а, цуьнан билгалонаш а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)
• **Къамел шардар.**

Гуьйре, Гуьйре схьакхаьчна,
ГIаш ду гIийла охьаоьгуш,

Гуьйре, Гуьйре, можа Гуьйре,
ГІенаш ду хьох мерза, хьоме.

ДІайеша чІогІачу аьзнашца. ДІайеша меллаша. ДІайеша сиха.

• **Дешархойн хаарш зер.** (Интерактиван уьн тІехь хІордан сурт а гойтуш, хаттаршца болх бо.)

– Бераш, хІокху суьрта тІехь хІун го шуна? (Море.)

– Нохчийн маттахь хІун олу хаьий шуна? (ХІорд.)

– ХІокхарах хІун олу хаьий шуна? (Шовда.)

– Кхин хІун олу хуур дарий шуна шовданах? (Хьоста.)

ХІокху суьрташ тІехь гушдерш тайп-тайпана хиш ду, царех шовда олу йа хьоста олу? И хиш вовшахкхетча цунах хІорд хуьлу.

– Ткъа хІун Іалашо йу вайн дарсан тахана? (Тайп-тайпана хиш довзийтар.)

– Бераш, реза дуй шу хиш довзийта шайна?

– Хьехархочо берашна дуьйцу хІордан хи дуьра хиларан бахьана.

– Иштта цо довзуьйту воккхачу стеган къамел, дешархой кхетабеш.

– Дийцар доьшуьйту берашка.

• **СадаІаран минот.**

Куьйгаш малхе кховдош шайн,
Маьлхан зІаьнарш лаца схьа,
(куьгаш лакха, тІаккха аьтту а, аьрру а агІор айдар)
Бамбех тера кІеда мархаш,
Нека деш аш лахка дІа. (куьйгаш, белшаш тІе а дохкий, ластадо)
ТІаккха йеша йеза алий,
Дика деша, Іамат йеллий.

• **Текстаца болх.**

– ХІун хан йу дийцар тІехь йуьйцург?
– Стенга ваханера Ваха дадица?
– Стенах цецваьллера Ваха?
– Стенах кхетаве, элира Вахас, ша?

– Муха кхетийра Ваха дендас?

– Шу доьлхий шайн дендеца хIорда йисте?

– Хаттарш лой аш?

– Стенах кхоллало хIорд?

– Цхьа а шовда девзий шуна шайн йуьртара? (Дешархоша цIераш йоху шайна дезачу шовданийн.)

– Шуна-м дика девзаш хилла шовданаш.

• Дарсана жамI дар.

– Стенах лаьцна дийцира вай?

– Шуна хазахийтин вайн дарс?

– ХIунда хуьлу аьлла хета шуна хIордан хи дуьра?

• ЦIера болх:

– ЦIахь дийцар шера деша. Чулацам схьабийца.

• Рефлекси.

Хаамбаран кехат.

Баьццара кехат. *Суна дарс дика хийтира. Ас дика болх бира дарсехь. Со дика кхийтира хьехархочо дийцинчух.*

Можа кехат. *Дарс самукъане дара. Ас болх бира. Мелла а пайдехь хилира суна таханлера дарс. Ас тIедиллар кхочушдира, хаттарна жоп а делира.*

ЦIен кехат. *Дарсах кIезиг пайда белира суна. Со ца кхийтира, дийцинчуг. Суна ца хиира хаттарш а, тIедахкарш а кхочушдан.*



Дарсан цIе: **ЮСУПОВ ІАЗИМ. «ДИТА ХЬОЗА»**

Дарсан Іалашо: йаздархочун кхолларалла йовзийтар. Керла байт йовзийтар. Олхазарх долу хаарш кІаргдар. Даймахке болу безам гайтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду муьлххачу а садолчу хIуманца къинхетаме хилар вайн дикачу гIиллакхех цхьа дакъа дуй.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

МитIи – митIи – митIи – мот,
Къамел де ахь шера мотт,
Соьца ала: Цо – цо – цо – цо,
Арахь гуш ду хаза ло,
ТIаккха ала: Го – го – го – го,
Лайлахь ловзуш бераш го!

• **Дарсан Iалашойовзийтар.**

– Йаздархочун кхолларалла йовзийтар.

– Вайн махкарчу олхазарех лаьцна дийцар.

– Олхазарийн аьзнаш хазийтар.

– Муьлха хьоза дара шуна хезнарг?

– Иштта хаза йиш локхуш долчу хьозанан цIе йаккха. (Лесной жаворонок – луьли.)

– Нохчийн маттахь хIун олу хаьий шуна?

– Стенах лаьцна хир йу аьлла хетта шуна вайн дарс?

– Дешархойн жоп: Хьозанах.

Нийса ду жоп.

• Дешархошка йоьшуьйту байт.

Дошамца болх.

• **СадаIаран минот.**

Куьйгаш малхе кховдош шайн,

Маьлхан зІаьнарш лаца схьа.
(Куьйгаш лакха, тІаккха аьтту а, аьрру а агІор айъар.)
Бамбех тера кІеда мархаш,
Нека деш аш лахка дІа,
(Куьйгаш, белшаш тІе а дохкий, ластадо.)
ТІаккха йеша йеза алий,
Дика деша, Іамат йеллий.

• Текстаца болх.

– ХІун боху бабас кІанте?
– ХІунда элира бабас хьоза Іаддита?
– КІанта хІун дира?
– Хьозано хІун дира тІаккха?
– ХІун элира цо кІанте?
– Шуна хІун аьлла хета, дан дезий воккхачо аьллар?
– Аш хІун дийр дара ишшта хьоза шайн коре деъча?
– Къехко мегий олхазарш? (ца мега)
– Вай Іай хІун до царна? (баннаш до, йуург тосу).

• Дарсана жамІ дар.

– Бераш, вайн махкара муьлха олхазарш девза шуна? (Берашa цІераш йоху шайна девзачеран.)
– Хазахийтин шуна вайн дарс?

• ЦІера болх:

– Байт дагахь Іамайе.
– Вайн махкарчу олхазарех лаций презентаци кечйе.

• Рефлекси.

«Кхо йуьхь».

Хьехархочо берашна гойту кхо йуьхь тІехь йолу сурт: самукъане, гІийла, гІайгІане.

Берашка къастадойту шайн дог-ойланца догІу сурт.:



Дарсан цIе: САМУКЪАНЕ АГIОНАШ. БЕРАША ОЛУ

Дарсан Iалашо: дешархошна С. Эдиловс, Э. Мамакаевс, Ж. Махмаевс йаздина керла кегий дийцарш довзийтар. Йешаран пайда а гойтуш нийса а, кхеташ а, шера а текст йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хуур ду дийцаран чулацам стенах лаьцна бу дийца. Iемар ду шаьш йуха йоьшуш хьалха даьхна гIалаташ ган, уьш нисдан.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду Iаматца болх бан, шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан а, дешначу дийцарийн коьрта маьIна довза, цунах кхета.

Личностни: дешархошна Iемар ду шеран беттанийн цIераш нийса йаха, забаре къамел довза а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• **Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.**

Сир-ла, Сир-ла беттаса,
Лепаш дара Сий-Са-ра.
Са-хи-ли-ра тIаккха,
Схьа-кхий-ти-ра малх а.

ДIайеша олхазарийн аьзнашца. ДIайеша меллаша. ДIайеша къастош.

• **Iалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Iаматан 60-гIа агIо. Муьлха говзарш йу цу тIехь йерш?

– Муьлш бу оцу говзарийн авторш? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вай тахана С. Эдиловс, Э. Мамакаевс, Ж. Махмаевс йаздина керла кегий дийцарш доьшур ду. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и дийцарш деша Iемар ду вай.

• Керла тема хьехар.

– Берашка доьшуьйту С. Эдиловн «Цавоьхна дешархо» дийцар.

– Хьехархочун дош.

Бераш, нийса жоп деллий оцу дешархочо? Вайна-м хаьа, А элп дIадаьлча, цунна тIаьхьальтта элп муьлхарг ду, хаьий? Дийцал, муьлха элп ду иза. Ткъа хIокху дийцаран цIе, «Цавоьхна дешархо» хIунда тиллина аьлла хета шуна?

– Дешархошка доьшуьйту Мамакаев Эдуардан «Ша и кит хилла-кх» цIе йолу дийцар.

– Хьехархочун дош.

Бераш, «хица бутт дIамелира» бохучух муха кхета шу?

Шуна хетарехь муха дIамелла говро хица бутт?

Иштта алар нийса дуй? Ткъа «кит» бохучу дешан маьIна вайн дошамехь схьалахий вай? *(Дошамца болх бар)*

• СадаIаран минот.

Лелий довла, эккхош гIовгIа,
СадаIа хан кхаьчна вайна.
Стигал довлуш лами бу,
Цу тIе довла лууш ду.
(Шаьш лаьттачу меттехь когаш деттар.)
ГIур ду лекхчу стигла вай,
КIайчу мархийн лаца сай,
(Куьйгаш лекха хьалаойъу.)
Лелий довла, само йе,
Дика деша Iамаде!

• Керла тема кхидIа а хьехар.

Дешархочуьнга доьшуьйту Махмаев Жамалдин «Кхойттал-гIа бутт» цIе йолу дийцар.

Хьехархочун дош.

– Бераш, нийса жоп деллий Хизара хьехархочунна?

– Шуна хаьий, шеран маса бутт бу?

– Дошлиг ву шена хаьа бохуш, цуьнга хаттий вай церан нийса цIераш муха хуьлу?

(Іамат тІехь йолу беттанийн цІераш йеша а йоьшуш, шера чохь маса бутт бу дагардойту).

ХІинца хиа вайна оцу хаттаран нийса жоп. Ала, маса бутт бу шеран?

Дийцар нийса дешарехь болх бар.

– Самукъане дийцар дешча дог-ойла муха хилира шун? (дела дог догІуш, самукъаделира).

– И тайпа дийцарш доьшуш муха аз хила деза вайн? (чІогІа, самукъане).

Берашка самукъанечу озаца дийцарш дешийтар.

Іамийнарг тІечІагІдар.

ХІора а суьртаца йогІу беттанийн цІераш а йазйеш, кхочушде тІедиллар.

• **Дарсаца жамІ дар.**

– Бераш, самукъаделин шун тахана?

– Шун нисделлий иштта беламе хІума?

– Шеран маса бутт бу хуур дуй шуна хІинца?

• **ЦІера болх:**

– ЦІахь дийцарш деша.

– ЦІахь дийцийта кегий долуш шайца хилла долу самукъане хІума.

• **Дешархоша биначу белхан мах хадор.**

• **Рефлекси.**

«Бес-бесара кехаташ»

Дешархошкахь шина тайпана кехаташ ду: сийна а, цІен а. Цара гойту, дарс чекхдолуш, шайн дог-ойлане хьаьжжина долу кехат. Сийна кехат – самукъане, цІен – гІайгІане.





САН ДОЬЗАЛАН ЙОВХО

Дарсан цIе: **СУЛЕЙМАНОВ АХЬМАД. «НАНА»**

Дарсан Iалашо: дешархошна ненах лаьцна байт йовзийтар; ненан дозалла довзийтар; ненан безам, синхазалла, деган аьхналла йовзийтар, нене болу безам совбаккхар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хуур ду байтан чулацам стенах бу. Дешархошна хуур ду хезаш йеша, тIаьхь-тIаьхьа шайн дагахь йешар тIе а бовлуш.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду Iаматца болх бан, шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан, йешначу байтан коьрта маьIна довза, цунах кхета.

Личностни: дешархошна хуур ду ненан сий дар деза дуй а, цуьнца кIеда-мерза хила дезий а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• **Мотивацехула актуализаци.**

– ТIекхечи бIаьсте. Ма хаза ду-кх вайн арахь. Муьлхачу дашца дустур дара аш бIаьсте дош? Иштта цхьа дош ду-кх вайн дахарехь. Уггар гергара а, хьоме а, дика а. ХIун дош ду-те иза? Нана!

Берашна хIетал-метал далар.

Дуьненахь йац цул а мерза,
Массо беркат долуш шеца,
Ала лаьа аш тахана –
Уггар хьоме йу вайн…
(Нана.)

– Хьан эр дара, хьанах лаьцна дуьйцур ду вай тахна? (Ненах лаьцна.)

• Йешар шардар (хІора а дешархочун хьалха биъ могІанах лаьтташ йолу ненах лаьцна байт йу)

– хаттаран кепехь дІайеша.

– цецваларан кепехь дІайеша.

– гІийлачу озанца дІайеша.

– даккхийдерца дІайеша.

ЦІеначу даггара,
Мерзачу дешнашца,
Дийций вай, доттагІий,
Хьомечу ненах?

• Керла тема хьехар.

• Прогнозировани йар. Схьайелла Іамат. ДІайеша Сулейманов А. йазйинчу байтан цІе, белхан тептар тІехь цунна дехкинчу суьрташка а хьовса.

– ХІара байт йешале хьалха хІун ала мегар ду цунах лаьцна? *(И байт ненах лаьцна йу.)*

Хьехархочо байт йешар.

– Нийса аьлла хиллий вай и байт ненан лаьцна йу?

Дешархоша байт йешар (байтан цхьацца могІа доьшуьйту берашка)

Байтех лаьцна къамел кхиор.

– Хазахийтирий шуна байт? (Хийтира.)

– ХІун дара шуна цу йукъахь хазахеттарг?

– Оцу байтана мукъам дагабаийта безара вай, хьовсий вай вайга хІун дало?

– Муха мукъам товр бара хІокху байтаца? (КІеда, гІийла.)

Дешнашца болх бар.

ХІокху байта йукъахь вайна гира хІара дешнаш: комаьрша, сийлахь, къона.

Муьлхачу синонимашца хийца йиш йу вайн уьш? (Догдика, лараме, жима.)

• СадаІаран миноташ.

– Йеъна хІинца хан садаІа,
Нанина гІо дийр ду вай.

ХIуманаш йуьттуш, охьатаIа,
Куьйгашца уьш хьакхор вай,
ОхьатаIа, хьалатаIа,
СадоIу хан йерзор тIаккха.

• **Дешархошка байт йешийтар. Шайн дешнашца схьайийцийтар.**

• **Дарсана жамI дар.**

– Хьанах, стенах лаьцна дийцира вай?
– ХIун хазахийтира шуна?
– Муха сий дан деза ненан, Даймехкан?
– Аш дийр дуй иштта сий?

• **ЦIера болх:** байт дагахь Iамайе.

• **Дешархоша биначу белхан мах хадор.**

• **Рефлекси.**

«Дог-ойланан кехаташ» (Берашна доькъу цIен а, можа а, Iаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъдалар; цIен кехат – дог ца дар; Iаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша).



Дарсан цIе: **АХМАДОВ МУСА. «ДОЬЗАЛ»**

Дарсан Iалашо: дешархошна керла байт йовзийтар; «доьзал» бохучу дашах кхетам балар; гIиллакхех долу хаарш совдахар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду дайн гІиллакхашкахь «доьзал» бохучу дешан мах мел лекха хилла.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

Дийца – сих ма ло, гІалат валарх кхерало.

КІур-кІур, дІанехьа,
ЦІеран котам, схьанехьа.

– Йеша меллаша.

– Йеша цхьажимма чІогІа.

– ХІинца чІогІа а, кхеташ а йеша.

• **Керла тема хьехар.**

Хьехархочо Ахмадов М. кхолларалле хоцца хаам а луш, «Доьзал» цІе йолчу байтан чулацам бовзуьйту.

Ахмадов Муса вина 1956-чу шеран кхолламан беттан 28-чу дийнахь. Шен дахарехь цо дуккха а къахьегна говзарш йазйеш, вайн Даймехкан а, Іаламан а, гІиллакхийн а хазалла а, исбаьхьалла а вайна йовзийта гІерташ.

Ткъа тахана вай йоьшур йу доьзал муха хила беза гойтуш, цо йазйина байт.

• **Дошамца болх.**

• **СадаІаран миноташ.**

«Аьзнаш»

(Бераш 3 тобане декъало. ХІора тобанан декъашхоша тайп-тайпанчу дийнатех аьзнаш тардо. Масала:

1 – цицигаш (МІаьу-мІаьу-мІаьу)

2 – бедаш (Къа-къа-къа)

3 – зарзарш (ЦIир-цIир)

4 – Iахарш (бIее-бIее-бIее)

(ХIора а тобанна тIе а йоьдуш, хьехархочо стоьла тIе пIелг туху: «Мил – мила ву хIокху цIа чохь Iаш верг?»

(Бераша дийнатийн аьзнашца жоьпаш ло.)

ТIаккха хьехархочо олу:

«Цицигаш, хьалагIовтта! (Куьйгаш хьала а айъий, ластаде.)

«Бедаш, хьалагIовтта! (Корта меллаша хьовзабе.)

«Зарзарш, хьалагIовтта! (Когаш сиха аш тоха.)

«Iахарш, хьалагIовтта! (ДегI аш дехьа-сехьа хьовзаде.)

– Цул тIаьхьа, и упражненеш массаьрга а йойту.

• Керлачу темин дуьххьара дIалацар. Белхан тептарца болх бар. Хаттаршца болх бар.

1. Маса бер ду байта тIерачу доьзалехь? Церан цIераш дагахь лаьттирий хьуна?

2. Муха доьзал бу аьлла хета хьуна байта тIехь гайтинарг? Баккхийчара аьлларг до аьлла хетий хьуна бераша?

3. Жимачу шина кIанта муха самукъдоккху баккхийчеран?

4. Дийца, бераша шайн нанна муха гIо до. Байта тIехь схьалаха цунах лаьцна могIанаш.

5. ЦIахь баккхийчаьрга дийцийта доьзалехь лелочу гIиллакхех лаций.

• Дарсана жамI дар.

– Доьзал бохучу дешан маьIнах кхийтин шу?

– Муха хила беза доьзал?

– Доьзалехь коьртаниг хIун ду?

– Ахмадов Мусан доьзалера муьлха гIиллакхаш девзи шуна?

• ЦIера болх: «Доьзал» байт дагахь Iамайе. Шайн тептарш тIе гIиллакхех лаций кицанаш йазде.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

«Іалам»

Дешархошна Іалам тІехь долу ши сурт гойту. Цхьа сурт сингаттаме, кхоьлина Іалам долуш ду, ткъа шолгІаниг – самукъане, сирла Іалам. Берашка къастадойту шайн дог-ойлане хьаьжжина сурт.





Дарсан цІе: **ГАЙСУЛТАНОВ ІУМАР. «БІОБА ЭККХОР»**

Дарсан Іалашо: Гайсултанов Іумаран кхолларалла йовзийтар; дешархошна керла туьйра довзийтар; дийцаран чулацамах кхетам балар.

Дарсан кеп: керланиг довзийтар.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду мел жимачу хІуманца йина йелахь а, харцо дика йоцийла.

Дарс дІадахьар

- **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).
- **Къамел шардар.**

Ог – Уг – Аг – Иг – Писус ловзош йолу тайниг

Уг – Аг – Иг – Ог – Хьаьрчи стоьлан лоцуш ког,

Аг – Иг – Ог – Уг – Лаца гІерта бабин куьг,

Иг – Ог – Уг – Аг – Бабас леци писун лаг.

• Мотивацехула актуализаци.

– Бераш, І. Гайсултанов вуьйцуш хезний шуна? Иза йаздархо ву. Цо берашна лерина дуккха а говзарш йазйина. Тахана а шуьга дешийта аьлла, керла туьйра даийтина цо.

– Бераш, БІоба бохург хІун йу хаьий шуна?

– ХІунда олуш хилла-те и дош? Хьанна хаьа шуна?

– Шуна хетарехь нийса дуй и иштта бер кхерош алар?

– ХІунда дац и нийса?

ХІинца вай хІара туьйра деша а доьшуш, кхидІа дуьйцур ду.

• Керла дийцар довзийтар. (Хьехархочо доьшу дийцар.)

• СадаІаран миноташ.

Бераш, го а бой, ул-улле дІахІуьтту. Вай хьуьнах кхаьчна. ЧІогІа мох баьлла (механ гІовгІа хозуьйту)

Мох бу хьоькхуш тхан йуьхь тІе, (бІаьргаш дІакъовлу)

Генаш лестош дитто шен, (куьйгаш лестадо)

Мох, ахь жимма собарде, (куьйгийн пІелгаш меттахдоху)

Лекха дитташ доха ма де. (боьхьаш тІе а хІуьттий, куьйгаш лекха хьалаойъу)

• Керлачу хаарийн дуьххьара дІалацар. Белхан тептарца болх бар.

Бераш, керла турпалхой ма бевзи вайна-м, муьлш бара уьш? (Саламу а, Ризван а)

Саламу кхоьруш хІунда вара?

ХІунда кхерийнера и Ризвана?

Ризван дохко хІунда ваьллера ша Саламу кхера Іаморна?

Муха хьехар дира хьехархочо Ризванна? ХІун туьйра дагадаийтира цунна хьехархочо?

Саламуна муха йу моьттура бІоба? Текста тІехь схьа а лахий, дІайеша и меттиг.

Дийцаран цІе «БІоба эккхор» хІунда тиллина аьлла хета хьуна?

Муха эккхийра Ризвана бIоба?

Шу кхоьрурий кегий долуш? Стенах кхоьрура шу? Муха дIабелира шун кхерам?

Аш хIун дийр дара Ризванан метта хилча?

• Дарсана жамI дар.

– Бераш, муха хийти шуна вайн дарс?

– Кегий бераш кхеро мегарг ца хиларх кхийтин шу?

– Аш ма делаш и саннарг.

• ЦIера болх:


– Дийцар деша, чулацам схьабийца.

– Ца кхеташ дешнаш делахь шайн тептарш тIе дIайазде.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

Шайн балхана мах хадор.



Дарсан цIе: ДЕМЕЕВ IАЛАВДИ. «ДАДИН ЗЕЗАГ»

Дарсан Iалашо: Демеев Iалавдин кхолларалла йовзийтар; керла байт йовзийтар, цуьнан чулацамах дешархой кхетор; байтан анализ йар Iамор. Цакхетачу дешнийн маьIна дастар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду байтан чулацам нийса бийца, Іаламах лаьцна дийца а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Дедда доьду арахь эса,
ДоттагІий шен ган сатесна,
Амма догІа вайна серса,
Хьо цІа даха деза, эса.

• **Дешархой балхана йукъабалор.**

Малхо хьоьстуш
Зезаг ду со,
Ломахь сенчу
Бай тІе даьлла.
Вочу маттаца
Со ма дийца,
Вочу куьйга
Со ма хьаде.

– Стенах лаьцна йу и байт?
– Мухачу маттаца ма дийца бах цо?
– Мухачу куьйгашца ма хьаде бах?
– ХІунда аьлла и иштта?
Мила ву хаа лаьий шуна оцу дешнийн автор? (Сатуев Хь.)

• **Керла байтйовзийтар.**

– Хьехархочо йоьшу, цул тІаьхьа дешархошка йоьшуьйту.
– Дошамца болх.

• **СадаІаран минот.**

Дехкий
Дехкий арадевлла, боху,
Сахьте мел хан йаьлла хоьттуш,
Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ –
Дехкий лергаш лаьцна хьаьвзи,

ТIаккха йоккхуш чIогIа гIовгIа,
Дехки дахна боху ловза.

• **Текстаца болх.**

– Хазахийтирий хьуна байт?

– ХIун ду хьуна цу тIехь хазделларг?

– ЙоIа ша ден гIуллакх муха до?

– Байтан цIе «Дадин зезаг» хIунда йу аьлла, хета хьуна?

– Байтан тIаьххьара ши могIа йухабеша. Муха кхета хьо царах? ХIунда боху цо иштта?

• **Белхан тептарца болх.**

• **Дарсана жамI дар.**

– Муха хийтира шуна вайн дарс?

– Самукъделирий шун вайн дарсах?

– Iаламах лаьцна хIун девзи шуна?

– Вайн байта йукъахь дуьйций Iаламах лаьцна? Муьлхачу дешнашца гойту?

– Кхин хIун ду байтехь вайна мехала дерг?

– Аш дой шайн дена иштта хазахетарш?

• **Хаарийн мах хадор.**

• **ЦIера болх:** байт дагахь Iамайе.

• **Рефлекси.**

«Зезаг – дика доьшург»

Бераша къастадо шайн дог-ойланах терра бос болуш зезаган гIа. Цул тIаьхьа дерриг гIаш цхьана зезага чохь гулдо.



Дарсан цIе: **ШАМИЛОВ САХЬАБ. «ЖИМА ЦIА»**

Дарсан Iалашо: дешархой «къинхетам» бохучу дашах кхетор. Вешин-йишин йукъара ларам гайтар. ГIиллакх довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цIена кехаташ.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду, хьанал къахьегар вайн дикачу гIиллакхех цхьа дакъа дуй.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цIена кехаташ.

Дарс дIадахьар

- **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).
- **Къамел шардар.**

Мохо ловзош леста дитт,
Шабар-шибар вайна деш,
Ш – ш – Ш – ш,
Лаьтта иза арахь шеллуш,
Охьаоьгуш можа гIаш,
Ш – ш – Ш – ш.

- **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

(Кертахь болх бечу кIентан сурт а гойтуш, хьехархочо берашка хаттарш до)

– Бераш, хIун деш ву аьлла хета шуна и кIант?

– Кхузахь муха го вайна сурт?

– Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана?

• **Керла дийцар довзийтар.**

– Хьехархочо текст йовзуьйту, ша йеша а йоьшуш.

– Дошамца болх.

• **СадаIаран минот.**

«Аьзнаш»

(Бераш 3 тобане декъало. ХIора тобанан декъашхоша тайп-тайпанчу дийнатех аьзнаш тардо. Масала:

1 – цицигаш (МIаьу-мIаьу-мIаьу.)

2 – бедаш (Къа-къа-къа.)

3 – зарзарш (ЦIир-цIир.)

4 – Iахарш (БIее-бIее-бIее.)

(ХIора а тобанна тIе а йоьдуш, хьехархочо стоьла тIе пIелг туху: «Мил – мила ву хIокху цIа чохь Iаш верг?» (Бераша дийнатийн аьзнашца жоьпаш ло.)

ТIаккха хьехархочо олу:

«Цицигаш, хьалагIовтта!

(Куьйгаш хьала а айъий, ластаде.)

«Бедаш, хьалагIовтта!

(Корта меллаша хьовзабе.)

«Зарзарш, хьалагIовтта!

(Когаш сиха аш тоха.)

«Iахарш, хьалагIовтта!

(ДегI аш дехьа-сехьа хьовзаде.)

– Цул тIаьхьа и упражненеш массаьрга а йойту.

• **Текстаца болх.**

– ХIун дан волавелира Борз?

– Дас-нанас магийтирий цунна?

– ХIун аьлла тIейахара йиша?

– Муха жоп делира Борзас шен йишина?

– ХIун дийр ду элира цо шена и чоь йелча?


– Шена хилла халахетар муха лачкъийра йоIа?

– Борз ша аьллачунна дохковалар стен гойту дийцарехь?

– Коьртаниг адамехь оьшург хIун ду аьлла хета шуна? (Собар.)

– Бераш, оцу доьзалехь буй барт, собар?
– ЙоІа ша хьаша муха тІелоцур ву элира?
– Вайн къоман хьаша тІелацар муха ду аьлла хета шуна?
• Дарсана жамІ дар.
– Бераш, хазахийтин шуна керла дийцар?
– Керла хІун девзи шуна?
– Кхин а доьшур дуй аш дийцарш?

• ЦІера болх:
– дийцар деша.
• Рефлекси.
«Дог-ойланан кехаташ». (Берашна доькъу цІен а, можа а, Іаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъдалар; цІен кехат – дог ца дар; Іаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша).





Дарсан цІе: **МАХМАЕВ ЖАМАЛДИ. «ДЕЗА ДЕНОШ»**

Дарсан Іалашо: керла дийцар довзийтар, цуьнан чулацамах дешархой кхетор; шеран деза денош довзийтар а, уьш къасто Іамор а.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду деза денош къасто а, церан дозалла довза а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• Къамел шардар.

– Чехкаалар дешийтар.

«Со шершачохь ча чу ца шерша, ча чу шершачохь со чу ца шерша». (3-за деша чехкаалар, са а ца доккхуш.)

• Мотиваци йар.

Со мамел хьалха
ХьалагIоттур йу.
Мамина зезаг
Ас лохур ду!
Со хелхайер йу,
Йиш локхур йу,
Массарал хаза
Сан мама йу.

– Муьлха де дагадогIу шуна хIара байт хезча?

– Деза де ала мегар дуй оцу байта тIехь дуьйцучух?

– Мила ву аьлла хета шуна оцу дешнийн автор?

– Кхин муьлха байт йевза шуна дезачу денна лерина?

• Дарсан Iалашонах кхетам балар.

Деза денош бохучу дешан маьIна дастар.

Шу муха кхета деза денош бохучу дешнех?

• Керла тема хьехар.

– Берашка йешийтар.

– Хаттаршца болх.

• Хьуна йевзий шеран рузма? Лело хаьий хьуна и?

• ЦIен къоламаш хIунда хьекхнера Сайхана календарь тIе?

• ХIунда лаьара цунна деза денош алссам хилийта?

• Ахь сатуьйсий мукъачу деношка? ХIунда?

• ХIун до ахь мукъачу деношкахь?

• СадаIаран миноташ.

(Бераша, аьтту а, аьрру а агIор а доьрзуш, дегI меттахдоккху.)

Сахьт

Тик-так, тик-так – массо сахьт ду беш и некъ:

Тик-так

(Корта белшашна тIе охьатаIабо аьтту а, аьрру а агIор.) Хьовса сихха маса сахьт даьлла:

Тик-так, тик-так, тик-так,

(Аьтту а, аьрру а агIор куьйгаш ластадо.)

Аьтту – цхьаъ, *аьрру* – шиъ,

ХIара а хаьа тхуна кхин а,

(Куьйгаш вовшах а тосий, меллаша го боккху.)

Тик-так, тик-так.

• Керлачу хаарийн дуьххьара дIалацар. Белхан тептарца болх бар.

Хаттарш.

• Муьлха дийцар йа байт хазахийтира хьуна хIокху декъа йукъара? ХIунда? ХIун хазахийтира хьуна цу йукъахь?

• Цу дийцаршна, байташна йукъара муьлхачу турпалхочун амалш дика хийтира хьуна? Хьайх тера цхьа а хийтирий хьуна?

• Доьзал бохучух муха кхета хьо? Мила вогIу доьзална йукъа?

• Доьзалехь коьрта хIун ду? Хьуна цхьа хIума оьшуш хилча йа цхьа халахетар хилча гIо хьан до хьуна? Хьайн халахетар а, хазахетар а уггар хьалха хьаьнца доькъу ахь?

• Хьан дуй йиша-ваша, шича? Цхьаьнакхетча самукъдолий шун? СадаIар муха хуьлу шун? Стенах ловзу шу? Вовшашна гIо дой аш?

• Белхан тептар тIехь хьайн доьзалх лаций проект кечйе.

• Дарсана жамI дар.

– Стенах лаьцна йара вайн дарс?

– Самукъделирий шун?

• **ЦIера болх:** дезачу дийнах лаьцна дийцар деша.

• **Дешархоша биначу белхан мах хадор.**

• **Рефлекси.**

Шаьш биначу белхан мах хадабе.

– Дика кхета а кхетта, болх биначо самукъане корта (смайл) билла.

– Кхета а кхетта, амма ша биначу балхана реза воцучо йуккъера корта билла.

– Кхета хала а долуш, болх дика ца биначо сингаттаме корта билла.



Дарсан цIе: **ГАЦАЕВ САЬИД. «ЖИМАЧУ КIЕНТАН ОЙЛАНАШ»**

Дарсан Iалашо: дешархошна керла байт йовзийтар; гIиллакхех долу хаарш совдахар, йешаран пайда а гойтуш, шера а, нийса а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна Iемар ду шайн ойла йовзийта а, йешаран а, ойла йаран а пайда ган а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.**

Ха-За, Ха-За йу сан На-На,
Мер-За, Мер-За йу иЗа.
Йе-За, Йе-За иЗа суна,
Уггар диканиг На-На йу хьу-На!

ДІайеша самукъанечу озаца. ДІайеша меллаша. ДІайеша чІогІа.

• **Дарсан Іалашонашйовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 83-гІа агІо. Муьлха байт йу цу тІехь йерг?

– Мила ву оцу байтан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана?

Вай тахана С. Гацаевс йазйина «Жимачу кІентан ойланаш» цІе йолу керла байт йоьшур йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Іемар ду вай.

• **Керла тема хьехар.**

– Хьехархочо Гацаев С. кхолларалле х боцца хаам а луш, «Жимачу кІентан ойланаш» цІе йолчу байтан чулацам бовзуйту.

– РогІалла лар а йеш, берашка йоьшуьйту байт.

• **СадаІаран минот.**

Ма дукха вай болх бина,
БІаьргаш шун а гІелделла,
(бІаьргаш детта)
Арахьовса хІинца шу,
Малх ма лекха лаьтташ бу.
(бІаьргаш хьалахьовсаде)
Вай бІаьргаш дІакъовлур ду,
(куьйгашца бІаьргаш дІакъовлу)
Жимма са а доІур ду.

• **КхидІа керлачу темица болх бар.**

– *Хаттаршца болх бар.*

– Бераш, муха йу оцу кIентан ойланаш?

– Аш йой иштта ойла?

– *Шун йуй цIахь баба? Муха хьехарш до цо шуьга?*

– *Муьлха гIиллакхаш довзуьйту цо шуна?*

– *Белхан тептарца болх.*

• Дарсана жамI дар.

– Муха хийти шуна байт?

– ГIиллакх долу стаг – иза муха ву аьлла хета шуна?

– Шуна лаьий гIиллакх долуш хила? Иштта хила муха къахьоьгур ду аш?

• ЦIера болх:

С. Гацаевн «Жимачу кIентан ойланаш» цIе йолчу байтан кийсак Iамайе.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

Дешархойн стоьлаш тIехь бес-бесара стоьмаш бу (цIениг – дарс дика хетар билгалдоккхуш, можаниг – дарс дика а хетта, амма Iамийнчух дикка кхетта цахилар гойтуш, баьццарниг – дарсехь хаза цахилар, шена хIумма а кхетта цахилар гойтуш). Оцу стоьмашца берашка дарсан мах хадабойту.



НИЙСА А, ТІЕДЕЪНА А МАЬІНА

Дарсан цІе: **НИЙСА А, ТІЕДЕЪНА А МАЬІНА**

Дарсана Іалашо: дешархошна керланиг довзийтар.

Дешаран: дешнийн маьІна цхьаъ а, масех а хила йиш йуй хаийтар; тардина маьІна нийсачух къасто хаийтар;

Кхиоран: дозуш долу къамел кхиор;

Кхетош-кхиоран: ненан матте болу безам чІагІбар; гІиллакх-оьздангаллица кхетош-кхиор.

Дарсан кеп: хаарех пайдаэцаран дарс.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка).

• Къамел шардар.

– Чехкаалар дешийтар

– «Шина чиркха ши шиша, шина шичин ши йиша» (са а ца доккхуш 2-за деша).

• Дешархойн Ойла тІейерзор.

Уьн тІехь дІайаздо: «ГІиллакх динан ах ду».

– «ГІиллакх» бохучу дашах муха кхета шу?

– ХІокху кицанан хІун маьІна ду?

– Шуна уггар дика хеташ долу гІиллакх муьлханиг ду?

• Долчу хаарийн актуализаци.

• ЦІера болх тобанашкахь вовшийн таллар.

• Текстаца болх.

• Хьо муха кхийтира нийса а, тІедеана а маьІна бохучух? ТІедеанчу маьІнехь лелочу дешнийн масалш даладе.

• Кицанаш дІадеша. Царна йукъахь дуй тІедеанчу маьІнехь далийна дешнаш?

• Схьайазде нийсачу а, тардинчу а маьІнехь лелаш долу дешнаш текста йукъара.

Аьхка хье ца кхихкича Іай йай ца кхехка.
Шен цІа – цІен цІа.
Дешар – серло, цадешар – бода.
Тоьпо йина чов дІайоьрзу, матто йинарг дІа ца йоьрзу.
БІаьста дІадийнарг Іай карийна.

• СадаІаран миноташ.

Бераш хьуьнхахь ловзуш ду,
Іаламе бІаьрг тухуш ду,
Хьалахьовсу малхе уьш,
Маьлхан зІаьнарша доздо уьш,
ХІара бозбуанчалла ма ду:
Берех лоха нах ма хилла,
ХІинца массо хьалагІовтта,
Даккхий догІмаш долу нах.

ДІайазде кицанаш, даима шайн дагахь латтаде уьш.

• ТІедеанчу маьІнехь долчу дешнаша вайн къамел хаздо. Цундела баккхийчара шайн къамелехь а, йаздархоша книгаш тІехь а дукха леладо уьш. Церан тидам беш хила.

Болх бина кІадделий шу?

• Дарсана жамІ дар.


– Бераш, хІун йара аьлла хета шуна вайн дарсан цІе?
– Ца кхеташ цхьа а висний?
– Муха хуьлу дешнийн маьІна?

• ЦІера болх: Баккхийчаьрга а хаттий, шишша кица дІайазде шайн тептарш тІе.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

«Кхиамийн лами»



МАРША ДА ХЬО, КЕРЛА ШО!

Дарсан цIе: **АХМАДОВ МУСА. «КЕРЛА ШО»**

Дарсан Iалашо: дешархошна керланиг довзийтар.

Дешаран: Ахмадов М. керла байт йовзийтар, дешархошна Iаьнан хиламаш бовзуьйтур долу хьелаш кхоллар.

Кхиоран: дешархойн тидам бар кхиор; шайн ойла нийса йовзийта хаар Iамор.

Кхетош-кхиоран: байташкахула дешархойн Iаьнан хиламашка безам кхоллар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цIена кехаташ.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• Дешархойн ойла тIейерзор.

Горгали вайна бекна,
Дешар доло деза хIинца,
ГIовтта куьйгаш хьалаойъуш,
Вовшашна шайн делар гойтуш.

3. Шера йешар кхиор.

Аз тодеш йеш йолу упражнени.

ЦIенаалар

На-на-на – цхьадика Iа схьакхаьчна,
Шу-шу-шу – хьуьнхахь чIогIа шийла йу,
Са-са-са – стигал сирла вайна сеса,
Ву-ву-ву – Докка чIогIа шеллуш ву.

• Хаарийн актуализаци.

ХIетал-метал хаийла шуна: Шарахь цкъа вогIу кIайн хьаша мила ву? (Iа)

– Iанах лаьцна байташ хезний шуна? Йеша лаьий шуна? Цкъа, байт йешале, иза йеша муьлха бакъонаш хаа йеза да-

гадаийтий вай? (шера а, аз лардеш а, дешнаш нийса а олуш йешар)

4. Керлачу темица болх бар.

Бохча

– Бераш, ас тахана шуна деана цхьа тамашийна бохча. Цу чохь вайн дарсан къайле йу. Шуна хазахетий къайленаш? (бохча чуьра керлачу шеран ловзаран хIуманаш гойту)

– Муьлха дезде ду вай дуьйцур дерг? (Керла шо)

– Маца даздо вай иза?

– Шуна дезий и даздар?

– Шуна хаьий, хьалха Керла шо 1 сентябрехь даздеш хиллий? Цул тIаьхьа Петр I гIуран беттан 31-чу дийнахь дазде аьлла тIедиллина. Ткъа хIун ца хилча Керла шо ца хуьлу шуна хуур ду, Ахмадов Мусан «Керла шо» цIе йолу байт йешча.

• СадаIаран минот.

Лелий довла, хьалагIовтта,
СадоIу минот йу, ловза.
Куьйгаш хьалаойъуш, хьозас санна хьийзош,
Когаш лестабеш, Iахар санна ловзуш,
Хьовза, хьовза меллаша,
Деша дика, бераш, аш.

6. Берашка байт йешийтар. Байт йешначул тIаьхьа къамел кхиор.

– Хазахийтин шуна байт?

1. Муха дог-ойла кхуллу хьан хIокху байто: сингаттаме, самукъане, оьгIазе?

2. «Басахь Iуьллу кехат кIайн» бохучух муха кхета хьо? Муха дуьллу цу тIе сурт?

3. Хьуьнан акха бахархой муьлш бу? Багарбе хIокху байташкахь хьахийнарш.

4. Стенах самукъдаьлла берийн а, акхаройн а?


5. Хьуна хазахетий Керла шо тIедогIуш? ХIунда?

7. Белхан тептарца болх.

8. Дарсана жамI дар.

– Стенах лаьцна дийцира вай?
– Мила ву «Керла шо» байтан автор?
• **Дешархоша биначу белхан дешархойн мах хадор.**

• **ЦIера болх:** Байт дагахь Iамайе.
• **Рефлекси.**
«ХIордкема»
– Муха дог-ойла йу шун дарс чекхдолуш? Шайн дог-ойланца догIучу хIордкеманна тIе байракх билла. Дарс дика хеттехь, – сийна хIордкема, сингаттаме хеттехь, – баьццара хIордкема, дарс дика ца хеттехь, – Iаьржа хIордкема.



Дарсан цIе: **ТАПАЛАЕВА АМНАТ. «КЕРЛА ШО КХАНА ХИР ДУ»**

Дарсан Iалашо: Тапалаева Амната йаздина «Керла шо кхана хир ду» цIе йолу туьйра довзийтар; нийса а, шера а, къастош а текст йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: керлачу шеран коьрта билгалонаш йовзийтар.

Метапредметни: байта тIехь дустарш муха гайтина ду а хьожуш, Iаьнах йолу шайн ойла нийса йовзийта хаар.

Личностни: дешархошна хуур ду говзарехь билгалдина деза де довза а, цуьнах самукъдала а, дена а, нанна а гIо деш хила дезий а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.**

Вала, вала, хелхавала,
ТІемаш даржош стигал вала,
Вала, дада, хелха вала,
Вовше марзо оьцур тІаккха.

ДІайеша дегочу озаца. ДІайеша меллаша. ДІайеша къастош.

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 90-гІа агІо. Муьлха туьйра ду цу тІехь дерг?

– Мила йу цуьнан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вайна тахана Тапалаева Амната йаздина «Керла шо кхана хир ду» цІе йолу керла туьйра девзар ду. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и дийцар деша Іемар ду вай.

• **Керла тема хьехар.**

– Хьехархочун дош (дІадоьшу дийцар).

Дошамца болх бар.

• **СадаІаран минот.**

«Пису»

Пису, пису арахь догІу,
Когаш детташ иза ловзу,
(Шаьш лаьттачохь когаш тохар)
Куьйгаш стигал хьалакхийдош,
(Куьйгаш хьалаойъу)
Полла лацар лерехь цІийзаш,
(Лергаш схьа а лоций, корта меллаша ластабо)
Шура йезаш мотт бу боьлхуш,
Пису иза сацо хьожу,
Баба йолчу кхочур ду,
Пеша уллехь Іуьллур ду. (Когаш тІе охьаховшу.)

• **Керла тема кхидІа а хьехар.**

Нийса йешарехь болх бар.

Іаьнан хиламаш буьйцуш туьйра дешча дог-ойла муха хилира шун? (ГІайгІане, дог ца догІуш, ткъа цхьаболчеран – самукъане.)

– И тайпа туьйра доьшуш муха аз хила деза вайн?? (ГІийла, лахдина, цхьаболчеран – самукъане, айдина.)

(Оцу шинна а озаца кар-кара а оьцуьйтуш, дешархошка туьйра доьшуьйту)

– ТІедиллар кхочушдар (Белхан тептар.)

• ЦІера болх:

– дийцар деша

– Шайна хетарехь, «Малончин» сурт дилла.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси. (Шайна хеташ долчу дешнашца алам чекхбаккхар.)

• Суна тахана дарсехь девзи …

• Ас сайна кхин а Іамо деза …

• Суна дарсехь тахана хазахийтира …

• Дарсехь кхин а дика хир дара …

ІА

Дарсан цІе: **ХАТУЕВ ІАБДУЛ-ХЬАМИД. «КЕРЛА ЛО»**

Дарсан Іалашо: Хатуев І.-Хь. кхолларалла йовзийтар, дешархошна Іаьнан хиламаш бовзуьйтур долу хьелаш кхоллар, дешархойн тидам бар кхиор; шайн ойла нийса йовзийта Іамор, байташкахула дешархойн Іаьне безам кхоллар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у, бес-бе***сара къоламаш, цІена кехаташ.***

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: керлачу шеран коьрта билгалонаш йовзийтар.

Метапредметни: байта тІехь дустарш муха гайтина ду а хьожуш, Іаьнах йолу шайн ойла нийса йовзийта хаар.

Личностни: керлачу шарахь хуьлу хийцамаш а, кхечу хенах Іаьнан хан къасто а Іемар ду.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

Бедаш кхойкху Іуьйранна... Къа, Къа, Къа
ГІезаш лаьтта хийистехь... ГІа, ГІа, ГІа
Котамаш йу корехь кхойкхуш... КІо, КІо, КІо
Цаьрга хьоьжуш лаьтта хьо... Со, Хьо, Со

• **Мотиваци йар.**

Шелонца гома ча,
Орцах бен баькхина,
Шен бена дІайижна.
ДІо ша тІехь дІасауьдуш,
Бераш ду сакъоьруш,
Тайп-тайпана салазаш
Цу тІоьхула дІахоьхкуш.

– ХІун хийцамаш хуьлу Іаьнан хенахь адамийн, акхаройн дахарехь?

– Іай берийн кхин хІун ловзарш хила тарло?

– ХІун дог-ойла кхоллайолуьйту шун байтан могІанаша?

– Бераш, стенах лаьцна дуьйцур ду аьлла хета шуна вай тахана?

• **Дарсан Іалашонах кхетам балар.**

Хатуев І.-Хь. кхолларалле боцца хаам балар.

Байт «Керла ло» хьехархочо йешар.

Дешархошка йешийтар.

• **СадаІаран минот.**

«Де – буьйса»

Хьехархочо «буьйса» аьлча – бІаьргаш 5 сек. дІакъовлу, ткъа «де», аьлча – 5 сек. схьадоьллу. Кхочушде 5–8-за.

Текстаца болх.

– Шайн дешнашца чулацам схьабийцийтар.
– Хаттаршна жоьпаш далар.
1. Муха тIеэцна бераша Iа?
2. Стенах хаьа вайна берийн самукъдаьлла хилар?
3. Хьан хIун дог-ойла хуьлу дуьххьара ло догIуш?
4. Шу муха ловзу Iай ло деъча?

• Дарсана жамI дар.

– Хазахийтин шуна вай йешна байт?
– Керла хIун девзи шуна?

• ЦIера болх:

– Хатуев I.-Хь. байт дагахь Iамайе.
– Тептар тIе Iаьнах лаьцна деша кица йазде.

• Рефлекси.

Хаам баран кехат.

Баьццара кехат. *Суна дарс дика хийтира. Ас дика болх бира дарсехь. Со дика кхийтира хьехархочо дийцинчух.*

Можа кехат. *Дарс самукъане дара. Ас болх бира. Мелла а пайдехь хилира суна таханлера дарс. Ас тIедиллар кхочушдира, хаттарна жоп а делира.*

ЦIен кехат. *Дарсах кIезиг пайда белира суна. Со ца кхийтира дуьйцучух. Суна иза ца оьшу. Хаттарш а, тIедахкарш а кхочушдан суна ца хиира.*



Дарсан цIе: **ГАДАЕВ МОХЬМАД-САЛАХЬ. «ЖИМАЧУ КIЕНТАН ИЛЛИ»**

Дарсан Iалашо: Гадаев М.-С. кхолларалла йовзийтар. Байтан чулацамах кхетам балар. Дешархойн тидам бар кхиор; шайн ойла нийса йовзийта Iамор. байташкахула дешархойн Iаьне безам кхоллар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лерина жамІаш:

Предметни: керлачу шеран коьрта билгалонаш йовзар.

Метапредметни: байта тІехь дустарш муха гайтина ду а хьожуш, Іаьнах йолу шайн ойла нийса йовзийта хаар.

Личностни: керлачу шарахь хуьлу хийцамаш а, кхечу хенах Іаьнан хан къасто а Іемар ду.

Дарсан дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

Ра-ра-ра – догІу пису генара,
Ла-ла-ла – хьоьжу иза эсала
Ло-ло-ло – бохуш вайга шура ло,
Ро-ро-ро – дезаш вайца гергарло.

• **Мотиваци йар.**

Лайн чимаш а
Дуьххьара охьадогІу,
Лаьтта а кхачале
Деший, дІадов,
ХІетте а, шек доцуш,
Лайн чимаш шорта
Охьаоьху, охьаоьху
Стиглара чу.

– ХІун гайтина шен байтехь автора Гадаев М.-С.?

– Шеран муьлхачу заманахь хила тарло иза?

• **Дарсан Іалашонах кхетам балар.**

Гадаев М.-С. кхолларалле хоцца хаам балар.

– Байтан чулацам бовзуьйту хьехархочо, йеша а йоьшуш.

– Дешархошка йоьшуьйту байт.

• **СадаІаран минот.**

ДІо-о-о-о-гахь хьоьжу сирла малх,
Маршалла хоьттуш вайга Іа,

(Малхана дуьхьала куьйгаш лестадо.)

Генахь хьоьжу лекха дитт,

Кхойкху вайга, лестош гІа.

(Дитте лакха хьала а хьовсий, куьйгаш хьалаойъу.)

Хьоькху вайна шийла мох,

(Куьйгашца корта схьа а лоций, дехьа-сехьа хьовзабо.)

Дика деша боху цо,

Сихха, бераш, охьаховша,

Дика доьшур ду вай хІинца.

• **Текстаца болх.**

– Шеран муьлха хан ю байтехь йуьйцург?

– Мила ву лайла вала хазделларг?

– Муха догІуш ду ло? ДІабеша байта йукъара цунах лаьцна могІа.

– «ЦІенойн тхевнаш севсина» – муха хуьлу тхевнаш севсина?

– Диттийн генаш хІунда дазделла?

– «Когаш кІамлуш» бохучух муха кхета хьо? Хьо хуьлий аравала когаш кІамлой, ло деъча?

• **Дарсана жамІ дар.**

– Стенах лаьцна дийцира вай?

– Мила ву байтан автор?

– Кхин муьлха говзар Іамийна аш?

– Самукъане дарий вайн дарс?

– Іаьнах самукъа шу долий?

• **Дешархойн хаарийн мах хадор.**

• **ЦІера болх:** байт дагахь Іамайе.

• **Рефлекси.** «Кхо йуьхь

Хьехархочо берашна гойту кхо йуьхь тІехь йолу сурт: самукъане, гІийла, гІайгІане. Берашка къастадойту шайн дог-ойланца догІу сурт.



Дарсан цIе: **СЕЙЛМУХАНОВ МУСА. «ХЬОЗА»**

Дарсан Iалашо: Сейлмуханов Мусас йазйина «Хьоза» цIе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а байт йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду муьлххачу а садолчу хIуманца къинхетаме хилар вайн дикачу гIиллакхех цхьа дакъа дуй.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• **Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.**

Дашо, дашо Дешин чIуг
ДIогахь къегаш гуш ма йу,
Дашо, дашо Iовжош дог,
Дешийн чIуг дашо йу.

ДIайеша дегочу озаца. ДIайеша меллаша. ДIайеша къастош.

• **Дарсан Iалашонашйовзийтар.**

– Схьайелла Iаматан 99-гIа агIо. Муьлха байт йу цу тIехь йерг?

– Мила ву цуьнан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

Вайна тахана Сейлмуханов Мусас йазйина «Хьоза» цIе йолу керла байт йевзар йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Iемар ду вай.

• **Керла тема хьехар.**

– Хьехархочун дош (дIайоьшу байт).

Дошамца болх бар.

• СадаІаран минот.

• Керла тема кхидІа а хьехар.

– Нийса йешарехь болх бар.

Хьоза дуьйцуш байт йешча дог-ойла муха хилира шун? (Къахеташ, гІо дан лууш.)

– И тайпа байт йоьшуш муха аз хила деза вайн? (ГІийла, лахдина.)

– ТІедиллар кхочушдар. (Белхан тептар.)

• ЦІера болх: байт Іамайе.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси. (Шайна хеташ долчу дешнашца алам чекхбаккхар.)

Суна тахана дарсехь девзи…

Суна хазахийти…

Со тахана ца кхийти…

Суна кхин а хаа лаьа…

Дарсан цІе: **ЯРАЛЕВ ЮСУП. «КІАЙН ІАХАР»**

Дарсан Іалашо: Яралев Юсупа йаздина «КІайн Іахар» цІе йолу керла дийцар довзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду муьлххачу а садолчу хІуманца къинхетаме хилар вайн дикачу гІиллакхех цхьа дакъа дуй.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.**

Дашо, дашо Дешин чІуг,
ДІогахь къегаш гуш ма йу,
Дашо, дашо Іовжош дог,
Дешийн чІуг кара ца йо.

ДІайеша дегочу озаца. ДІайеша меллаша. ДІайеша къастош.

• **Дарсан Іалашонашйовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 100-гІа агІо. Муьлха дийцар ду цу тІехь дерг?

– Мила ву цуьнан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вайна тахана Яралев Юсупа йаздина керла дийцар девзар ду. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и дийцар деша Іемар ду вай.

• **Керла тема хьехар.**

– Хьехархочун дош (дІадоьшу дийцар).

• **Дошамца болх бар.**

• **СадаІаран минот.**

«Дийнатех тера лелар».

Бедаш йоьлху хи мала,
Къа, къа, къа,
Бумбари йу тІома йаьлла,
Ж - ж – ж,
ГІезаш ворта ластийна,
Белшаш жимма саттийна,
ГІа-гІа-гІа,
ЧІара хи чохь техкаш бу,
Ш - ш – ш,
Ткъа вай-м кхидІа доьшуш ду.

• **Текстаца болх.**

1. ХІун гира Эсилина, арайаьлча? Схьалаха дийцар йуккъера цунах лаьцна долу могІанаш.

2. «Іаьржачу буьйсано иштта кІайн болх муха бина-те?» – боху ойла хІунда кхоллайелира Эсилин?

3. Эсилас «Хьан маса шо ду?» аьлла, хаьттича, хІун жоп делира Іахаро? ХІунда делла аьлла хета хьуна цо иштта жоп?

4. Маца бина бара Іахар? Маса де ду цуьнан?

5. ДІадаханчу а, тІедогІучу а денойн цІераш муха йехира Эсилас? Дагахь лаьттирий хьуна уьш? Белхан тептар тІехь тІедиллар кхочушдай, хьажа хьайна церан цІераш Іеминий.

– Нийса йешарехь болх бар.

– ТІедиллар кхочушдар. (Белхан тептар.)

• ЦІера болх:

– Байт дагахь Іамайе.

– Хьозанан сурт дилла.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

«Бозбуунчаллин гІаж»

– Сайна карайахь Бозбуунчаллин гІаж ас цуьнга гІо де эр ду… (Хьанна?)

Дарсан цІе: **САМУКЪАНЕ АГІОНАШ. МАМАКАЕВ ЭДУАРД. «ГУДИ»**

Дарсан Іалашо: керланиг довзийтар.

Дешаран: йаздархочун кхолларалла йовзийтар; керла байт йовзийтар, цуьнан чулацамах дешархой кхетор.

Кхиоран: шера йешар кхиор; байтан анализ йан Іамор.

Кхетош-кхиоран: ца кхетачу дешнийн маьІна даста Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Дарс дІадахьар

• Вовшахтохаран мур (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• Мотиваци йар.

Вай-вай, вай-вай, вай-вай, вай!
Гуди шелло хІора Іай.

Бераш, Гуди мила ду, хаьий шуна? Довза лаьий шуна иза?

Лаахь довза Гуди шайна,
Мамакаевн байт аш йеша.
ХІора шарахь, хІора Іай,
Шеллуш лаьтта, Гуди вайн!

Бераш Мамакаев фамили а йолуш цхьа а йаздархо вевзий шуна? Хьовсий вай иза мила ву а, цо дуьйцург хІун Гуди ду а?

• Керла темайовзийтар.

– Мамакаев Э. кхолларалле боцца хаамбар.
– Байт йешийтар.

Вай-вай, вай-вай, вай-вай, вай!
Гуди шелло хІора Іай.
– БІаьсте яьлча, кога йуха
Мачаш оьцур ю ас йовха –
Олу Гудис Іа доьлча,
Шелоно ша хьовзийча.

Іа дІадаьлча, дох а лой,
Дицдо шелой, моххий, лой,
ІиндагІ дол-долчу а долуш,
КогашІуьйра ида долу.

Ткъа цундела иштта Іай,
Гуди шелло хІора Іай.

• СадаІаран миноташ.

Бакъи озавели – цхьаъ,
ОхьатаьІи – ду и шиъ,
ХьалатаьІи – ду и кхоъ,
ДІанисвели – ду и диъ,
Куьйгаш дІасадахийти – пхиъ,
Вовшахтуьйхи – йалх.

Буьхьигаш тIе хIоьтти – ворхI,
ДегI нисдеш дIахIоьтти – бархI.

(ТIаьхьара а олуш, бераша Бакъис дийриг до.)

• Керлачу хаарийн дIалацар. Белхан тептарца болх бар.

• Дарсана жамI дар.

– Бераш, муха хийти шуна вайн Гуди?

– Хазахийтин шуна иза девзина?

– Іа тIекхачале стенна кечам бан беза вай?

• Хаарийн мах хадор.

• ЦIера болх:

– Байт дагахь Іамайе.

– Цадевза дешнаш шайн тептарш тIе дIайазде.

• Рефлекси.

Дарс чекхдолуш, шайн дог-ойла муха йу хьаьжжина, басарде хIокху суьртех цхьа сурт.



ВАХА ІАМА

Дарсан цIе: **АБОЛХАНОВ ХЬАКИМ. «ВАХА ІАМА»**

Дарсан Іалашо: дешархошна керла байт йовзийтар; гІиллакхех долу хаарш совдахар, йешаран пайда а гойтуш, шера а, нийса а йеша Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина я доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна Іемар ду нохчийн хІусамехь хьаша ларар мел деза ду, хуур ду гІиллакх-оьздангалла лелоран мехалла лаккхара хилар.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.**

Чик-Чик, Чик-Чик - хеза хабар мерзаниг,
На-На, На-На - хир йу йуург кечйеш нана,
Риг-Риг, Риг-Риг - олуш илли хазаниг,
Ша-Ша, Ша-Ша - Іемар ду вай дика йеша.

ДІайеша самукъанечу озаца. ДІайеша меллаша. ДІайеша чІогІа.

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 106-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь йерг?

– Мила ву оцу говзаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вай тахана Аболханов Хь йазйина «Ваха Іама» цІе йолу керла байт йоьшур йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Іемар ду вай.

• **Мотивацехула актуализаци.**

– Хьехархочун дош

Бераш, музей хІун йу хаьий шуна? Цкъа а хиллий шу цигахь? Вайн доттагІий ЧІирдиг а, Жайна а, Дика а ду цига доьлхуш. Церан баба а йу царна хьехарш деш, гІиллакхийн цхьацца агІонаш йуьйцуш. Хьовсий вай уьш хІун деш бу?

(Доьшу «Ваха Іама» цІе йолу дийцар.)

– Къамел кхиор

Бераш, шуна девзий бабас вайн доттагІашка дийцина гІиллакхаш? ХІунда оьшу аьлла хета шуна уьш? Ткъа ЧІирдиг нийса луьш вуй, книгаш йешча девзар дуй гІиллакхаш? И иштта дуй а хьожуш, Хь. Аболхановс вайна йаийтина байт йеший вай?

(Берашка байт йоьшуьйту.)

– Хаттаршца болх бар.

Хьалхарчу биъмогIанехь хIун гIиллакх ду дуьйцуш?

Шайн хIусаме веана хьаша тIе муха эца веза аьлла хета шуна? Аш хIун до шайга хьаша веъча?

НеI ца тухуш, неха хIусаме чувахар нийса хетий шуна?

Шу муха ду шайн йишица, вешица: аш лорий уьш?

«Воккхачунна некъ бита» бохучух муха кхета хьо? И бохург хIун ду?

• СадаIаран миноташ.

БIаьргашна йеш йолу упражнени – шайн меттехь Iашшехь.

1. БIаьргаш дIакъовла. 10–15 секундехь садаIа. БIаьргаш схьаделла.

2. БIаьргаш меттахдахар – бIаргаш аьтту агIор а, хьала а хьовсаде. – бIаьргаш аьрру агIор а, хьала а хьовсаде. – бIаьргаш аьтту агIор а, охьа а хьовсаде. – бIаьргаш аьрру агIор а, охьа а хьовсаде. 3–4-за карладакхха. БIаьргаш дIакъовла. 10–15 секундехь садаIа.

• Iамийнарг тIечIагдар. Белхан тептарца болх бар.

Лахахь йалийнчу Аболханов Хьакиман байташкахь тIе ца тоьу дешнаш, Iамат тIе а хьожуш, дIайазде.

Хьаша ____, аравалий,
Ахь маршалла хатталахь,
Кертахь, _____ сихха лахий,
Шайн дега кхаъ баккхалахь.
Нехан хIусме ____ ахь,
ХIей, нах, алий, тоха мохь,
Йа когашца _____ тоха,
Йа ца йогIу йовхарш тоха.

• Дарсана жамI дар.

– Бераш, самукъделин шун тахана?

– Керла хIун девзи шуна?

– Аш хIун гIиллакхаш леладо? Дийца уьш хьан Iамийна шуна, царах лаций а.

• ЦIера болх:

– ЦIахь Хь. Аболхановн байт Iамайе.

– Шайн доьзалехь лелочу гIиллакхех, баккхийчаьрга а хаттий, дийца.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

«Бозбуунчаллин гIаж»

– Сайна карайахь Бозбуунчаллин гIаж, ас цуьнга гIо де эр ду ... (Хьанна?)

Дарсан цIе: **МАХМАЕВ ЖАМАЛДИ. «ДИКА ЛАР»**

Дарсан Iалашо: керланиг довзийтар.

Дешаран: йаздархочун кхолларалла йовзийтар; дешархошна керла дийцар довзийтар; дийцаран чулацамах кхетам балар.

Кхиоран: литературе болу безам кхиор.

Кхетош-кхиоран: йешаран пайда гайтар.

Дарсан кеп: керланиг довзийтар.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• Къамел шардар.

«Чехкааларца болх»

ДIо йоьду котам бабин буьн чу йоьду.

1. Дешдакъошца деша чехкаалар.

2. Жимма сих а луш, деша чехкаалар.

3. Дуьйлалуш сиха, йешна довлуш болар лах а деш, деша чехкаалар.

4. Чехкаалар санна деша.

• Дарсан Iалашонах кхетам балар.

• Керла темайовзийтар.

Махмаев Ж. кхолларалла йовзийтар. (Слайд.)

Дийцаран чулацамах кхетор.

– Шеран маса бутт бу? – хаьттира хьалхарчу классан хьехархочо Хизаре.

– Кхойтта бутт бу-кх.

– ЦIераш йахал хIета хIораннан, уьн тIе цхьацца сиз а хьокхуш.

Цо ма-бохкура дIадийцира Хизара беттанаш.

– Шийтта бен буй уьш?

– Уьш шийтта бен бац, – элира кIанта, – стигалахь берг а тIетоьхча, кхойтта ма хуьлу.

• СадаIаран миноташ.

Вайн махкахь лекха дитташ ду, (коган буьхьагаш тIе а хIуьттий, куьйгаш хьалаайдо)

КIорга хиш а ду, (голаш тIе охьаховша)

Шуьйра аре йу, (куьйгаш дIасадохуьйту)

Йаккхий хьаьннаш йу (куьйгаш хьалаойъу)

Бераш, вай ма дехаш ду! (нана-пIелг хьалаойъу)

• Керлачу хаарийн дуьххьара дIалацар. Белхан тептарца болх бар.

– Муха кхийтира шу хIокху дийцаран кийсаках?

– КIанта деллачу жоьпах кхийтирий шу?

– ХIун аьлла хийтира шуна?

– КIанта книгашца гергарло долуш велхьара иштта жоп лур дарий?

– Аш муха деша деза аьлла хета шуна?

• Дарсана жамI дар.

– Бераш муха хийтира шуна вай таханлера дарс?

– Самукъане дарий?

– ХIунда хийтира шуна и самукъане? ХIун дара самукъане?

– Иштта дешархо шуна йукъахь вуй? Аш муха болх бийр бара цуьнца?

• ЦIера болх:

– Дийцар деша, чулацам схьабийца.

– Махмаев Ж. кхолларалла Iамайе.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• **Рефлекси.**

«Дог-ойланан кехаташ» (Берашна доькъу цIен а, можа а, Iаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъдалар; цIен кехат – дог ца дар; Iаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша).



Дарсан цIе: **ХАТУЕВ IАБДУЛ-ХЬАМИД. «ТЕША»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Хатуев Iабдул-Хьамида йазйина «Теша» цIе йолу керла байт йовзийтар. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а байт йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хуур ду дийцаран чулацам стенах лаьцна бу дийца. Хуур ду хезаш йеша, тIаьхь-тIаьхьа шайн дагахь йешарна тIе а бовлуш. Iемар ду шаьш йуха йоьшуш, хьалха даьхна гIалаташ ган, уьш нисдан.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду Iаматца болх бан, шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан, йешначу байтан коьрта маьIна довза, цунах кхета.

Личностни: дешархошна хуур ду шайн ойла йовзийта а, йешаран а, ойлайаран а пайда ган а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• **Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.**

Сир-ла, Сир-ла беттаса,
Лепаш дара Сий-Са-ра,

Са-хи-ли-ра тIаккха,
Схьа-кхий-ти-ра малх а.

ДIайеша олхазарийн аьзнашца. ДIайеша меллаша. ДIайеша къастош.

• Дарсан Iалашонаш йовзийтар.

– Схьайелла Iаматан 108-гIа агIо. Муьлха байт йу цу тIехь йерг?

– Мила ву оцу байтан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вай тахана Хатуев І.-Хь. йазйина керла байт йоьшур йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Iемар ду вай.

• Керла байтйовзийтар.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Хаттаршца болх бар.

Шуна лаьий деша?

Хиндерг дика хилийта хIун дан деза аьлла хета шуна?

Дийца, шуна хIун деш хазахета? Дешарх самукъдолий шун? Муьлха дарс дукхадеза шуна? ХIун хазахета шуна цу дарсехь?

Дуьне довза книгаша гIо дийр дуй вайна?

Байта тIера кIант муха хила лууш ву? Шуна лаьий иштта хила?

• СадаIаран миноташ.

Бераш, го а бой, ул-улле дIахIуьтту. – Вай хьуьнах кхаьчна. ЧIогIа мох баьлла (механ гIовгIа хозуьйту).

Мох бу хьоькхуш тхан йуьхь тIе, (бIаьргаш дIакъовлу)

Генаш лестош дитто шен, (куьйгаш лестадо)

Мох, ахь жимма собарде, (куьйгийн пIелгаш меттахдоху)

Лекха дитташ доха ма де. (боьхьаш тIе а хIуьттий, куьйгаш лекха хьалаойъу)

• Iамийнарг тIечIагдар. Белхан тептарца болх бар.

«Теша» цIе йолчу байта тIера могIанаш цхьаьнахуттуш сиз хьакха.

Лаьа суна lамо деша,
дуьне довза кхуьуш хила

• Дарсана жамI дар.

– Бераш, дика доьшур дуй аша?

– Керла хIун девзи шуна?

– ХIун дика хIума дан лаам кхоллабелира шун?

• ЦIера болх:

– Хатуев I.-Хь. байт Iамайе.

– Шайна лууш долу хIума а йаздеш, байт кхолла хьовса.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

«Кхо йуьхь».

Хьехархочо берашна гойту кхо йуьхь тIехь йолу сурт: самукъане, гIийла, гIайгIане. Берашка къастадойту шайн дог-ойланца догIу сурт.



Дарсан цIе: **АХМАДОВ МУСА. «ДАДА ВОЛЧОХЬ, ЙУЬРТАХЬ»**

Дарсан Iалашо: Ахмадов Мусас йаздина «Дада волчохь, йуьртахь» цIе йолу керла дийцар довзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина я доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойлайан.

Личностни: дешархошна хуур ду йуьртарчу дахаран дозалла а, цуьнан хазалла муха хуьлу а.

Дарс дIадахьар

• **Дешархошка маршалла хаттар.** (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар.)

• **Дарсана кечам бар таллар.**

Хьовса, хьоме доттагIий!
Кийча дуй шу дарсана?
Книга, тептар, мел оьшург
Йуй-те шуьгахь тахана?

• **ЦIахь бина кечам таллар.**

– Хатуев I.-Хь. байт йийцийтар.

– ЦIахь шаьш кечйина байт йешийтар.

• **Мотивацехула актуализаци.**

– Бераш, йуьртахь долчу дахарх лаьцна хIумма а хаьий шуна? ГIалахь Iаш болу нах, аьхка, каникулаш хилча, йуьрта садаIа боьлху бохург бакъ дуй? Тахана, Ахмадов Мусас цхьа дийцар даийтина вайна. Дада волчохь, йуьртахь муха ду дуьйцу ша боху цо цу тIехь. Деший вай иза? (Хьехархочо дийцар доьш.у)

– Хаттаршца болх бар.

Дени аьхка садаIа стенга вахана?

Аша аьхка, каникулашкахь мичахь садоIу?

Дений, Масий муха, стенах ловзу йуьртахь?

«Малх цIакхаьчча» бохучух муха кхета шу? Маца «цIакхочу» малх?

Воккхачу Дадас хIун хьехар до Денина?

«Бежанийн, уьстагIийн раж лелош ву» бохучух муха кхета шу? И бохург хIун ду?

Шуна Iамийний ламаз дан? Ламаз даро хIун гIо до аьлла хета шуна шайна?

• **СадаIаран миноташ.**

Ткъа хIинца цхьажимма садаIий вай? Со шун нана-газа хир йу, ткъа шу – сан бераш-гезарий.

Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ!

Кхийсалуш йу гезарий!

(Бераш шаьш лаьттачу меттехь жимма кхийсало.)

Хьалабаккха аьрру ког,

(Аьрру ког жимма хьала а ойъуй, 2–3 секундехь лаьтта.)

Цхьаъ, шиъ, кхоъ,

ХIинца айъа аьтту ког,

Айде куьйгаш стигла,

Лаца марха цигара.

Корта лаций хьовза, *(корта куьйгашца схьа а лоций, бераш хьовзу.)*

ТIаккха охьаховша. *(бераш шайн метте охьаховшу.)*

ЧIогIа дика болх би аш, бераш. ХIинца кхидIа вайн дийцарца болх бийр бу вай.

• Керла тема кхидIа а хьехар.

ТIедиллар (Белхан тептар)

«Дада волчохь, йуьртахь» цIе йолчу дийцаран турпалхой дагабахкийта. ДIайазйе церан цIераш.

ГIалара йуьрта веанарг мила вара?

Муьлш болчу аьхка йуьрта воьдура Дени?

Церан лулара цуьнан доттагI мила вара?

Схьа а лахий, дийцарехь бан а боцуш, совнаха балийнчу хаамашна кIел сиз хьакха.

Дени аьхка йуьрта вахара.

Ахка тIе лийча вахара и.

Хи чохь чIара лецира.

Воккха Дадас хьехар дира.

Бабас хьаьстира иза.

• Дарсана жамI дар.

– Дийцарехь хьуна хIун меттиг хазахийтира? ДIайеша иза.

– Керла хIун девзира хьуна дийцар дешча?

• ЦIера болх:

– Ахмадов М. дийцар шера деша.

– Баккхийчаьрга а хоттуш, ламаз дар дика хиларх лаций йазде.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• **Рефлекси.**

«Баркаллин кехат» (Берашна кегий кехаташ а лой, цаьрга цу тIехь шайна дарсехь гIо хиллачух лаьцна ши-кхо дош йаздойту).



Дарсан цIе: **ЯРАЛЕВ ЮСУП. «МАРХА КЪОБАЛДОЙЛА»**

Дарсан Iалашо: Яралев Юсупа йазйина «Марха къобалдойла» цIе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду байтан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина я доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду марха кхабар а, марха дастар а ийманан могIанех цхьа могIа буй.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.

Чик-Чик, Чик-Чик – хеза хабар мерзаниг,
На-На, На-На – хир йу йуург кечйеш нана,
Риг-Риг, Риг-Риг – олуш илли хазаниг,
Ша-Ша, Ша-Ша – Iемар ду вай дика йеша.

ДIайеша самукъанечу озаца. ДIайеша меллаша. ДIайеша чIогIа.

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар.

– Схьайелла Іаматан 113-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь йерг?

– Мила ву оцу говзаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вай тахана Ю. Яралевс йазйина «Марха къобалдойла» цІе йолу керла байт йоьшур йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Іемар ду вай.

• Мотивацехула актуализаци.

– Хьехархочун дош.

Бераш, аш лаьцний цкъа а марха? Марха лацар вай бусулба хиларан цхьа билгало йуй хаьий шуна? Марха къобалдеш де хазахетий шуна? Шу доьлхий гергарчу нехан марха къобалдан? Марха къобалдеш хІун олу аш? Дийца шаьш олург.

Ткъа хІинца Яралев Юсупа, шен байтехь схьагайтина вайна марха къобалдар муха хила деза. Йеший вай иза?

– Берашка роггІана йоьшуьйту байт.

– Хаттаршца болх бар.

Аш хІун кечамаш бо и дезде тІекхочуш?

Уггар шуна хазахетарг хІун ду оцу дезачу дийнан?

«Марха достуш, тойнехь, Вай йуха а гойла» бохучух муха кхета шу? ХІора хІусамехь оцу дийнахь хІун той хІотадо?

ХьошалгІа доьлхий шу оцу дийнахь? Муха даздо аш Марха досту де?

Марха муха кхобу хаьий шуна? Дийца шайна хуург.

• СадаІаран минот.

(Бераша, аьтту а, аьрру а агІор доьрзуш, дегІ меттахдоккху)

Сахьт

Тик-так, тик-так – массо сахьт ду беш и некъ:

Тик-так

(*Корта белшашна тІе охьатаІабо аьтту а, аьрру а агІор.)*

Хьовса сихха маса сахьт даьлла:

Тик-так, тик-так, тик-так,

(Аьтту а, аьрру а агІор куьйгаш ластадо.)

Аьтту – цхьаъ, аьрру – шиъ,

ХIара а хаьа тхуна кхин а,

(Куьйгаш вовшах а тосий, меллаша го боккху.)

Тик-так, тик-так.

• Хаарш зер цIе йолчу Iаматан рубрикица болх бар.

– Хаттаршца болх бар.

1. Керла хIун девзи хьуна хIокху декъа йукъахь?

2. Муьлха дийцар йа байт хазахийти хьуна? ХIунда?

3. Хьйна хIинццалц девзаш хилла доцу цхьа а гIиллакх девзина хьуна?

4. Кхин хIун гIиллакхаш лардо хьан цIахь, шун урамехь, ишколехь?

5. Ламаз хIунда дан деза аьлла хета хьуна? Денин дедас хIун дийцира цунах лаьцна? Текста тIехь схьа а лахий, дIайеша и меттиг.

6. Бусалбачу динан хIун деза денош девза хьуна?

7. Ахь хIун гIиллакхаш леладо баккхийчаьрца а, кегийчаьрца а?

8. Белхан тептар тIехь дикачу кIентан а, йоьIан а хила деза гIиллакхаш дIайазде. Ойлайе, ахь айхьа леладой и гIиллакхаш?

• Белхан тептарца болх.

ТIедиллар кхочушдар

Лахахь далийна гIиллакхаш деша. Царна йукъара хьешаца лелош долчу гIиллакхашна кIел? цIен сиз хьакха, воккхачуьнца лело дезачу гIиллакхашна можа сиз хьакха, кхечу муьлххачу а адамца лело дезачу гIиллакхашна баьццара сиз хьакха.

Хьайн меттиг воккхачунна дIабалар.

Хьаша муьлххачу а бохамах ларвеш, цуьнца гIиллакхаш лелор.

Хьешана тоьлла кхача хIоттор.

Хьал-де хаттар.

ТIевогIучунна хьалагIаттар.

Болх бечунна хьо тIекхаьчча, «болх ирс долуш хуьлийла» аьлла, цунна гIо деш сацар.

• ЦIера болх:

– Яралев Ю. байт дагахь Iамайе.

– Iамийна гIиллакхаш карладаха.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

«Дог-ойланан кехаташ». (Берашна доькъу цIен а, можа а, Iаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъдалар; цIен кехат – дог ца дар; Iаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша.)



ВАЙН КЕГИЙ ДОТТАГIИЙ

Дарсан цIе: **I. ДЕМЕЕВ. «ГIАЗ»**

Дарсан Iалашо: Демеев Iалавдис йазйина «ГIаз» цIе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду муьлххачу а садолчу хIуманца къинхетаме хилар вайн дикачу гIиллакхех цхьа дакъа дуй.

Дарс дIадахьар

• **Дешархошка маршалла хаттар.** (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар)

• **Дарсан кечам бар таллар.**

Хьовса, хьоме доттагIий!
Кийча дуй шу дарсана?
Книга, тептар, мел оьшург
Йуй-те шуьгахь тахана?

• **ЦIахь бина кечам таллар.**

– Яралев Ю. байт йийцийтар.

– Фронтальни хаттарш а луш, Iамийна гIиллакхаш карладахар.

• **Мотивацехула актуализаци.**

– Хьехархочун дош

Бераш, дикка хан ма йаьлла вай долчу хьошалгIа вайн доттагIий бахканза. Шуна биц-м ца белла-те уьш? Дийцал, хIун цIераш йара церан? (Дика, Жайна, Маьлх-Аьзни, ЧIирдиг, Дошлиг.) Царна-м ца дицделла-те вай, кхайкхий вай цаьрга? (Бераша кхайкхича, интерактиван уьн тIехь схьа а гойтуш, туьйра хозуьйту.)

Ткъа хIинца вайн кхин а цхьа доттагI хир йу, цуьнан цIе «ГIаз» хир йу. Демеев I. йазйина байт йешча йевзар йу иза вайна.

– Берашка байт йоьшуьйту.

• **СадаIаран миноташ.**

БIаьргашна йеш йолу упражнени – шайн меттехь Iашшехь.

1. БIаьргаш дIакъовла. 10–15 секундехь садаIа. БIаьргаш схьаделла.

2. БIаьргаш меттахдахар

– бIаргаш аьтту агIор а, хьала а хьовсаде.

– бIаьргаш аьрру агIор а, хьала а хьовсаде.

– бIаьргаш аьтту агIор а, охьа а хьовсаде.

– бIаьргаш аьрру агIор а, охьа а хьовсаде.

3–4-за карладаккха. БIаьргаш дIакъовла.

10–15 секундехь садаIа.

• Керла тема кхидІа а хьехар.

– Хаттаршца болх бар.

ХІун бохам хиллера акхачу гІезана?

КІанта муха гІо дира цунна?

Байтан турпалхо муха кІант хета шуна? Йийца цуьнан амал.

Гуьйранна дІа хІунда йахана гІаз?

– Байт нийса йешарехь болх бар.

ГІезах лаьцна байт йешча дог-ойла муха хилира шун? (Самукъане, гІийлачунна гІо дан дог догІуш.)

– И тайпа байт йоьшуш муха аз хила деза вайн? (Жимма айдина.)

– Белхан тептарца болх бар.

Демеев Іалавдин «ГІаз» цІе йолу байт дІайеша. ТІе ца тоьу дешнаш дІайазде дуьххьара.

Ког лазийна, _____ раз,
ЙогІуш йара акха гІаз.
Тохаделира _____ дог,
ГІезо текхош гича ког.
Цунна ____ тІевахара,
ГІо дан ийцира кара.
Сихха чов _____,
Цул тІаьхьа цІа йигира.
ДІаделира ____ кІира, –
ГІоли цунна хилира.
ХІинца _____ йу и ша,
Шен ког ларбеш, меллаша.
_____ и йахна дІа,
Сагатдеш со денна Іа.
Суна _____ и дукха,
Йоьрзур йуй-те и йуха?

• ЦІера болх:

– Дагахь Іамайе Демеев І. «ГІаз» цІе йолу байт.

– Йазде, шайна лазийна дийнаташ гича шу тІех довлу йа гІо до аш?

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

Дарсан цIе: **ХАСАРОВ ШАIРАНИ. «ЖИМА КХОР»**

Дарсан Iалашо: Хасаров ШаIранис йазйина «Жима кхор» цIе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду Iаламца къинхетаме хила дезий.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.

Ха-За, Ха-За йу сан На-На,
Мер-За, Мер-За ду иЗа,
Йе-За, Йе-За иЗа суна,
Уггар диканиг На-На йу хьу-На!

ДIайеша самукъанечу озаца. ДIайеша меллаша. ДIайеша чIогIа.

• Дарсан Iалашонаш йовзийтар.

– Схьайелла Iаматан 121-гIа агIо. Муьлха байт йу цу тIехь йерг?

– Мила ву оцу байтан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вайна тахана Ш. Хасаровс йазйина «Жима кхор» цІе йолу керла байт йоьшур йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Іемар ду вай.

• Керла тема хьехар.

- Хьехархочо йоьшу байт.

– Ритм а, аз а нис а деш, берашка рогІехь йоьшуьйту байт.

– Хаттаршца болх бар.

Къахийтирий шуна жимачу кхурах?

ХІун дина бераша жимачу кхурана?

ХІун орца доьху дитто?

Къаночо хІун дарба дира цунна?

Муьлха дика амалш гайтина байтехь?

Вайна гонахара Іалам лардарехь хІун дан деза аьлла хета шуна?

• СадаІаран минот.

• Керлачу хаарийн дуьххьара дІалацар.

– Белхан тептарца болх бар.

Кхочушде тІедиллар: Шен га кагдича стенна сагатдеш бара кхор?

а) Цо сагатдеш долу хІума гойтуш долу могІанаш, лахахь далийнчу масале а хьожуш, Іамат тІера схьайазде.

Муха доккхура кІайн заза?

аь) Кхуран амал муха йу аьлла хета хьуна? Хьайна цунах хетарг дІайазде. Комаьрша, дика.

б) Байта тІехь вуьйцуш волу воккха стаг муха ву дІайазде.

Къинхетаме.

• Дарсана жамІ дар.

– Керла хІун девзи шуна хІокху байтехь?

– Іаламца муха хила деза вай?

– Лардийр дуй вай Іалам?

• ЦІера болх:

– Хасаров Ш. дийцар шера деша.

– Шайн цІерачу стоьмийн диттех а, уьш шаьш Іалашдарех а лаций жима дийцар кечде.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

Дарсан цIе: **ХАСАЕВ ХЬАМЗАТ. «ЛИЙЧАР»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Хасаев Хь. йаздина «Лийчар» цIе йолу керла дийцар довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна, олхазарех долу хаарш алсам а дохуш, Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна Iемар ду шайн ойла йовзийта а, йешаран а, ойла йаран а пайда ган а.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• Къамел шардар.

Аьзнаш цIена деша Iама
ри-ра, ра-ря, ру-рю, ир-эр, ар-ор-ур,
ррри-ррра-ррэ, ррро-ррру-ррри,
ддри-ддра-ддрэ, ддро-ддру-ддра.

• Олхазарех долу хаарш карладахар.

– Муьлха олхазарш девза шуна?
– Олхазарех хIун Iамийра вай?
– Бераш, стенах лаьцна дуьйцур ду аьлла хета шуна вай?
– Iалашонах кхетам балар.
– Хьехархочо доьшу дийцар.
–Дошамца болх.

• СадаIаран минот.

• Текстаца болх.

– Берашка доьшуьйту дийцар.
– Хаттаршца болх.
Муха олхазар ду шоршал?
ХIун до цо лийчале?
Муха цIандо цо шен дегI?
Шуна гиний и олхазар?
Гича хIун дийр дара аш?
• Дарсана жамI дар.
– Стенах лаьцна дара вайн дарс?
– Аш Iалашдой олхазарш?

• ЦIера болх:
– Хь. Хасаевн дийцар деша, чулацам схьабийца.
– Олхазарх лаций жима дийцар йаздан хьовса.
• Рефлекси.

Дарсан цIе: **САКАЕВА МАДИНА. «КЕРТАХЬ ЛЕЛАШ НIАЬНА ЙУ…»**

Дарсан Iалашо: Сакаева Мадинас йазйина «Кертахь лелаш нIаьна йу...» цIе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду Iаламца къинхетаме хила дезий а, муьлххачу а садолчу хIуманца къинхетаме хилар вайн дикачу гIиллакхех цхьа дакъа дуй.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Дарс дIадахьар

- **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).
- **Къамел шардар.**

ДУ – ДУ – ДУ – Арахь хаза Iалам ду,
ВУ – ВУ – ВУ – Дада мангал хьокхуш ву,
ЧА – ЧА– ЧА – Кечбеш нанас мерза кхача,
ЗА – ЗА – ЗА – Дика доьшуш Iийр ду хаза.

- **Дарсан Iалашонах кхетам балар.**
- **Керла темайовзийтар.**

– Хьехархочун дош.

Бераш, нIаьнеш а, котамаш а гиний шуна? Шун йуй уьш цIахь? Котаман кIорни дуьнен чу долуш гиний шуна? Котамийн кIорнийн цхьа шатайпа хазачу дахарх лаьцна самукъане байт йазйина Сакаева Мадинас. Иза йеша а йешна, церан дахарх лаьцна дуьйцур ду вай.

– Берашка байт йоьшуьйту.
– Хаттаршца болх бар.
– ХIун деш йу нIаьна гу тIе а йуьйлуш?
– НIаьна иза – кIорнийн да ву йа нана йу?
– Шен бераш муха вовшахтуху нанас?
– Царах уггар а жиманиг мичахь хилла?

- **СадаIаран минот.**
- **КхидIа а керла темица болх бар.**

– Берашка чIогIачу озаца байт йешийтар.
– «Хаарш-зер» цIе йолчу рубрикица болх бар.

ХIокху декъан цIе «кегий доттагIий» хIунда тиллина аьлла хета хьуна?

Муьлха дийцар йа байт хазахийти хьуна?

Керла хIун хии хьуна хIокху декъехь?

ЦIахь кхобучу дийнатех хIун олу хаьий хьуна? Хьунхахь дехачарах? Дийца хьайна хуург.

«Жима кхор» байта тІехь воккхачу стага кхуран га кагделлачу метта сацкъар хІунда хьаькхира? Кхин муха Іалашдо дитташ, хІун «дарбанаш» леладо царна?

ЦІахь кхобу дийнаташ дуй шу цІахь? Муха Іалашдо аш уьш?

Хьуна муьлха дийнат дукхадеза?

– Белхан тептар тІе хьайна уггар дукхадезачу дийнатан сурт а диллий, цунах лаций йазде.

• Дарсана жамІ дар.

– Керла хІун девзи шуна тахана?

– ХІокху декъехь муьлха дийцар йа байт хазахийтира шуна?

• ЦІера болх:

– Сакаева М. байт Іамайе.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

БІАЬСТЕ ЙОГІУ, БІАЬСТЕ ЙОГІУ!

Дарсан цІе: **САТУЕВ ХЬУСАЙН. «БІАЬСТЕ ЙОГІУ»**

Дарсан Іалашо: Сатуев Хьусайна йазйина «БІаьсте йогІу» цІе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у, хаамбаран кехаташ.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта дарсан цІе билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду бІаьсте йолучу муьрехь хІун хийцамаш хуьлу, уьш муха билгалбо а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.**

Цхьаьнаэшшарехь деша:

На – на – на – бІаьсте вайна схьакхаьчна,

Ло – ло – ло – арахь хІинца йохло,

Ка – ка – ка – арабаьлла боккха ка,

Го – го – го – бераш арахь ловзуш го,

ГІа – гІа– гІа– бІаьстенан ду догІуш догІа.

Муьлха хан йу вай йуьйцург?

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 130-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь йерг? Мила ву цуьнан автор?

Тахана вайна йевзар йу кхин цхьаъ а Іаламан исбаьхьалла йовзуьйту хан. Оцу хенах лаьцна Сатуев Хьусайна йазйина «БІаьсте йогІу» цІе йолу байт а. Нийса а, шера а и байт а йоьшуш, бІаьстенан хиламаш а буьйцуш, дІахьур ду вай таханлера дарс.

• **Керла тема хьехар.**

– Хьехархочун дош

Бераш, бІаьсте йолуш дуьххьара схьаделлалуш долу зезаг муьлха ду хаа лаьий шуна? Вай доттагІий Маьлх-Аьзни, Дика, Жайна, ЧІирдиг а бу цуьнах лаьцна дийца баьхкина.

Лаахь бІаьсте йовза шайна,

ЛадогІа аш лерина,

ЧІирдиг доттагІашца вогІу,

Зезаг цара вайна дохьу.

– Хьехархочо интерактиван уьн тІехь лайн зезаг а гойтуш, хозуьйту «БІаьсте йогІу» туьйра».

– Берашк Хь. Сатуевн «БІаьсте йогІу» байт йоьшуьйту.

• **СадаІаран минот.**

• **КхидІа керлачу темица болх бар.**

– ГІийлачу озана тІера чІогІачу озана тІе а довлуш, йуха а берашка байт йешийтар.

– Хаттаршца болх бар.

Бераш, аш тидам бирий, хIара байт йолалуш автора шозза даладо «БIаьсте йогIу! БIаьсте йогIу» дешнаш. ХIун ойла кхоллайолуьйту цара?

«Малхо латта хьаьстина» бохучух муха кхета шу? Дийца.

Муьлхачу сагалматийн, олхазарийн цIераш йоху поэта шен байтехь. Цара хIун до боху цо?

– Шера йешарехь болх.

Автора «БIаьсте йогIу! БIаьсте йогIу» дешнаш шозза даладеш хиларан тидам бира вай. Муха йеша йеза вай и байт? (самукъдолуш, даккхийдарца).

Муха аз хила деза иштта байт йоьшуш? (чIогIа, айдина)

– Айдинчу озаца берашка байт йешийтар.

• Дарсана жамI дар.

– Стенах лаьцна дийци вай тахана?

– Муьлха зезаг девзи вайна?

– БIаьсте тIейогIуш муха дог-ойла хир йу шун?

• ЦIера болх:

– Хь. Сатуевн байт дагахь Iамайе.

– Белхан тептаран 50-гIа агIо схьа а йеллий, цу тIера 2-гIа тIедиллар кхочушде.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

Дарсан цIе: **ДЕМЕЕВ IАЛАВДИ. «САН СОВГIАТ»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Демеев Iалавдин «Сан совгIат» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду дешан дозалла а, цуьнан маьIна дан а.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду, интонаци лар а йеш, шера байт йеша.

Личностни: дешархошна хуур ду ненан сийдаран дозалла.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

Бедаш кхойкху Іуьйранна... Къа, Къа, Къа
ГІезаш лаьтта хийистехь... Га, Га, Га
Котамаш йу корехь кхойкхуш... Ко, Ко, Ко
Цаьрга хьоьжуш лаьтта хьо... Со, Хьо, Со

• **Дарсан Іалашонашйовзийтар.**

– Бераш, Іамат тІехь совгІатех лаьцна байт ма йу вайн. Хьовсийша, и агІо схьа а йеллий, хІун совгІат ду-те цу тІехь дуьйцург.

– Мила ву оцу байтан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

– Вайна тахана Демеев Іалавдис йазйина «Сан совгІат» цІе йолу керла байт йевзар йу.

Керла байт йешийтар.

• **СадаІаран минот.**

• **Текстаца болх.**

– Йуха а дІайеша байт.

• **Дешархошка хаттарш далар.**

– Муьлха совгІат дан дагахь йу шен нанна йоІ?

– Нанна хазахетар ду аьлла хетий шуна йоІа кечдина совгІат?

– Аш дой шайн нанна совгІаташ?

– ЙоІана шен нанас хІун деш хазахета аьлла ду байтехь?

– Шуна дуьйций нанас сарахь туьйранаш?

– Шайн нанас дуьйцуш долу муьлха туьйра дукхадеза шуна?

• **Йешаран говзалла кхиор.**

– Бераш, самукъделирий шун байт йоьшуш? Муьлха байт йу хIара, дийца. (самукъане)

– Муьлхачу озаца йеша йеша иштта байт? (жимма айдинчу, самукъанечу)

– Интонаци лар а йеш, жимма айдинчу озаца дIайеша байт.

• Дарсана жамI дар.

– Муьлхачу дийнах лаьцна дара вайн дарс?

– Хазахийтин шуна вайн дарс?

• ЦIера болх:

– Байт дагахь Iамайе.

• Рефлекси.

Дарсан цIе: **ЦУГАЕВ САЛМАН. «СО МАМЕЛ ХЬАЛХА...»**

Iалашо: Цугаев Салмана йазйина «Со мамел хьалха» цIе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара зезагаш.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхетош, нийса, къастош йеша.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду нанна хазахетар дан дезаш долу де муьлха ду, байтан автора и хазахетар муха до а.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• Къамел шардар.

Шабар-шибар деш,
Лаьтта Іежийн беш,
Зингат догІу дедда,
Зу йу тІаьхьайедда,
Ш-ш-Ш – лаьтта Іежийн дитт,
З-з-З – зингат догІу дедда.

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар.

Берашна хозуьйту «Со мамел хьалха» цІе йолу йиш.

– Шуна йевзий хІара йиш?

– Аш лекхний цкъа а шайн нанина? иштта йиш?

– Муьлхачу денна локху иза? (8-чу мартехь – Дуьненайукъара зударийн де долуш)

Тахана вай йоьшур йу Цугаев С. йазйина «Со мамел хьалха» цІе йолу керла байт. Нийса а, шера а, къастош а йеша Іемар ду вайна и байт.

• Актуализаци.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

• СадаІаран минот.

• Текстаца болх.

– Дийца, стенах лаьцна йу хІара байт?

– Мамина хазахетар дан ша хІун дийр ду боху йоІа?

– ХІун ойла кхоллало шун хІара байт йоьшуш? (самукъдолу, сагатло, хазахета, халахета) Дийца шайн ойланех лаций.

– ЙоІан самукъдаьлла а ца Іаш, кхин хьенан самукъдаьлла хІокху байта тІехь? ДІадеша и могІанаш.

– Мама балхара цІа йогІуш хуьлу хазахетар стенца дусту поэта? ДІадеша и могІанаш.

• Йешаран говзалла кхиор.

– Шайн нанна совгІат деш хІун дог-ойла хуьлу шун? (самукъане)

– Ткъа цунах лаьцна байт йоьшуш муьлхачу озаца йеша йеза? (самукъанечу, айдинчу озаца).

Самукъанечу, айдинчу озаца берашка байт йешийтар.

• Дарсана жамІ дар.

– Бераш, стенах лаьцна дийци вай тахана? ХІун девзи вайна керла? Шайн нанна и байт йоьшур йуй аш? Цунна совгІат дан кечам бийр буй аш?

• Дешархойн хаарийн мах хадор.

• ЦІера болх:

– Цугаев С. «Со мамел хьалха» байт дагахь Іамайе.

• Рефлекси.

Дарсан цІе: **МАКАЛОВ ШАМСУДДИ. «СИЙНА БІАЬСТЕ»**

Дарсан Іалашо: Макалов Шамсуддис йазйина «Сийна бІаьсте» цІе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у, хаамбаран кехаташ.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду бІаьсте йолучу муьрехь хІун хийцамаш хуьлу, уьш муха билгалбо а.

Дарс дІадахьар

• Дешархошка маршалла хаттар. (Де дика дар, тахана дешархойн йолу дог-ойла муха йу хаттар.)

• Дарсана кечамбар таллар (тептар, Іамат, ручка).

• ЦІахь бина болх таллар:

– Дешархошка йуьйцуьйту Хь. Сатуевн «БІаьсте йогІу» цІе йолу байт.

– Белхан тептар тІехь кхочушдинчу тІедилларе а хьожу.

• Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.

БІаьсте йогІу, бІаьсте йогІу,
Іалам вайна хазделла,
Дада беша араволу,
Бабас мерза локъам йотту.

БІаьсте йолу хан муха хуьлу элира вай даханчу дарсехь? Муха йеша йеза цунах лаьцна байт. (чІогІачу озаца берашца олу лакхахь далийна дешнаш)

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар.

– Схьайелла Іаматан 133-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь йерг? Мила ву цуьнан автор?

Тахана вайна йевзар йу кхин цхьаъ а бІаьстенан Іалам довзуьйту «Сийна Іалам» цІе йолу байт. Цуьнан автор ву Ш. Макалов. Нийса а, шера а и байт а йоьшуш, бІаьстенан хиламаш а буьйцуш, дІахьур ду вай таханлера дарс.

• Керла тема хьехар.

– Хьехархочун дош

Бераш, «сийна Іалам» олуш хезний шуна? ХІунда олу-те иштта? Сийна бос муха хуьлу? Ткъа бІаьсте сийна йу ала мегар дуй? (Хьехархочо кхетам ло «сийна бІаьсте» бохучу дешнийн цхьаьнакхетаран)

– Берашка, рогІалла а ларйойтуш, йоьшуьйту байт.

– Керла дешнаш довзийтар. Дошамца болх.

• СадаІаран минот.

• КхидІа керлачу темица болх бар:

– ГІийлачу озана тІера чІогІачу озаца тІе а довлуьйтуш, йоьшуьйту байт.

– Хаттаршца болх бар.

Дийца, стенах лаьцна йу байт?

Ойла йе, «сийна буц», «сийна стигал» – оьрсийн маттахь муха эр дара аш? ХІун башхалла гучуйели шуна?

«Сийна зезаг лепа дели» – муьлха зезаг ду поэта дуьйцург? Лаьмнийн духар сийна хІунда ду аьлла хета хьуна? БІаьстенах «бозбуунча» хІунда аьлла поэта? ХІун хийцамаш бо бІаьстено?

«Сийна бІаьсте – сийна зевне» – ойла йе оцу дешнийн. Іай олхазарийн эшарш хезий? БІаьста? Кхин хІун гІовгІанаш йуьйлало бІаьста?

• Дарсана жамІ дар.

– Стенах лаьцна дийци вай?

– БІаьстенах лаьцна керла хІун девзи шуна?

– Сийна бІаьсте алар нийса дуй?

• ЦІера болх:

– Макалов Ш. байт дагахь Іамайе.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

Дарсан цІе: **АХМАДОВ МУСА. БІАЬСТЕНАН ГІОВГІА»**

Дарсан Іалашо: Ахмадов Мусас йаздина «БІаьстенан гІовгІа» цІе йолу керла дийцар довзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду бІаьсте йолучу муьрехь хІун хийцамаш хуьлу, уьш муха билгалбо а.

Дарс дІадахьар

• Дешархойн ойла тІейерзор.

Горгали вайна бекна.

Дешар доло деза хІинца.

ГІовтта, куьйгаш хьалаойъуш,
Вовшашна шайн делар гойтуш.

• Хьалха Іамийнарг карладаккхар

– Макалов Ш. «Сийна бІаьсте» цІе йолу байт йийцийтар.

• Шера йешар кхиор.

Аз тодеш йеш йолу упражнени.

ЦІенаалар

Ка-Ка-Ка – арахь нІаьна чІогІа йека,
Ла-ла-ла – бохуш вайга самадовла,
ГІа-гІа-гІа – лаьллина дІооо генна гІовгІа,
За-за-за – доьшур ду вай Іемаш ловза.

• Керла темайовзийтар.

– Хьехархочун дош.

(Интерактиван уьнт Іехь бІаьстенан Іалам а гойтуш, берашка рогІалла а ларйойтуш, доьшуьйту дийцар.)

– Керла дешнаш довзийтар.

– Дошамца болх.

– Хаттаршца болх бар.

«Іай-бІаьстей къаьстина» бохучух муха кхета шу?

БІаьстенан муьлха мур бу дийцарехь гойтуш?

Стен самавоккху Мовсар?

Дада гича хІун хаттар до Мовсара?

Дадас хІун жоп ло Мовсарна?

Дистина ахк хІунда кхераме ду боху Дадас?

Ша ахка тІе ца вахийтича хІун дира Мовсара?

Араваьлча хІун гира Мовсарна?

• СадаІаран минот.

• Іамийнарг тІечІагІдар. Белхан тептарца болх дІабахьар

– Белхан тептаран 51-гІа агІо схьа а йеллий, кхочушде тІедиллар.

Ахмадов Мусан «БІаьстенан гІовгІа» дийцарехь буьйцучу хиламийн рогІалла билгалйаккха терахьашца.

о Дадас, Іай-бІаьстей къаьстина, аьллера.

о Буьйсанна мох белира.

о Корехула охьадогIу татол гира.
о Мовсар цецваьллера.
о Мовсара Дадига хаттарш дира.
о Кемалг къайладаллалц тIаьхьахьийжира иза.
о Хинкема дира Мовсара.
о Дистина догIуш ахк хиллера.
о Кемалг хи чу дIахийцира Мовсара.
о Кемалг сацош йолу нехаш дIахьаькхира Мовсара.

а) «БIаьстенан гIовгIа» дийцаран турпалхой муьлш бу? Лахахь дIайазде.

_____

аь) Мовсаран амалш муха йу аьлла хета хьуна? ДIайазйе лахахь санна.

Шега аьлларг деш, массо хIума довза лууш

_____

_____

б) Дийцаран цIе «БIаьстенан гIовгIа» хIунда йу?

БIаьстенан хIун гIовгIанаш йу дийцарехь гайтина? ДIайазйе лахахь санна.

Дешначу лайнах хиллачу жимачу татолан гIовгIа,

_____

_____

_____

• Дарсана жамI дар.

• ЦIера болх:

– Ахмадов Мусан дийцар шера деша.

– БIаьстенан Iаламах лаьцна презентаци кечйе.

Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

Дарсан цIе: **СЕЙЛМУХАНОВ МУСА. КХЕЧИ БIАЬСТЕ**

Дарсан Iалашо: Сейлмуханов М. йазйина «Кхечи бIаьсте» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хуур ду бIаьстенан Iаламах лаьцна дийца, байт шера, интонаци лар а йеш, йеша.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду Iаматца болх бан, шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан, йешначу байтан коьрта ойла йовза, цунах кхета.

Личностни: дешархошна Iемар ду байтехула деган хазалла йовза, Iаламан исбаьхьалла ган а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

Сир-ла, Сир-ла беттаса,
Лепаш дара Сий-Са-ра.
Са-хи-ли-ра тIаккха,
Схьа-кхий-ти-ра малх а...

ДIайеша олхазарийн аьзнашца. ДIайеша меллаша. ДIайеша къастош.

• **Iалашонашйовзийтар.**

– Схьайелла Iаматан 137-гIа агIо. Муьлха говзар йу цу тIехь йерг?

– Мила ву оцу говзаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

Вай тахана Сейлмуханов М. йазйина керла байт йоьшур йу. БIаьстенан Iаламан исбаьхьалла йевзар йу вайна.

• **Актуализаци.**

– Бераш, бIаьсте кхочуш хуьлу хIун хиламаш бевза шуна?

(Іалам хазло, зезагаш гучудовлу, олхазарш цІа доьрзу, цара шайн зевне эшарш а лоькху...). Кхин а хІун хиламаш хуьлу хьовса йиш йу вайн «БІаьсте кхечи» цІе йолу байт йешча.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

Татол (ду), татолаш (ду) – жима доьду хи.

Леша – хинтІадамаш охьаоьгу.

БІаьрла – сирла, къегина.

Йилбаз-дин (бу) – беркеманан тайпа, тІомалела садолу хІума (йилбазговр).

– Берашка йоьшуьйту. (БІаьстенан сирачу дог-ойланца йеша йеза вай хІара байт. Самукъдолий шун бІаьста? Даккхийдей шу бІаьстенах? (Дешархошка бІаьстенах йолу шайн дог-ойлане хьаьжжина долчу озаца йоьшуьйту байт).

• СадаІаран минот.

• Текстаца болх.

– Муха гойту автора бІаьстенан Іалам?

– БІаьста Іалам хІунда хазло аьлла хета шуна?

– Байт йоьшуш хІун синхаамаш кхоллабели шун?

– «БІаьста дуьне самадолу» бохург хІокху байтана догІу аьлла хетий шуна. Дийца, масалш а далош.

– Олхазарша хІун кечамаш бо аьлла хета шуна шаьш цІа даьххича?

– ХІокху байтан шайна хазахетта могІанаш дІадеша. Дийца, хІунда хазахетта.

– Шуна дукхайезий бІаьсте? Дийца хІунда йеза.

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Белхан тептар

«Кхечи бІаьсте» байта тІехь гайтинчу дийнатийн цІераш дІайазйе.

ТІе ца тоьу дешнаш дІа а йаздеш, байт меттахІоттайе.

БІаьсте йогІу _____,

Йолу тІех.

Ирсе цІандеш,

Шовда хуьлий,
зезаг хьалакъедда,
Диттах лета,
Сирла дедда,
Малхах нур.

– Іаматан суьрташца болх *(«Кхечи бІаьсте» цІе йолчу байтана дехкинчу суьрташка а хьовсуш, берашка дуьйцуьйту)*

– Муха гайтина бІаьсте хІокху суьртехь?

– Муха дог-ойла хуьлу цу суьрте хьожуш?

– ХІун дагадогІу шуна и сурт гича?

• Дарсана жамІ дар.

«БІаьсте» дашца кластер хІоттайе

• ЦІера болх:

– Дагахь Іамайе М. Сейлмухановн байт

– БІаьста цІа догІучу олхазарийн сурт дилла.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси. (Шайна хеташ долу дешнашца алам чекхбаккхар.)

• Суна тахана дарсехь девзи …

• Ас сайна кхин а Іамо деза …

• Суна дарсехь тахана хазахийтира …

• Дарсехь кхин а дика хир дара …

Дарсан цІе: **ТАЛХАДОВ ХЬАМЗАТ. «БІАЬСТЕ»**

Дарсан Іалашо: Талхадов Хь. йазйина «БІаьсте» цІе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна хуур ду дийцаран чулацам стенах лаьцна бу. Хуур ду хезаш йеша, тІаьхь-тІаьхьа шайн дагахь йешарна тІе а бовлуш. Іемар ду шаьш йуха йоьшуш хьалха даьхна гІалаташ ган, уьш нисдан.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду Іаматца болх бан, шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дІанисбан, йешначу байтан коьрта маьІна довза, цунах кхета.

Личностни: дешархойн йиш хир йу бІаьстенах лаьцна хаарш тІедуза.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

Деша хІетал-метал.

Меллаша а, къаьсташ а, билгалдина элпаш доьшуш, чІогІа аз ай а деш, дІадеша хІетал-метал.

Шена бе***Д***ар а ***Ц***а йо, ту***К***ар а до***Ц***уш, ма***Х***а а бо***Ц***уш ***М***аша а б***О***? (Гезга.)

• **Іалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 139-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь йерг?

– Мила ву оцу говзаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вай тахана Хь. Талхадовс йазйина керла байт йоьшур йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Іемар ду вай.

• **Актуализаци.**

– Хьехархочун дош.

– Керла байт йешийтар.

– Хаттаршца болх бар.

• **СадаІаран минот.**

• **Іамийнарг тІечІагІдар. Белхан тептарца болх бар.**

– Белхан тептаран 52–53-гІий агІонаш схьа а йеллий, кхочушде тІедахкарш.

Талхадов Хьамзатан байта тІера хьайна хазахеттачу дийнатан дешнашца йа къоламашца сурт дилла.

 БІаьсте йаьлла йоккхайеш, аркъал а йаьлла,

Іуьллура пхьид.

• **Дарсана жамІ дар.**

• **ЦІера болх:**

– Дагахь Іамайе Хь. Талхадовн байт.

– БІаьста садоІуш шайна дукхадезачу олхазаран сурт дилла.

• **Дешархоша биначу белхан мах хадор.**

• **Рефлекси.**

Дарсан цІе: **АРСАНУКАЕВ ШАЙХИ. ХІЕТАЛ-МЕТАЛШ**

Дарсан Іалашо: Арсанукаев Шайхис йаздина хІетал-металш довзийтар; царна нийса жоьпаш лаха Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду хІетал-металшна нийса жоп схьалаха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду, байт санна йаздинчу хІетал-металийн башхаллаш ган.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

Сиха а, дагахь а йешар, тІаьхьадогІу дешнаш хаа Іамош йолу упражнени.

Тхуна ца гира Ци___ , Да___ с дугІу син___ р,
Жи___г дІадии___ цо. ___ бас кеч___ шу___ .

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 140-гІа агІо. Муьлха байт йу цу тІехь йерг?

– Мила ву оцу байтан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вай тахана Арсанукаев Ш. йазйина керла байт йоьшур йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Iемар ду вай. ХIетал-металшна нийса жоьпаш лаха а хьовсур ду.

• Керла байтйовзийтар.

– Хьехархочо доьшу хIетал-метал, берашка жоп долуьйту.

– Берашка доьшуьйту шайна хуу хIетал-металш, царна жоьпаш лаха а хьовсу.

– Тобанашкахь болх бар.

(Бераш 3 тобане доькъу. Шайга хIетал-метал кхуллуш болх бойту. Тоьллачу тобане _____)

• СадаIаран минот.

Ткъа хIинца, цхьажимма садаIий вай? Со шун нана-газа хир йу, ткъа шу сан бераш-гезарий.

Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ!

Кхийсалуш йу гезарий! (бераш шаьш лаьттачу меттехь жимма кхиссало.)

Хьалабаккха аьрру ког, (аьрру ког жимма хьала а ойъий 2-3 секундехь лаьтта)

Цхьаъ, шиъ, кхоъ,

ХIинца айъа аьтту ког,

Айде куьйгаш стигала,

Лаца марха цигара.

Корта лаций хьовза, (корта куьйгашца схьа а лоций, бераш хьовзу)

ТIаккха охьаховша. (Бераш шайн метте охьаховшу.)

ЧIогIа дика болх би аш, бераш. ХIинца кхидIа вайн хIетал-металшца болх бийр бу вай.

• Керла тема кхидIа а хьехар. ТIедиллар (Белхан тептар)

– Тептаран .... агIо схьа а йеллий, кхочушде тIедиллар.

• Дарсана жамI дар.

• ЦIера болх:

– Дагахь Iамаде Ш. Арсанукаевн хIетал-металш.

– Барта кхолларалле Іаламах лаьцна хІетал-метал лаха.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

ДАЙМОХК

Дарсан цІе: **АХМАДОВ МУСА. «ДАЙМОХК»**

Іалашо: Ахмадов Мусас йазйина «Даймохк» цІе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Іамор. Ойлайар, тидам бар кхиор. Даймахке безам кхоллар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цІена кехаташ.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду Даймехкан сий дар вайн дикачу гІиллакхех цхьа дакъа дуй.

Дарс дІадахьар

• Вовшахтохаран мур. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

Могуш, маьрша бераш сан,
Дика дешарца догІийла,
Хаарш дуккха долуш шайн,
Шортта пхианнаш дохийла!

• Мотиваци йар.

– Бераш, вай тахана стенах лаьцна дуьйцур ду хуур ду шуна, уьн тІе а хьаьжна, цу тІера дешнаш дешча. ГІийлачу озана тІера чІогІачу озана тІе а довлуьйтуш, доьшуьйту берашка и дешнаш. (Уьн тІехь йаздина дешнаш: Нохчийчоь, Іалам, Даймахке безам, хиш, хьаннаш.)

– Тахана вай дуьйцур ду Даймахках лаьцна. Іаламан исбаьхьа сурт а хІоттош. Даймохк бовзарехь тахана вайн гІоьнча хир йу Ахмадов Мусас йазйина «Даймохк» цІе йолу байт.

– Муьлххачу а адаман санна вайн Даймехкан а йу шен цІе. Массара а цхьаьна, вайн Даймехкан цІе йаккхий вай?

– Цуьнан цІе – Нохчийчоь. Уггар хаза а, маьрша а, оьзда а адамаш дехаш мохк бу иза.

– Бераш, шуна хІун хаьа вайн Даймахках лаьцна? (Берашка хетарг дуьйцуьйту)

– Ткъа хІинца вай йоьшур йу шуна а, суна а хьоме болчу Даймахках байт.

• Актуализаци.

М. Ахмадовн «Даймохк» байт хьехархочо шера йешар.

Дошамца болх.

• Текстан анализ йар. Хаттаршца болх бар.

– Стенах лаьцна йу хІара байт?

– Хьалхарчу биъмогІанашкахь муьлха шеран хан гойту автора Даймахкахь?

– Муьлхачу дешнашца билгалйолу шуна и шеран хан?

– Аьхке муха гайтина автора шен байтехь?

– Гуьйренан сибаташ муьлхачу дешнашца даладо автора?

– Байт муха йерзайо поэта? ДІадеша и могІанаш.

– Шу реза дуй поэтца? Даймехкан муха сурт хІоттийна цо?

• СадаІаран минот.

• КхидІа а керлачу темица болх бар.

– Берашка чІогІачу озаца байт йешийтар.

– Берашца ловзар.

Ловзар «Йазде кица».

– Кицанан йуьхь а йазйой, чаккхе схьалаха олий тІедиллар ло берашна. Кицанаш Даймахках лаьцна ду. ХІора а кицанан чаккхе берашка схьа а лохуьйтуш, уьш нийса дІайаздо хьехархочо.

Вина мохк ..... мазал мерза бу.

Нехан махкахь эла хуьлучул..... шен эвлахь лай хилар тоьлу.

Шен ненан сий лардечо..... Даймехкан сий а лардийр ду.

• Белхан тептарца болх.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– М. Ахмадовн «Даймохк» байт дагахь Iамайе.

– ЦIера шайн дендега йа дененега хатта Даймохк бохург хIун ду.

– ГIийла болх биначу 2 дешархочуьнга Даймахках лаьцна презентаци кечйайтар.

• Рефлекси.

Дарсан цIе: **БЕКСУЛТАНОВ МУСА. «ДАЙМОХК»**

Iалашо: Бексултанов Мусас йаздина «Даймохк» цIе йолу керла дийцар довзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цIена кехаташ.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойлайан.

Личностни: дешархошна хуур ду Даймохк бохург хIун ду, иза даггара беза а, лара а Iемар ду.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

Горгали вайна бекна,
Долалуш ду хIинца дарс,
Цу дарсехь вай Iаш ма ду,
ГIовгIа ца йеш доьшур ду!

• Къамел шардар.

«Дешнех ловзар»

Деша дешнаш меллаша, тIаккха деша сихха:

РОС – БОС – КОС

ЧЕК – РЕК – ШЕК

СОМ – КОМ – МОМ – ЛОМ – ШОМ

ДОШ – МОШ – РОШ – ПХЬОШ

Ткъа хIинца ловзарехь деша и дешнаш: хьалхара могIа – чIогIа, шолгIа могIа – гIийла, кхоалгIа – меллаша, боьалгIа – сихха.

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош. Бераш, цIахь ,Даймохк бохург хIун ду, хаьттирий аш? (Берашка шайн жоьпаш долуьйту.) Ас шуьга и хаттар деллий а хиъна, Бексултанов Мусас «Даймохк» цIе а йолуш дийцар даийтина вайна. Оцу дийцарехь вайн хаттарна жоп карадой хьовсий вай?

– Бексултанов М. «Даймохк» цIе йолу дийцар дешар.

• Керлачу хаарийн дуьххьара дIалацар.

– Текстаца болх бар.

1. Жимачу кIанта хIун хаттар дира шен дендега?
2. Дендас муха тIеоьцу шен кIентан кIант?
3. КIентан хаттаро хIун дагалецамаш кхуллу денден?
4. «Даймохк» бохучу кхетамах муха дуьйцу Воккха Дадас?
5. Шу муха кхийти «Даймохк» бохучух, иза хIун ду эр дара аш?
6. Даймохк мичара болалуш бу аьлла хета шуна?
7. Дийца, хIокху дийцарехь керла хIун девзина шуна?

– Нийса йешарехь болх бар.

1) ГIийлачу озаца дIайеша хьалхара хьалхара абзац.
2) Жимма аз ай а деш, йеша шолгIаниг.
3) ЧIогIачу озаца йеша йисина текст.

• СадаIаран минот.

• Белхан тептарца болх.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

1. Бексултанов М. «Даймохк» дийцар цIахь деша.

2. ГIийла болх биначу 2 дешархочуьнга Даймахках лаьцна презентаци кечйайтар.

• Рефлекси.

Дарсан цIе: **АБУБАКАРОВА ПЕТIАМАТ. «СОЬЛЖА-ГIАЛА»**

Дарсан Iалашо: Абубакарова П. йазйина «Соьлжа-ГIала» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цIена кехаташ.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду Даймохк бовза а, цуьнца йолу марзо йовза а.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду, хаттаршна жоьпаш а луш, байтан коьрта ойла йаста.

Личностни: дешархошна хуур ду Даймехкан сий дар вайн дикачу гIиллакхех цхьа дакъа дуй.

Дарс дIадахьар

• Дешархошка маршалла хаттар. (Де дика дар, тахана дешархойн йолу дог-ойла муха йу хаттар). Дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар)

• Къамел шардар.

Вала, вала, халхавала,
ТIемаш даржош стигал вала,
Вала, дада, халхавала,
Вовше марзо оьцур тIаккха.

ДIайеша дегочу озаца. ДIайеша меллаша. ДIайеша къастош.

• Дарсан Iалашонашйовзийтар.

– Схьайелла Iаматан 149-гIа агIо. Муьлха байт йу цу тIехь йерг?

– Мила ву цуьнан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вайна тахана П. Абубакаровас йазйина «Соьлжа-ГІала» цІе йолу керла байт йевзар йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а байт йеша Іемар ду вай.

• Актуализаци.

– Даймахах долу хаарш таллар.

Сан Даймохк,
ДІаийна ойла,
Цуьнца доьзна
Ирс сан – хилча
Иза маьрша гойла,
Цуьнан ирс ас
Сайн а лоруш ду. (Цуруев Ш.)

Стенан ирс хета авторна шен ирс?

Стенца доьзна ду боху автора шен ирс?

Ткъа хІинца вай хьовсур ду Абубакарова П. шен Даймахке йолу марзо муха йу.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

– Берашка йоьшуьйту байт.

• Текстаца болх.

– «Зазашлахь го урамаш» – оцу дешнех муха кхета шу?

– Шуна гиний зазашлахь урамаш? ХІун меттиг йу Соьлжа-ГІалахь дуккха а зезагаш долуш?

– «Суьйренаш мел сирла йогІу» хІунда аьлла автора?

– ХІунда йу Соьлжа-ГІалахь суьйренаш а, буьйсанаш а сирла?

– Поэта ша Соьлжа-ГІалех йоккхайеш хилар муьлхачу дешнашца гойту?

ДІадеша и могІанаш.

– Шун самукъдолий Соьлжа-ГІалахь? ХІунда?

• СадаІаран минот.

• Іамийнарг тІечІагІдар.
– Белхан тептарца болх
• Дарсана жамІ дар.
– Стенах лаьцна дийци вай?
– Шуна хетий вайн авторна санна вайн Соьлжа-ГІала?
– Мохк бохург хІун ду?
• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦІера болх:
– Байт дагахь Іамайе.
– Соьлжа-ГІалин сурт дилла.
• Рефлекси.

Дарсан цІе: **ОКУЕВ ШИМА. «ДАЙМОХК»**

Дарсан Іалашо: Окуев Шимас йазйина «Даймохк» цІе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархойн нохчийн маттаца долу гергарло чІагІлур ду, «Даймохк» бохучу дашах кхин а кІорггера кхетам бала а хуур ду.

Дарс дІадахьар

• Вовшахтохаран мур (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• Къамел шардар.

Дийца – сих ма ло, гІалат валарх – кхерало.

КІур-кІур, дІанехьа,

ЦІеран котам, схьанехьа.

– Йеша меллаша.

– Йеша цхьажимма чІогІа.

– ХІинца чІогІа а, кхеташ а йеша.

ДІайеша самукъанечу озаца. ДІайеша меллаша. ДІайеша чІогІа.

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар.

– Схьайелла Іаматан 150-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь йерг?

– Мила ву оцу говзаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вайна тахана Ш. Окуевс йазйина «Даймохк» цІе йолу керла байт йоьшур йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Іемар ду вай.

• Керла батйовзийтар.

– Хьехархочун дош

Бераш, цхьа хьехар динера суна сан бабас шен Даймехкан сий дан деза, бохуш. Шуна диний цкъа а цхьамма а ишттa хьехар? Муха дара и хьехар? (Берашка дуьйцуьйту.)

Ткъа тахана вайга массаьрга а Даймехкан муха сий дан деза а хоуьйтуш, вайна Ш. Арсанукаевс шен байт схьакхачийна. Хьовсий вай цо вайга хІун кхочушде боху.

– Интерактиван уьн тІехь хозуьйту шера йоьшуш байт.

– Берашка аз нисдарехь болх а бойтуш, йоьшуьйту изза байт.

ДІайеша чІогІачу озаца.

ДІайеша аз ай а деш.

ДІайеша хаттар луш санна.

• СадаІаран минот.

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Хаттаршца болх бар.

– Даймахке болу безам муха гайтина поэта? Даймехкан муьлха аматаш гайтина цо шен байта тІехь?

– Нохчийчохь долу муьлха хи хьахийна поэта шен байта тIехь? Вайн мехкан кхин муьлха хиш девза хьуна?

– Вайн Даймехкан кхин муьлха меттигаш йевза шуна? Дийца царах лаций.

– Даймохк безаро ирсе хIунда вина поэт? Хьуна хетий иштта?

– Даймохк безаро хьайн кхуллуш йолчу ойланех лаций дийца?

– Белхан тептарца болх бар.

– Тептаран 57-гIа агIо схьа а йеллий, кхочушде тIедиллар.

• ЦIера болх:

– Окуев Ш. байт Iамайе.

– «Хазнашлахь хазна йу Ненан мотт къоман» байтан хIокху дешнашца жима дийцар кхолла хьажа.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

Дарсан цIе: **БАТАЕВА ХЕДА. «КIИРАНАН ВОРХI ДЕ»**

Дарсан Iалашо: Батаева Хедас йазйина «КIиранан ворхI де» цIе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду нохчийн маттахь кIиранан денойн цIераш йаха, шайн рогIехь уьш билгалдаха.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• **Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.**

Уг – уг – уг – Са ненан ду дашо куьг!

Ай – ай – ай – ДоттагI дика деша, хIай!

Эй-эй-эй – ТIаккха бертахь Iийр ду вай!

ДIайеша цхьанаэшшара.

• **Мотивацехула актуализаци.**

Бераш, тахана кIиранан муьлха де ду вайна? Вайн маттахь кIиранан денойн цIераш муха йу хаьий шуна? (Берашка шайна хууш йолу денойн цIераш йохуьйту). И цIераш Iама йеза вайна. Вайна гIо хилийта Батаева Хедас «КIиранан ворхI де» цIе йолу байт йаийтина вайна.

– Хьехархочо шера йоьшу байт.

– Берашка цхьацца биъмогIа боьшуьйту, хIора могIанна йуккъера кIиранан денойн цIераш уьн тIехь дIа а йазйеш.

– Хаттаршца болх бар.

– КIиранан муьлха де хазахета шуна? Дийца хIунда.

– Белхан денош муьлханаш ду, мукъаденош муьлханаш ду схьадийца.

• **СадаIаран минот.**

Махо ловзош лаьтта дитт,

аьтту, аьрру агIор лестош,

(Куьйгашца корта схьа а лаьцна, аьтту а, аьрру а агIор дIасаттор.)

Цхьаъ – аьтту,

Шиъ – аьрру,

ГIовгIайеш ду лаьтташ дитт.

(Хьала а айдина куьйгаш лестадо.)

• **КхидIа керлачу темица болх бар.**

– Белхан тептарца болх бар.

Тептаран 58-гIа схьа а йеллий, кхочушде тIедахкарш.

– КIиранан денош царна тоьхначу басаршца схьалаха. Лахахь санна басар тоха царна.

– Лахахь далийнчу кIайдарган патарш басарде. Лакхахь санна дIанисде кIиранан денойн беснаш.

– ХIора могIанан элпаш дIа а нисдеш, кIиранан денош нийса дIайазде.

• Дарсана жамI дар.

– Стенах лаьцна дийци вай тахана?

– КIиранан маса де хуьлу хаьий шуна хIинца?

– СадоIуш а, болх беш а долу денош къасто хуур дуй шуна?

• ЦIера болх:

– Батаева Х. байт а йоьшуш, кIиранан денойн цIераш дагахь Iамайе.

– Хьайн тептар тIе, къастош, дIайазйе белхан а, садоIу а денойн цIераш.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

Дарсан цIе: **АНЗОРОВА БАЛКАН. «ТУРПАЛА ХАНПАША»**

Дарсан Iалашо: Анзорова Балкана йазйина «Турпала Ханпаша» цIе йолу байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош а, нийсачу ритмица а йеша.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду турпалхо бохучу дешан маьIнех кхета а, цуьнгахь хила йеза амалш а йовза.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• Къамел шардар.

Моза беъна хьошалгӀа
дохьуш вайна мерза моЗ
З – з –З! З –з – З!
Куьйга тӀе а хиъ, деш бу иЗа
З – з –З! З –з – З!
Кхерабелла иза, баха генна хьийЗа
З – з –З! З –з – З!

ДӀайеша самукъанечу озаца. ДӀайеша меллаша. ДӀайеша чӀогӀа.

• Дарсан Іалашонашйовзийтар.

– Схьайелла Іаматан 154-гӀа агӀо. Муьлха говзар йу цу тӀехь йерг?

– Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вай тахана «Турпала Ханпаша» цӀе йолу байт йоьшур йу.

• Актуализаци.

Бераш, турпалхо мила ву хаьий шуна? Турпалхо – иза вай а, вайн мохк а ларбеш, массо а дика амалш шеца йолуш верг ву.

Ткъа вайн халкъан цхьа а турпалхо вевзий шуна? (Берашка цӀераш йохуьйту).

Тахана вайна кхин цхьа турпалхо а вевзар ву. Иза вовза шайна лаахь аш соьга лерина ладогӀа деза. Мегар дуй?

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

– Нурадилов Ханпашех боцца хаам балар.

Нурадилов Ханпаша вайн къоман турпалхо ву. Сийлахь-боккхачу Даймехкан тӀеман декъашхо ву иза. Шен 18 шо бен ца хиллехь а, вайн пачхьалкх мостагӀех ларйеш, шен са дӀаделла цо. Иза а, и санна турпалхой а бахьана долуш вай тахана иштта маьрша даха йиш йолуш ду.

• СадаІаран минот.

Куьйгаш малхе кховдош шайн,
Маьлхан зІаьнарш лаца схьа,
(куьйгаш лакха, тІаккха аьтту а, аьрру а агІор айдар)
Бамбех тера кІеда мархаш,

Нека деш, аш лахка дІа, (куьйгаш белшаш тІе а дохкий, ластадо)

ТІаккха йеша йеза, алий,

Дика деша, Іамат йеллий.

• Текстаца болх.

– Вайн халкъан муьлхачу турпалхочух йу хІара байт?

– ХІун хаьа шуна цунах лаьцна?

– «Ламанан леча» хІунда аьлла хета шуна турпалхочух?

– Байтехь вуьйцучу турпалхочун цІарах хІун йу вайн махкахь?

– Берашка байт йешийтар.

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Тобанашкахь болх.

(Бераш 3 тобане доькъу. «Хааре-Зер» цІе йолу рубрикин хаттарш а луш, дІахьо дарс.)

– Даймохк бохург хІун ду? Жимачу беро шайга и хаттар дича, аш муха жоп лур дара цунна?

– Кху декъа йуккъера цхьа а байт дагахь йисний шуна? Кхин байташ йа иллеш девзий шуна Даймахках лаьцна?

– Вайн Даймахкана лулахь кхин хІун мехкаш ду хаьий шуна?

– «Даймохк бохург хІун ду» дийцар дагадаийта. Дендас цкъа олу: «ХІара йурт хьан Даймохк бу-кх». Йуха олу: «Хьан Даймохк бу-кх хІара йурт а, кху Нохчийчохь мел йолу йурт а» Шу муха кхета цунах?

– Шун йуьртан йа гІалин цІе хІун йу? Цунах лаьцна хІун хаьа шуна?

– Шун йуьртана йа гІалина йуххехь кхин хІун йарташ йу?

– 9–гІа май хІун деза де ду? Муха даздо и де вайн махкахь?

– Сийлахь-боккхачу Даймехкан тІеман турпалхой бевзий шуна? Дийца шайна царах хуург.

– Нохчийн меттан де муьлхачу дийнахь билгалдоккху хаьий шуна?

• ЦІера болх:

– Байт дагахь Іамайе.

– «Нохчийн халкъан турпалхо» проект кечйе.

• Дарсана жамI дар.

«Турпалхо» дашца кластер хIоттайойту

АЬХКЕ

Дарсан цIе: **МАКАЛОВ ШАМСУДДИ. АЬХКЕ**

Iалашо: Макалов Шамсуддис йазйина «Аьхке» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, хаамбаран кехаташ.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду байтан коьрта ойла билгал а йоккхуш, аьхкенан мур бовза.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду аьхке йолучу муьрехь хIун хийцамаш хуьлу, уьш муха билгалбо а.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар. Дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• Къамел шардар.

Цхьаьнаэшарехь деша:

На – на – на – аьхке вайна схьакхаьчна,

Ло – ло – ло – арахь хIинца йохло,

Ка – ка – ка – арабаьлла боккха ка,

Го – го – го – бераш арахь ловзуш го,

Муьлха хан йу вай йуьйцург?

• Дарсан Iалашонашйовзийтар.

– Схьайелла Iаматан 159-гIа агIо. Муьлха говзар йу цу тIехь йерг? Мила ву цуьнан автор?

Тахана вайна йевзар йу кхин цхьаъ а Іаламан исбаьхьалла йовзуьйту хан. Оцу хенах лаьцна Макалов Шамсуддис йазйина «Аьхке» цІе йолу байт а. Нийса а, шера а и байт а йоьшуш, аьхкенан хиламаш а буьйцуш, дІахьур ду вай таханлера дарс.

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош

Лаахь аьхке йовза шайна,
ЛадогІа аш лерина.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

– Берашка байт йоьшуьйту.

• СадаІаран минот.

Махо ловзош лаьтта дитт,
аьтту, аьрру агІор лестош.

(Куьйгашца корта схьа а лаьцна, аьтту а, аьрру а агІор дІасаттор.)

Цхьаъ – аьтту,
Шиъ – аьрру,
ГІовгІа йеш ду лаьтташ дитт.
(Хьала а айдина куьйгаш лестадо.)

• Текстаца болх.

– Байт йоьшуш хІун ойла кхоллайели хьан? Самукъдели, хазахийти, халахийти?

– «ДІа ма гІолахь, денош лахкий» бохучу дешнех муха кхета шу? ХІун ала гІерта автор оцу дешнашца?

– Аьхкенан хІун билгалонаш йалайо автора шен байта тІехь?

– «Седарчий а сирла хьуьйсу, Маре оьхуш, лаьтта дуьссу» бохучу дешнех муха кхета хьо? «Седа маре боьду» олуш хезний шуна? И хІун бохург ду? Шуна гиний седа «маре боьдуш»?

– Дийца, аьхке дІа муха йоьду шун.


– Шера йешарехь болх.

– Муха йеша йеза и байт? (Самукъдолуш, даккхийдарца.)

– Муха аз хила деза иштта байт йоьшуш? (ЧІогІа, айдина.)

– Айдинчу озаца берашка байт йешийтар.

– Белхан тептарца болх.
1. Аьхкенан сурт дилла.
– Дарсана жамI дар.
«Аьхке» дашах кластер хIоттор



• ЦIера болх:
– Макалов Шамсуддин байт дагахь Iамайе.
– Аьхка шаьш садаIа доьлхучух лаций сурт дилла.

Дарсан цIе: **МАГОМАЕВА МАРЕМ. БАI**
Iалашо: Магомаева Марема йаздина «БаI» цIе йолу керла дийцар довзийтар. Шера а, нийса а йеша Iамор
Дарсан кеп: керланиг Iамор.
Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, хаамбаран кехаташ.
Кхочушдан лору жамIаш:
Предметни: дешархошна Iемар ду байтан коьрта ойла билгал а йоккхуш, аьхкенан мур бовза.
Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.
Личностни: дешархошна хуур ду аьхке йолучу муьрехь хIун хийцамаш хуьлу, уьш муха билгалбо а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар. Дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Да-Да-Да – мангал хьокхуш ву дада,
На-На-На – йуург кечйеш йу нана,
За-За-За – бертахь хила адам деза,
Ша-Ша-Ша – иза Iама деза деша.

(Меллаша, лахдинчу йозаца йеша.)

• **Дарсан Iалашонашйовзийтар.**

– Бераш, Iаматан 160-гIа агIо тIехь цхьа керла тамашийна цIе а йолуш, дийцар ду бохург бакъ дуй-те? Хьовсийша, и агIо схьа а йеллий, муьлха дийцар ду цу тIехь дерг.

– Мила ву оцу дийцаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

– Вайна тахана Магомаева М. йаздина «БаI» цIе йолу керла дийцар девзар ду. Харцо дика ца хилар а гойтуш, шера а, нийса а йоьшуш, дIахьур ду вай хIара дарс.

• **Актуализаци.**

(Хьехархочо доьшу дийцар.)

Дошамца болх.

– Берашка доьшуьйту дийцар.

• **Текстаца болх.**

– Стенах лаьцна ду и дийцар? Шун хIун ойла кхоьллира цо?

– ХIун амалш йолуш йу ши доттагI Хьава а, Аминат а?

– Муха гучуйолу шина йоьIан амалш?

– Хьаван гIала хIунда ца нисло аьлла хета шуна?

– Аминатан гIала дика хIунда нисйелла?

– Амината хIоразза а Хьавас аьлларг до. Аш хIун дийр дара Аминатан метта хилча?

– Барт муха хуьлу шина йоIан?

– Дийцаран цIе «БаI» аьлла хIунда тиллина хета шуна? ТIедеана маьIна билгалдаккха оцу дешан.

• **СадаIаран минот.**

Куьйгаш айъа массара – иза цхьаъ,
ГIийла корта хьовзабе – иза шиъ,
Кхоъ – куьйгаш вовшахтоха,
Диъ – дегI шайн тахкаде,
Пхиъ – ластор ду вай куьйгаш,
Йалх – охьаховшур ду меллаша.

Белхан тептарца болх.

– Дийцарх кечдина хаттарш классерчу берашка далийтар.

• Йешаран говзалла кхиор.

– Берашка, рогIалла а ларйойтуш, доьшуьйту дийцар. Ах дийцар дешначул тIаьхьа шайн-шайн дагахь доьшуьйту дийцар

• Дарсана жамI дар.

– Бераш, керла хIун девзи шуна тахана?
– Іаламах керла хIун девзи шуна?
– Стенах пайдаоьцур бу аш оцу дийцарера?

• Берийн хаарийн мах хадор.

• ЦIера болх:

Дийцар деша, чулацам схьабийца.
Шайна гинчу олхазарех лаций йазде.

• Рефлекси.

«ХIордкема»

– Муха дог-ойла йу шун дарс чекхдолуш? Шайн дог-ойланца догIучу хIордкеманна тIе байракх йилла. Дарс дика хеттехь, – сийна хIордкема, сингаттаме хеттехь, – баьццара хIордкема, дарс дика ца хеттехь, – Іаьржа хIордкема.



Дарсан цIе: **МАКАЛОВ ШАМСУДДИ. «КЪОРШКЪАРИ»**

Дарсан Iалашо: Макалов Шамсуддис йазйина «Къоршкъари» цIе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цIена кехаташ.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йадоцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду вайн барта кхолларалле хьалха заманахь догIа даийта лелийначу Iадатех.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.**

Ток-Ток, Ток-Ток – котаман йу ира зIок,
Ра-Ра, Ра-Ра – жIаьла лаьтта хьоькхуш мIара,
Ниг-Ниг, Ниг-Ниг – кIорнешна тебаш йу цхьа къиг,
Са-Са, Са-Са – уьдуш ловзу жима эса.

ДIайеша самукъанечу озаца. ДIайеша меллаша. ДIайеша чIогIа.

• **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Iаматан 163-гIа агIо. Муьлха говзар йу цу тIехь йерг?

– Мила бу оцу говзаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вай тахана Макалов Шамсуддис йазйина «Къоршкъари» цIе йолу керла байт йоьшур йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Iемар ду вай.

• Керла байтйовзийтар.

– Хьехархочун дош.

Бераш, ма тамашийна цIе йу-кх «Къоршкъари» боху цIе. Шуна хетий? Хьалха заманахь бераш ловзуш хилла догIа даийта лууш. Къоршкъари хIун йу хьовсий вай, Макалов Ш. байт а йешна.

– Берашка йоьшийту байт.

– Дошамца болх.

• Аз нисдарехь болх бар.

– Ловзуш байт йешча, дог-ойла муха хилира шун? (Самукъане, гIийлачунна гIо дан дог догIуш.)

– И тайпа байт йоьшуш муха аз хила деза вайн? (Жимма айдина.)

• СадаIаран минот.

БIаьргаш меттахдахар.

– бIаргаш аьтту агIор а, хьала а хьовсаде.

– бIаьргаш аьрру агIор а, хьала а хьовсаде.

– бIаьргаш аьтту агIор а, охьа а хьовсаде.

– бIаьргаш аьрру агIор а, охьа а хьовсаде.

3–4-за карладаккха. БIаьргаш дIакъовла. 10–15 секундехь садаIа.

• Керла тема кхидIа а хьехар. Белхан тептарца болх бар.

– Макалов Шамсуддис йазйинчу «Къоршкъари» байта дуьйцучун сурт дилла хьажа.

• ЦIера болх:

– Дагахь Iамайе Ш. Макаловн «Къоршкъари» цIе йолу байт.

– Баккхийчаьрга а хоттуш, дийца хьалха догIа даийта олуш хилла дешнаш.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси. (ХIора а дешархочо шен тептар тIе малх буьллу, дарс дIадолучу хенахь шайн йолу дог-ойла муха йу а гойтуш.)



КХЕЧУ КЪАЬМНИЙН ЛИТЕРАТУРА

Дарсан цIе: **ТОЛСТОЙ ЛЕВ. «ВОККХА СТАГГИЙ, ХИНАНИЙ»**

Дарсан Iалашо: Толстой Л. йаздина «Воккха стаггий, хинаний» цIе йолу керла туьйра довзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду харцдерг дийцар вон дуй а, сутаралло а, харцдолчо а адамна воний деш хилар а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

– Чехкааларца болх
Жера хенахь жоьла йолчу
ХьаьргIа йогIу жаIу волчу.
«Жолам, жолам», – бохуш йоьлху,
ЖаIу лаьтта ХьаьргIе хьоьжуш.
1. Дешдакъошца деша чехкаалар.
2. Жимма сих а луш, деша чехкаалар.
3. Дуьйлалуш сиха, дешна довлуш болар лах а деш, деша чехкаалар.
4. Чехкаалар санна деша.

• **Дарсан Iалашонашйовзийтар.**

Бераш, цкъа а харцдерг дийциний аш? Иза дийца ца мегий ма хаьа шуна? Дас а, нанас а хьехарш дой шуна цIахь цунах

лаьцна? Цхьа а масал хаьий шуна харцдерг дийцаран волла гойтуш? Дийца.

Бераш, Толстой Лев Николаевич вуьйцуш хезний шуна? Иза оьрсийн къоман йаздархо ву. Иза вайн Нохчийчохь а хилла. Дуккха а нохчий хилла цуьнан доттагIий. Схьайелла Iаматан 167-гIа агIо. Муьлха говзар йу цу тIехь йерг?

– Мила ву оцу говзаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вай тахана Л. Толстойс йаздина «Воккха стаггий, хинаний» цIе йолу керла туьйра доьшур ду. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и туьйра деша Iемар ду вай. Цул сов, сутаралла а, харцдерг дийцар а вон хилар а хуур ду вайна.

• Керла дийцар довзийтар.

– Хьехархочо доьшу туьйра.

– ИКТ-уьн тIехь суьрташ а гойтуш, керла дешнаш довзуьйту, тептар тIе дIа а йаздойту.

• Текстаца болх.

– ХIун халахетар хиллера воккхачу стагана?

– Воккхачу стагана гIо хьан дира?

– Муха зийра Хинанас воккха стаг?

– Воккхачу стага дашо а, дато а дагарш схьа хIунда ца эцна?

– Хинанас кхо диг хIунда делла воккхачу стагана?

– Сутарчу стагана цуьнан диг йуха хIунда ца дерзийна Хинанас?

– Сутарчу стагана Хинанас динарг нийса хетий шуна?

– «Дукха дезаро долчух ваьккхина» олуш кица ду вайн. Цунах муха кхета шу? ХIокху туьйранна иза догIуш ду аьлла хетий шуна?

– Дукха дезарал сов кхин хIун вон амал гучуйели шуна сутарчу стагехь. Дийца цунах лаций.

– Белхан тептар тIе дIайазйе адамехь хуьлуш йолу дика а, вон а амалш.

• СадаIаран минот.

(Куьйгаш меттах а дохуш, пIелгашца дагардо.)

Цхьаъий, шиъий, кхоъий, диъ -
Дечигах детта ира диг.
Пхиъий, йалххий, ворххIий, бархI -
Дечках хуьлуш лаьтта барз.
Иссий, иттий дагарди,
ТIаккха йуха долади:
Цхьаъий, шиъий, кхоъий, диъ -
Дечках детта ира диг.
Пхиъий, йалхий, ворххIий, бархI -
Дечках хуьлуш лаьтта барз.
Иссий, иттий кхачади,
Дагардан вай Iамади. (Вагапов I.)

• Белхан тептарца болх.

• Дарсана жамI дар.

– Бераш, муха хийти шуна туьйра?
– Сутаралла а, харцдерг дийцар а дика ду йа вон ду?
– Аш хIун дийр ду харцдерг дуьйцу адам шайна гича?
– Хинанас нийса диний сутара стагана?

• Дарсехь биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– Туьйра деша.
– Чулацам схьабийца.

• Рефлекси.

Дарсан цIе: **ГРИММ ВЕЖАРИЙ. «ХУДАРАН КХАБА»**

Дарсан Iалашо: Гримм вежарша йаздина «Хударан кхаба» цIе йолу керла туьйра довзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цIена кехаташ.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду кхечу къаьмнийн литература йуй а, цу литературера цхьа туьйра а, оцу туьйранан авторш а бевзар бу.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• **ЦIена йаздарехь болх бар.**

– Ритм ларйаран гимнастика.

НА – НА – НА – БIаьсте вайна схьакхаьчна,
РЕ – РЕ – РЕ – Хазлуш лаьтта хIинца аре,
УШ – УШ – УШ – Самукъдолуш бIаьсте гуш,
ДУ – ДУ – ДУ – Дика деша лууш ду.

• **Актуализаци.**

– Хьехархочун дош.

Бераш, вайна хаьа туьйранаш йаздеш долчу адамех туьйранча олий. Тахана туьйранчаш бехаш болчу махка кхача дезаш ду вай.

Цхьана генарчу махкахь вехаш хилла ши ваша Вильгельм а, Якоб а Гримм. Дика дешарца а, исбаьхьа туьйранаш йаздарца а цIейаххана ши туьйранча ву и шиъ тахана а. Ткъа вай церан «Хударан кхаба» цIе йолу туьйра доьшур ду. «Кхаба» боху дош хезний шуна? Кхаба – иза кувшин йу. Туьйра дешча хуур ду вайна иза муьлха кхаба йу.

– Туьйра дешийтар

Туьйран йуьхь йоьшу хьехархочо.

Муьлхачу дешнашца долало вайн туьйра?

КхидIа туьйра дешархошка доьшуьйту, 3–5 могIа а боьшуьйтуш.

1. Йоккхачу стага хIунда дина йоIана совгIат? ХIун амал йолуш йу йоI?

2. ХIун тамашийна совгIат ду иза?

3. ЙоIан нанас хударан кхаба шен каракхаьчча хIун до?

4. ЙоI чуьра арайаьлча кхабех хIун хилира?

5. Схьа а лахий, дIадеша цунах лаьцна дакъа.

• СадаIаран минот.

Вехаш вара жима кIант, (хьалагIовтту)
КIентан дара жима гIант, (когаш тIе охьаховшу)
Ловзура и цицигца, (куьйгаш меттахдоху)
Арахь Iачу жIаьлица, (корта меттахбоккху)
КIанта дика доьшура, (корта схьалоцу)
Вайна иза воьлура. (вовшашна делало)

• Йешаран говзалла кхиор.

– Берашка, рогIалла а ларйойтуш, доьшуьйту туьйра. Ах дешначул тIаьхьа шайн-шайн дагахь доьшуьйту.

– Белхан тептарца болх бар.

• Дарсана жамI дар.

– Муьлха туьйра девзи вайна тахана?

– Коьрта турпалхой муьлш бара цуьнан?

– Туьйранан чаккхе дика хийтирий шуна? Аш муха хуьлуьйтур йара цуьнан чаккхе?

• Рефлекси.

ЧУЛАЦАМ

Демеев Іалавди. «Нохчийчоь» 4
Ахмадов Муса. «Жайна» 6
НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА
Дагардарш. Чехкааларш 10
ХІетал-металш 14
Кицанаш 16
«Бабин ЧІирдиг» (туьйра) 19
«Зуьно дина хІилла» (туьйра) 21
Газа-гуьзалгаш (туьйра) 24
Самукъане агІонаш. Бераша олу 27
САН ДАЙМЕХКАН КОЬРТА ГІАЛА
Макалов Шамсудди. «Соьлжа-ГІала 29
Хасаров ШаІрани. «Стигала-гІала» 32
Яшуркаев Султан. «Светофор» 35
ДАШО ГУЬЙРЕ
Макалов Шамсудди. «Гуьйре» 37
Сейлмуханов Муса. «Деса Іалам» 41
Тапалаева Амнат. «Малонча» 44
Батаева Хеда. «Гуьйре» 46
Абубакарова ПетІамат. «Дешнех ловзар» 49
ДЕША ЖУРНАЛ «СТЕЛАІАД»!
Макалов Шамсудди. «СтелаІад» 51
Толстой Лев. ХІорда чуьра хи стенга доьду 53
Юсупов Іазим. «Дита хьоза» 55
Самукъане агІонаш. Бераша олу 58
САН ДОЬЗАЛАН ЙОВХО
Сулейманов Ахьмад. «Нана» 61
Ахмадов Муса. «Доьзал» 63
Гайсултанов Іумар. «БІоба эккхор» 66
Демеев Іалавди. «Дадин зезаг» 68
Шамилов Сахьаб. «Жима цІа» 71
Махмаев Жамалди. «Деза денош» 73
Гацаев СаьІид. «Жимачу кІентан ойланаш» 76
НИЙСА А, ТІЕДЕЪНА А МАЬІНА
Нийса а, тІедеъна а маьІна 79
МАРША ДА ХЬО, КЕРЛА ШО!
Ахмадов Муса. «Керла шо» 81
Тапалаева Амнат. «Керла шо кхана хир ду» 83
ІА 85

Хатуев Іабдул-Хьамид. «Керла ло» 85
Гадаев Мохьмад-Салахь. «Жимачу кІентан илли» 87
Сейлмуханов Муса. «Хьоза» 90
Яралев Юсуп. «КІайн Іахар» 91
Самукъане агІонаш. Мамакаев Эдуард. «Гуди» 93
ВАХА ІАМА
Аболханов Хьаким. «Ваха Іама» 95
Махмаев Жамалди. «Дика лар» 98
Хатуев Іабдул-Хьамид. «Теша» 100
Ахмадов Муса. «Дада волчохь, йуьртахь» 102
Яралев Юсуп. «Марха къобалдойла» 105
ВАЙН КЕГИЙ ДОТТАГІИЙ
Демеев Іалавди. «ГІаз» 108
Хасаров ШаІрани. «Жима кхор» 111
Хасаев Хьамзат. «Лийчар» 113
Сакаева Мадина. «Кертахь лелаш нІаьна йу…» 114
БІАЬСТЕ ЙОГІУ, БІАЬСТЕ ЙОГІУ!
Сатуев Хьусайн. «БІаьсте йогІу» 116
Демеев Іалавди. «Сан совгІат» 118
Цугаев Салман. «Со мамел хьалха» 120
Макалов Шамсудди. «Сийна бІаьсте» 122
Ахмадов Муса. БІаьстенан гІовгІа» 124
Сейлмуханов Муса. Кхечи бІаьсте 127
Талхадов Хьамзат. «БІаьсте» 129
Арсанукаев Шайхи. ХІетал-металш 131
ДАЙМОХК
Ахмадов Муса. «Даймохк» 133
Бексултанов Муса. «Даймохк» 135
Абубакарова ПетІамат. «Соьлжа-ГІала» 137
Окуев Шима. «Даймохк» 139
Батаева Хеда. «КІиранан ворхІ де» 141
Анзорова Балкан. «Турпала Ханпаша» 143
АЬХКЕ
Макалов Шамсудди. «Аьхке» 146
Магомаева Марем. «БаІ» 148
Макалов Шамсудди. «Къоршкъари» 151
КХЕЧУ КЪАЬМНИЙН ЛИТЕРАТУРА
Толстой Лев. «Воккха стаггий, хинаний» 153
Гримм вежарий. «Хударан кхаба» 155

Учебно-методическое издане

Халикова Мадина Хусейновна,
Езидова Меди Ибрагимовна

УРОКИ ЧЕЧЕНСКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ ВО 2 КЛАССЕ

Методическое руководство к учебнику
«Чеченская литература. 2 класс»

На чеченском языке

Для общеобразовательных учреждений Чеченской Республики

Редактор Т.И. Бураева
Технический редактор С.В. Дзагаева
Дизайнер-верстальщик М.С. Астомирова
Корректор А.Т. Бицалова
Дизайн обложки – З.В. Халиев

9 785431 405440

Подписано в печать 14.02.2023. Формат 70x90 $^{1}/_{16}$.
Гарнитура Times New Roman. Усл. печ. л. 9,30.
Тираж экз. Заказ № .

АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»
364000, ЧР, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35